ХАЛИЛА ДӘЎЛЕТНАЗАРОВ

# Әлўидағ муҳаббат, әлўидағ!..

*Насрый поэма*

*

# Олар муҳаббат жасында

*Насрый қосықлар*

*

# Егер, еслей алсаң мени еслеп жүр?!

*Намалы 40 қосық*

НӨКИС
«АРАЛ» ЖУРНАЛЫ
1993

*Сиз, шайыр Халила Дәўлетназаровтың «Хош қал, жаслығым» атлы соңғы китабы менен бәлким таныссыз, бәлким оны ушыратпаған болыўыңыз да мүмкин. Бундай деп отырғанымыздың себеби қәлем ийесиниң қолыңыздағы нәўбеттеги топламы «Әлўидағ муҳаббат, әлўидағ» қа оның белгили бөлеклери бираз ықшамланып енгизилди.*

*Соңғы ўақытлары сөз шебериниң қәлемине тийисли дөретпелердиң ишинде насрый қосықлары да әдеўир баршылық. Қарақалпақ әдебиятында бул нурлы сезимлер төселген жолдан туңғыш мәртебе жүрилмекте, усы китап авторы поэзия менен прозаның қосылып есилисиўин, гөззал туйғылардың қара сөзде жилўаланыўларын, сөз ойынларын көрсетпекши болған. Ҳәм өз нийетине бираз ерискен де. Әзиз оқыўшы, бунның қандайлығын өз кейил тәрезиңизде өлшеп, сынап-минеп көре берерсиз.*

*Бизиң негизги нийетимиз китапқа жәмленген шығармаларға азы-кем шолыў жасап, сизди хабардар етип қойыў. Оның дәслепки бөлеги «Әлўидағ муҳаббат, әлўидағ» деп аталған насрый поэмадан, ортаңғы бөлими болса «Олар муҳаббат жасында» атамасындағы насрый қосықлардан, ең соңғы «Егер, еслей алсаң мени еслеп жүр» бөлеги бүгинги қосықшылық сахнасында атқарылып жүрген нама қосықларынан ибарат.*

*Китаптың атынан мәлим болып турғанындай-ақ ҳәм ески, ҳәм жаңа, хеш гөнерийди билмейтуғын, картайыўды сезинбейтуғын муҳаббат темасы—ең баслы бағдар, тийкарғы аркай болып табылады.*

*Топлам автордың өз есабынан шығарылып отыр.*

*Редактор.*



# ӘЛӮЙИДАГ МУҲАББАТ, ӘЛӮЙИДАГ

Ассалаўма әлейкум, Заманлас! Бәлким, жасы үлкен, бәлким, жасы киши шығарсыз? Бәлким, мен киби, жаслығы тәрк етип баратырған көңили қынжылыўлы қатар-қурбым шығарсыз? Әўел-ҳа, аман-есенлик сорасып, алайық, бирәдар!

Мәгар, сизиң өмир қуяшыңыз енди ғана арқан бойы көтерилгенди? Мәгар, кешмиш дүньяңыздың тас төбесинде лаплап турғанды? Мәгар, ҳәзир шаңқай түс? Бирақ, усы қызғынлық ҳалатта, усы нурлы пасылда мудамы жасап қалыўды қәлесем де, арзы-ҳалыма, еткен дадыма қулақ аспас қатты қол тәбияттың, паянсыз ўақыттың алдында шарасыз бендемен. Мине, енди, ығбал қуяшым өмирим аспанының ең бир бәлентине барып жетти. Мине, ендигиден былай оның төменге қулдыйлаўы басланар. Көңилимди қыйнап, жанымды жеп, дәрдесерликке салатуғын азаплы ҳазары басланар. Енди тәшўиш, енди алағадашылық, енди асығыў, енди қыймаслық... Енди...

Бийтаныс достым! Көптен берли сизге мүрәжәт етип, өзиңиз бенен сәўбетлесиў, ақтарылып отырып бир сырласыў нийетим бар еди. Көптен берли... Тап, жас өспиримлик шағларымнан, жигитлик ҳәсерим оянып, туңғыш муҳаббаттан бийнесип қалған сол ҳиж-

ранлы күнлерден берли. Не-не айлар-жыллар, не-не заманлардан берли... Бүгин, сиз бенен ақ қағаз жүзинде дийдар көрисип, тил қатысып, сырласып-муңласып, арзыў ҳәм әрман, шадлық ҳәм налыш, үмит ҳәм өкиниш талай мәрте шыжбайлаған өтмиш дәптеримди бирге парақлаўдың утыры келгендей. Талай мәрте бул дәптердиң бираз бетлерин жыртып алып, отларға жағып жибериўге оқталдым. Бар шеберлигимди салып сулыў-сулыў сөзлер менен оған тек шадлықтан, тек қуўаныштан басқа ҳеш нәрсени жазбайын дедим. Бул дәптерге жөнли-жөнсиз дақ түсире бермей абайлап-қәстерлеп сақлайын дедим... Әттең, ол айтқанларым болмады. Оған не жазылып, не қойылмады? Тәғдир оны не ҳалға, не жолға салмады? Жақсы-жақсы сөзлер жазылыўынан үмидиўар ығбалымның аппақ-аппақ қағазларына не қыйлы кескинсизлерди гириптар етпеди? Мен бирақ, бул өтмиш дәптеримниң бирде-бир бетин жырта алмаспан, жерге көмип, суўға батырып, отқа да жаға алмаспан!

Әзиз оқыўшым! Маған таныс, маған бийтаныс қыз-жигит! Жайнаған гүллер, серхош бүлбиллер бостаны—жаслық-муҳаббат мәўсиминде оның қәдир-қымбатын билип-билмей, сүйип-сүймей, жанып-жанбай жасап өткен биз бенен тәғдирлес, биз бенен пикирлес бирәдар! Бизлер бир-биримизди жүдә жақсы түсинисетуғын шығармыз деген ойдаман. Себеби, таң шуғлалы балалық, әжайып жаслық бәршемизге теңдей ортақ. Оның сүйинишлери де, күйинишлери де бәршемизге теңдей таныс, бәршемиздиң де өмир жолларымызда мисли тасқа ойылғандай сайрам-сайрам из қалдырған. Сезимлеринди езип, сезимлеринди нур-

ландырып туратуғын өткен күн елеслери жүрегимизге сондай рәҳәтли, сондай толқыўлы тебиренислер алып келеди. Инсан өмиринде бундай ләззет бағыш демлер жүдә жийи ушыраса бермес. Ушырасқан менен де өткен күн елеслериндей жағымлы болалмас. Мәйли, оны қандай қыйын-қысылшанда бастан кешсең де, сол мөўритлериңди аңсап-күсейтуғын пайытларың аз емес. Қем-кем ертеклерге мегзеп баратырған балалық, жаслық аталмыш әжеп пасыллардан кем-кем жырақласқан сайын оған деген сағыныштың үдей түсер, жүрегиң зарыға түсер.

Әлбетте, сиз ҳәм көкиреги алып-ушқан жигит болғансыз, жипек шашы желкилдеген, қустай сетемшил, кийиктей үркек нәзер қыз болғансыз. Балалықтың ай сәўлесиндей аппақ сезимлериң—мәгар болса қоңысы қызға, мәгар аўыллас, мәгар, бир мектеп—бир класста оқыған қуралай көзге бәнт, сол көзлердиң илаҳийда нурлары менен нағысланғанды? Сол қыпша бел қушағыңызға енбесе де көңилиңиз тахтына туңғыш шыққанды? Сол сүйриктей нәўше қыздың гүлдек жүзлеринен батылыңыз барып поса да алалмағансыз. Поса, поса ғой... Тутамыңызға шап-шақ, сол нәзик билеклерден ең болмаса бир рет тутып та көрмегенсиз. Ең болмаса бир гене рет-аў, бир гене рет!?

Усындай ҳал өз басыңнан өткеннен кейин басқаларды да өз кебиңде көретуғындайсаң. Соның ушын көңилим парақларын бир-бир жазып, сыр шертисер сырлас, дәртлесер дәртлес излеп жан дүньяма дүбир салып жүрген әрманлы сөзлеримди төгип салайын деп атырғаным ғой. Усындайда әсиресе, гәпиңе қулақ қойып дәртлериңди азмаз да болса бөлисип,

аўырыңды жеңиллестиргендей өзиңиздей бир яран табыла қойғанда ма? Ол да сөз өтмишин, ийесиз қалған ата-журтын, алыс-алыслардағы көптен из түспеген шадлы--шаўқымлы ески гүзар жолларда бирге жуўырып-жеткен досыў-бирәдарларын еслеп, маған қосылып әрман ҳәм өкиниш пенен бас шайқағанда ма?.. Қәйтсе де, «туңғыш», «әрман», «өкиниш», «муҳаббат»—деген усы әжайып сөзлер, ушығаның қыйқымындай усы ағла сезимлер сол дәўирлерден берли жүрекханаңызға уялаған. Олар алтын қуслар киби көңил деген жыпжыллы, көңил деген аңсақ-еңсақ усы жайдағы усы турғырды талай рет тәрк әйлеп, талай рет қайта айланып қонған. Талай, талай, талай рет!..

Не гәп-сөз айтсам да айланып келип усы сезим соқпақларына түсип, сол өтмиш босағасына барып тирелемен. Көңил сәдеплерин жаздырып жиберетуғын ҳәм муңлы, ҳәм ләззетли өткен күнлер ҳаққындағы бул әжайып елеслер мениң ой-қыялымнан бес-алты ямаса он-он бес мәртебе емес, бир нешше жүз мәртебе өткен, әл-ҳасыл сезимим липасларын сан мәртебе сөткен шығар. Көңилим сол шағларды жойтып қулазып, тилим сол қәдирдан исмлерди сан мың тәкирарлаған, жүрегим оларды бар ҳаўазы менен жар салып шақырып, көзлеримниң шарасы талай мәрте көз жасқа лип-лип толған.

Аўа, сондай... Аманлық-есенлик сорасыўым бираз созылыңқырап кеткен болса бизди әпиў еткейсиз. Қалай да, азмаз болса да бир-биримизди таныып, бир-биримиздиң көңил әндийшелеримизди аңлаған шығармыз? Бул сиз бенен сәўбетлесиўимиздиң қызықлы өтиўине

баслама салған болса тәәжип емес. Енди, сизге бир мирәтим бар. Қуни мененги шубалған сөзлеримниң тобықтай түйини—сол, узақ-узақларда қалған балалық, жас өспиримлик шағларыма, «Қыйсық терек» деген кишкене бир аўылға өзиңизди ертип кетиў нийетиндемен.

* * *

...Нөкис — Шымбай гүзарының «Халқабад» қа кире беристеги бәндиргисинен түсип қублашығысқа қарай баслайтуғын буратылып жатқан орпаң топырақлы жол «Тентек жап»ты кесип өтип, бизиң кишкене «Қыйсық терек» ке қарай рәўана болады. «Тентек»... Ерте-ертеде қәсийетли «Ийшан қала» жеринде жасап өткен уллы улама лебизи менен усы атқа миясар болған бул арна расында да көп заманлардың көзин көрген, көп тарийхый ўақыялардың гүўасы, көп тентекшилик те еткен. Елин-жерин суўландырып-нурландырып, шады-қоррамлыққа бөлеўши бундай халық перзентиниң азы-кем жөнсизлиги де кеширимли, тентекшилиги де жарасар екен.

Эҳ, «Тентек!» «Тентек!».. Сеннен қанша суўлар аққан? Сеннен қанша умит ҳәм әрманлар аққан? Сеннен суў емес, нур аққан, өмир аққан. Қаншадан-қанша ул-қызлардың шоқ балалығын, шалқыған ғошшақлығын, ҳаса таянтқан ғаррылығын көргенсиз. Мен де көзимди ашып, есимди билгели өзиңди— меҳирбан Анажанымдай, ғамхор Әкежанымдай таныдым. Бирге туўылып, бирге ойнап-өскен қәдирдан достымдай ҳәм аҳыўзар еткен яр киби таныдым. Ҳеш айнымас, ҳеш умытпас,

журек ықырарын ҳеш бузбас дәрежеде таныдым, таныдым, таныдым...

Қыяметлик дос болғайлы деп қол берискен айырым бирәдарлар менен дослығымыз узағына бармады. Опадарлыққа сөз байласқан қызлар менен ўәдемиз шаймаланды. Жыпжыллы үйимнен, тып-тыныш уядай аўылымнан ертип алып кетип ҳеш тәрк етпесбиз дескен әрманлар да жары жолға жеткенде жолын бизден бурыў салған. Аўа, сондай сондай, сондай болған.

Бир-биреўге садық болып қалған тек те бизлер екенбиз ғой, талай қайтып, талай тасыған, талай мәрте шадлықтан ҳаллас урып, талай мәрте муңларға батқан «Тентек жабым!» Бир-биримизди ойлап, жанымыз ашыйтуғын тек те бизлер екенбиз ғой киндик қаным тамған көзлериме сүрме Ана топырағым! Мына далаларда, мына жағаларда из-түссиз жойтылып кеткен өткен күнлерим... бир-биринен ўаз кешпеген, бирин-бири мудамы ойлап жүретуғын, бирин-бири қыймайтуғын тек бизлер екенбиз ғой. Бизлер, бизлер, бизлер екенбиз ғой!

Шөллеп киятырып, жуўырып-желип киятырып сеннен неше рет мийиримди қандырып, неше рет сүңгип, музыңда неше рет сырғанақ тептим. Ядымда жоқ, санап билмедим... Бирақ, балалығымды еслер екенмен, сениң бирде жасыл дөнген, бирде жупыны, мың сан көринистеги сүўретлериң қыялымда қайттан әлўан нусқаларда басыла баслайды.

Мен сеннен неше рет кесип өткенимди билмеймен, «Тентек жап!». Тек, жасқаңа жетиўден бурқасынлаған ылай суўыңнан саңурыс-

лап ишиўге де қәнәәт етпей, көкирегимди көксине қойып жатағалып, шып-шып терге түсип иштетуғынымды билемен. Күни бойы ишиңнен шықпай балыққа айланып кете жазлағанымды билемен. Көп нәрселерди, көп ҳәдийселерди алақуйынлы ўақыт шаңғыты әллеқашан көмип кетсе де, мен бирақ сени, сени, сени билемен.

Аўа, өзиңниң толып-тасыўлы, көкирегин шадлық кернеген балалығымыз өткен қайта тәкирарланбас сол узақта қалған жылларда сеннен нур ағар еди, гәўҳар-дүр ағар еди, қаншадан-қанша кеўиллерге қуўаныш болып қуйылған йошлы жыр ағар еди. Өткен күнлериң, өкинишли күнлериң, көзлери жаслы мөлдиреп баққан күнлериң ядқа түскенде жүрип баратырған жолыңды, айтып атырған сөзиңди, ҳәтте өзиңди де умытар екенсең. Пытыраңқы пикирлериңди бир жерге жәмлей алмай, бирин айтып-бирине кетип ҳәр шөптиң басын бир шалар екенсең. Айтып тынбағаншелли, төгип салмағаншелли, босатып алмағаншелли—тақат таппас бийқарар көңил тәбиятиңе бағар екенсең.

...Бәҳәр келиўден аўылымыздың жап-салмалары лип-лип толып, елимизге шадлық-қуўаныш бағышлар, жеримизге қут дарытар еди. Бизиң «Тентек жабымыз» өзинен бизиң ырысқы-несийбемизди, бизиң бахтымызды алып келер еди. Келиншеклер ҳәмледарлық пайытында саз кесекке жериген. Соңлықтан шығар, перзентлери туўылған жерине бүйири бурып өскен. Балалығы аўылда өткен ким, кеўип қақ-қақ жарылған салма ултанындағы саз кесеклерден аўыз тиймеген екен? Ал, ҳәзир сондай қып-қызыл саз қалды ма? Ал, ҳәзир

жер бауырлап жата қалып мийириң қанғанша ишетуғын ылайтып аққан мазалы суў қалды ма? Есигиңниң алдындағы қыйтақларға ашқан суўда қалашлары көринип жүзип келетуғын балық қалды ма? Дүздеги аңлардың, қалың қар жауғанда адамларды сүйениш көрген қоян-қырғауыллардың, аяп-мүсиркеўшиликшилик күткен кийиклердиң үйиңе, қора-қопсыларыңа шекем кирип, түнеп кететуғынын айтып бүгинги күни кимди, қайсы баланды инандырыўың мүмкин? Сонда, усы адамлар, қандай қыйыншылықта да есабын табыўға үйренген усы инсан перзентлери оларға ғамхорлық ете алды ма? Олардың исениминен шықты ма? Билмедим!

Бул саўдаларды—жақсылыққа да, жаманлыққа да шебер тәбияттан көрейик пе? Бурынғыдай кеңарына сыймай ағатуғын мол суўы көзлерден бир-бир ушқан дәрьядан көрейик пе? Үлкенли-кишили, ҳәмме-ҳәммени ҳайранлықта қалдырып, нешше әсирлер бойы сырлас-муңлас жағаларын таслап баратырған Теңизден көрейик пе? Гунәкар ким? Қутқарыўшы ким? Оларға—кекселик жеңген, басына мүшкилли ис түскенлердиң арзы-ҳалын сорайтуғын, көңил күйин сезинетуғын, жүрек-бауыры езилетуғын ким? Ким, ким, ким?!

Жол... Адамды-адамға, әрманды-әрманға, көзлерди-көзлерге ушырастыратуғын, қолларды-қолларға қаўыштыратуғын жол. Мен туўылып, әтирапқа нәзер салып, үйимнен, аўылымнан былай-былай шыққаннан баслап бәрҳәма бирге барып, бирге қайтып, ҳәмийше өзине шарлап туратуғын жол. Бул жол—мисли толассыз ағыўдан танбайтуғын, суўы қат-

[illegible] салага мегзес. Усы сала арқалы бизиң [illegible] кемелеримиз ашық теңизге [illegible], кең айдынларға барып тутып [illegible] дәрьяға түскен. Бизиң «Қыйсық терек» деп аталған көп ғана жигитлерге, узатылған көп ғана қызларға усы жол көзге жас алып, қол былғап хош айтысып қалған. Олардың биразы бунда қайтыўды умытты. Үмитли созылған жолдың, көзлерге айланып баққан аўылдың барын умытты. Тәғдир бираз перзентлерди изге қайтарыўды рәўа көрмеген. Тәғдир олардың ескеклерин сындырып жиберген, минген кемелерин туңғыйыққа батырып жиберген. Тәғдир мениң қарыйлай ядкеш дасқал өскен иним Сапарбайжанымды, бизди бар еткен Әкежанымды өзи талай рет саз даўысқа салып оқыған аўыр ырғақлы ҳәм жубаныш бағышлаўшы қуръан қирааты астында усы жол арқалы аяқларын жер илдирмей ағаш атқа мингизип алып кеткен. Аўа, аўа, аўа... Сөйткен, сөйткен, сөйткен...

Бизиң аўылдың иргесинен басланған усы жол «Халқабад» қа барып, «Халқабад» тан басланған жол бизиң «Қыйсық терек» ке келип таўсылатуғындай. Мениң бала кеўлиме сонда усы еки аралықтан басқа дунья жоқтай сезилер еди. Мисли мениң буннан кеткели берли турмыстың қыйлы-қыйлы, ойлы-бәлентли, ийрек-ийрек соқпақларынан жүрип өткеним сыяқлы, балалық шағларымдағы сол патегис жол да ҳәр жайға бир дөнди. Қанша ырашлар жығылып, қанша ағашлар кесилди. Қанша қарабарақлар, жыңғыллар шабылып, тек түбирлери қалған бағлардың орны егисликлерге айланды. Орнын талай алмастырса да аўылымызды басқа аўыллар менен тутас-

тырыўшы бул жолдан неше рет қатнағанымды билмеймен. Аяқларым шегелең топырағында неше рет күйип, қыраўлы қысында неше рет суўыққа қатып, неше рет тикен кирип ҳәккелек атқанымды билмеймен. Тек, тұңғыш мәрте апамның арқасында, ағамның «Торы көк» атына мингесип, әжапаларымның жетегинде бул шеги жоқтай болып сезилетуғын узақ жолды өткенимди билемен. Бизиң аўылдың иргесинен басланған жол «Халқабад» қа барып, «Халқабад» тан басланған жол бизиң «Қыйсық терек» ке келип таўсылатуғынын билемен.

Биз бирге сапар шеккен усы кишкене аўыл —мениң ушын Ўатанымның алтын дәрўазасы. Усы айқара ашылған дәрўазадан ишкери ендим, кең пайтақ Ўатан бойлап жүрис еттим. Халқым менен, жүреклер менен, әрманлар менен дийдар көристим...

Әзиз бирәдар! Биресе «Тентек жап», биресе жол, биресе «Қыйсық терек» ҳаққында сөз қозғап мирәт етилген мәнзилге сәл егленинкиреп атырмыз. Себеби, олар жөнинде азмаз да болса сөз етпесем көңилим кеншимес. Әсиресе, усы Аспан астында, усы Қуяш, усы Ай, усы жулдызлары ортақ дүнья менен уласып кеткен, өзин бизлер ушын төсеген, жуўырыпжортып, асығыў кереклигин уқтырған усы жол мени жақсылық ҳәм жаманлық пенен, ҳүждан ҳәм ар-намыс пенен дусластырған, мениң кеширип атырған күнлеримниң мәнисмағанасына айланған қосықлар менен, үлкен өмир менен байланыстырған усы қәсийетли, усы жанажан жолды тилге алмаў, гүллий гүнәдур.

...«Үбби көпир» деп түсип түслик-шығысқа

қарай жүрисин даўам еткен гүзар жол тек сүлдери қалған «Ханжығалы» жапты кесип өтип, түйедей шөккен қарабарақларды, кебирликлерди, көгис дөнген жантақлы ақ бозлақ жерлерди, нурланған қызыл жыңғыллықларды изде қалдырып «Қыйсық терек» аўылына нәзер алған жолаўшыға ҳәмдам болады.

Көз ушында думанланып көринген шоқ тереклик, аўылға киреберисте келгенлерди күтип алып туратуғын нәрўан ағашлар Пирлеш дайымның қолынан шулликлеп шаншылған. Усы дөгеректи билетуғын, мәйли үлкен, мәйли киши болсын тили кәлима шәҳәдетке келетуғын ҳәр бир адам Ҳәким мақсымның гөне тамына жақынлаўдан-ақ ең болмаса «Биссмилло» ны тилинен коймай жол торып турған жин-жыпырларды өзине жантастырмаўға, қорқыныпшлы тым-тырыслық ҳүкимдар бул кең далалықтан тезирек өтип кетиў ушын көлиги бары қына басыңқырап, жаяўлары қәдемлерин жийнлетеди. Күн батып, геўгим түсипкеткеннен кейин жекке-жарым адамлар болмаса көпшилиги «Пирлеш кебир» ден жүргеннен көре айланшықлаў болса да «Қуйын аўыл» дың үстинен өткенди мақулырақ көреди. Азмаз нәрсеге желөкпе, көзлерине түймедей нәрсе түйедей болып көринетуғын биз балалардың бундайда гәп ететуғын жеримиз жоқ. Ҳәрдайым жолымыз усы жерден түсер екен, жанымыз бир уўыс болып, падасынан адасып қалған жанлық ушырасса да зәрремиз қалмас.

Адамлардың айтыўынша бул дөгереклерди Пирлеш порқанның байлаўдағы перилери шарлап жүретуғын қусайды. Аўыл-ел шырт

уйқыға кеткен шамада усы айланада жанған от, қандай да көтерилип-басылған қарлығыңқы даўыслар пайда болар екен, бул демек дайымыздың нәўбеттеги «атланысынан» дәрек береди.

Бизлер есимизди билгели берли Пирлеш дайымның үйинен келип-кетиўшилер арылған емес. Ҳәтте, айлап-жыллап есигинде жүриўшилер табылады. «Қундақлап» әкелинген жапсақлы бийшараларды усы жерде өз аяғынан жүрип қалай да жабысқан әрўақлардан арылып өз аўылы, өз ошақ басына қуўана-қуўана қайтқанын, усы шаңарақтың қыяметлик баласына, қызына, досы-бирәдарына айланғанын талай көргенбиз, талай еситкенбиз.

Пирлеш порқанның исми-жөни, иси-ҳәрекетлери туўралы аңызға мегзес гәп-сөзлер аз емес. Әрўақлары күш бермей көтерилгенде ҳеш кимди көзге илмес, өзине тайталас айқасқандай адам излеп ыңыраныл-гүнкренип, жараған түйедей аўзынан көбик шашар еди. Қандай да бир лепирген ғайры тәбийий қудиретли күштен туўысына сыймас. От жағып, үймар қалап, ғыжлаған қып-қызыл шоқтың үстинде жалаң аяқланып ойын қурар. Отта балқып турған кенкирди жалағанда ўажж-ўажж етип пуў көтерилип, көңилинде әжептәўир сезимлерди пайда етер. Оның ҳәмсәўбет пери қызлары менен бирге «Узын салма» ның аржақ-бержағындағы суўы қашқан ажырықлы жылғалардың ишинде кеса берип, кеса алысып отырған қызықлы зыяпатларының үстинен шығып қалғанлар да болған.

* * *

Аўылымыз сол жыллары бундай қорениш

емес еди. Гөне тамлықлар бундай көп емес еди, қойы қоралас, қослары шийлес, бир-бирине сыбайлас қонған үйлер бундай сийрек емес еди. Таң атқаннан, аўыр жатарға шекем тынып-тынбымас шаўқымшыл балалардай шарқ урған қуслар, бири басласа екиншиси хошлап жарыспаққа үрген ийтлер, кимниңдур қыйқыўлаған даўысы, кимниңдур әтирапты басына көтерип салдыртқан қосығы, қойлардың жамырасып, жылқылардың оқыраныўлары бәри-бәри сондай сән-сәлтанатлы, сондай заўықлы, сондай жарасықлы еди.

Әкем жигит болған, анам келин болып еңкейип түскен ел... Өмирлик қостар болып, шаңарақ көтерип, перзент сүйген жер... Мен де олар киби рәҳәтинен көре азап-уқыбети басымырақ мына дүньяда, көзлериме сүрме мына дәргайда ең бахытлы, ең жақсы күнлеримди өткергенмен. Ең бийғам, ең шадлы, ҳеш тәкирарланбас, қайта дийдар көриспес күнлеримди... Көкирегимде тұңғыш рет ныш урған сүйрик сезимлер, тұңғыш әрман, тұңғыш муҳаббат, тұңғыш ҳижран ҳәм ашшы көз жаслар менен ушырасқанман бунда. Ең жақын қәдирданларымнан айра түсип, сағыныш дегенниң де, қайғы дегенниң де, езилиў дегенниң де не екенин усы жерде-ақ билгенмен. Ең дәслеп усы, усы, усы жерде...

Бағана сымларында бири ушып, бири қонып қус базарын қурып жуғырласқан қуслар да, аўылдың ана шетинен, мына шетине шекем «салтанатлы» түрде шығарып салатуғын ийтлер де, қуслардан да шаўқымшыл баллар да қайларғадур зым-ғайып болғандай, биреўлери қурып, биреўлери гөкек берместен жасырынбақ ойынына шынты менен берилип,

кеткендей, ойынлары ҳақыйқатлыққа айналып кеткендей. Аўылымыздың тең жарпысы, тең жарпысы емес көз-қулақ болып турсын, ийесиз қалмасын деп қалдырылғандай ҳәр жер, ҳәр жерде оқшаўланған үйлерден басқа бәри-бәри тутасы менен көшип кеткендей.

Өзимди аппақ хожаның ақлығы етип, өзгелерди жаманатлы етиў нийетинен пүткиллей аўлақпан. Бул мәселеде кисиге нәсийҳат оқып, ақыллы адамның сөзин айтыўға биз де аўылда көп турақламай дуз-несипти басқа жақлардан шөпшеп кеткенбиз. Бир емес, еки емес, маған қусаған нешше мыңлаған, жүреклери алып-ушқан жас өспиримлер кимиси қалаға, кимиси далаға дегендей, биреўлери көз аштырмас аўыр мийнеттен қашқалақлап туўылып-өскен жерлерин тәрк әйлеген. Мен де, ата-анам сонша арзыў-әрманлар менен тиклеген, өзимиз ушын хан сарайынан кем емес ҳаўалы жайды ҳәм нешше жыллар даўамында кәмалға келтирген нурланған бағды қараўсыз қалдырып, олардың үмитлерин пушқа шығарыппан.

Үйимиздиң әтирапындағы ағашлықтың қалыңлығы сонша бала гезимде талай адасып, әжапаларымның талай излеў салғаны бери келе ошақ басында гейде-гейде сөз болар еди. Арқа тәрепимиз «Қыйсық терек жап» тың бойын жағалай «Майда жийде», күн батысымыз «Майда тал». Усы шоқ-шоқ болып узақтан думанланып көзге түсетуғын нәрўан дарақлар шүлликлеп шаншылып, бой тиклей баслаған ўақытта усылай ат алған. Қоңсықобалар ҳәр жылы қыс ортасында отын көмек салыўдың тәтәрригинде болып-өтип атырғанда бизлер өзимиздиң «тоғайымыздан» қәле-

ғенимизше ағаш жарғылап, ҳәтте, қолы қысқарақ ағайинлерге отын мәселесинде қол жаўғандай да ҳалымыз бар еди.

Енди болса сол қалың, сол ҳеш таўсылмайтуғындай ағашлардың ортасындағы адамлары ҳеш қайсысы ҳеш жаққа кетпейтуғындай, ҳеш дағыспайтуғындай усы үйдиң орнында жарты жағы қулаған диййаллар, ағашлардың орнында жер менен тең болып жатқан гөне түбирлер... Бул аўҳал тек мениң басымдағы саўда емес, бундай қулаған гөне тамлыққа айланған жайлар, ийесиз журт аўылда әдеўир баршылық. Усындай жупынылық, усындай көңилсизликтен жаның қулазып сала береди. Ҳеш ой, ҳеш қыялдың басына бас жип тағалмай ҳайранлықта қаласаң. Халқы аш-әптадалыққа түссе де тек өз қазнасын, өз қулқынын толтырыўдан басқаны ойламаған Жәнибек хандай әдалатсыз ҳүкимдардың бетин қайтарып қойғандай, астарлы сөзлери қорғасындай аўыр, қылыштай кескир, заманға сай Жийреншеше шешенниң шықпағанына налынасаң.

Қыялымда мисли жүз жыл, мисли мың жыл... Қыялыма күни кеше ғана өтип кеткен балалық-нәўшелик пасылы. Усы алтын пасыл —гүллер пасылы ортасында усы гүллердей жаңа ғумша жарған, гинәратсыз көзлеринде, тып-тынық жүзлеринде усы гүллердиң рәң-бәрең сәўлеси жилўаланған кишкене бир бала. Мәгар, бул рәң-бәрең нур аўыл тәбияты наятый шеберлик пенен қураған қурақларға мегзес—қызыл жыңғыллардың, көгис-жасыл дөнген боян жапырақларының, бет бақтырмайтуғын жулпыс қызлардай ақшыл-қызғыш шеңгел гүллериниң әлўан түсте қубылған сәўлеси.

«Қыйсық терек»тиң ғырра жағасындағы бир-бирине қосып салынған тутасып кеткен жай. Еки өжире, бир дигирманхана, узынына тасланған арғыттың дәл ортасынан тирепберди берилген нигирикли әйўан. Батыс жағымызда әке-шешемниң ең бир бахытлы, ең бир қызықлы жаслығының гүўасы, кейинирек бузаўханаға, қой қораға айланған гөне тамлық.

Әйўанға кирерберисте үлкен қазан ошақ, төбеде пәтик, там басына көбинесе усы жерге сүйсўли туратуғын зәңги арқалы шығылар. Бир қапталы астына шеңгел салып көмилген ылай сына. Бириниң ишинен бири шығатуғын өжирелерде өткермели бес қудықлы пеш. Аўызгы бөлмеге қурылған дөңгелек темир пеш қыстың күнлери сондай лаплап қызады, мен елеге шекем буншелли ыссы, буншелли кең—қолайлы жайды ҳеш жерде гезлестирген емеспен. Ҳеш, ҳеш, ҳеш жерде... Қаңылтыр пешке жалғастырылып салынған пәскелтек кесек пештеги шәўгим қазан тынымсыз лүпил қағып қайнап турады. Пештиң қуўысында қос көпшикти шығанақлап жамбасқа таслаған ақ көйлек, ақ дамбаллы шашы буўрыл тартқан әкемиз шып-шып терге түсип гүлли шәйнегинен гүлли кесасы менен шай қайтарар. Темир пештиң тап қарсы аўзында ҳәўири пәсеңлеген ошаққа кеспелтек ағашлардан қалап жиберип, әбден сақырлап қайнаған қара қуманды алыў ушын тутқышқа қол созған апамның жүзи әтөштандағы ғыжлаған ғоздың қызғыш нурынан ба, ҳәўиринен бе нарттай жанады. Ата-анамыздың орталығына алақшынға таманырақ жайылған мол-көл дәстурханның дөгерегинде бизлер—еки қыз апам, еки иним ҳәм еки қарындасым шуң-

килдесип отырып күндеги ырысқы-несийбемизди татысамыз.

Усы үй-жай, усы өжирелерде, әжапаларым бөпе болып бөленген усы бесикте өз гезегимде мен де тербетилгенмен. Усы шыпталардың, усы текиймет кийизлердиң үстинде дизелерим қыршылып мен де еңбеклегенмен. Үйдиң ишин қуўанышқа кенелтип тай-тай турып, ғаз-ғаз басып, тусаўым кесилип, балалық соқпақларының шаңын суўырып жуўырып-желгенмен. Тез жуўырғанымыз соншелли, бул әжеп жайлардан әллеқашан өтип кеткенимизди де, оның қара көримде қалып кеткенин де сезбеппиз.

Ҳәмме де бала болған ҳәмме де өз ата-анасының әширеписи болған. Қандай еркешилик етсе де өз үйи, өз ошақ басына сыйымлы болған. Инсан перзентлери түўе, ҳәтте қайсы бир аң, қайсы бир қус, қайсы бир жанлы мақлуқ, қайсы бир жәнликлерге шекем өз балларын, өз палапанларын аналық мийрим менен қызғыштай қорып, өз қәўимлериниң дәстүрлерине сай баўлып өсирер. Бир үй толы шаўқым, бир үй толы бахыт, бир үй толы бала болып кәмалға келген бизлердиң де өзимизге жараса тентекшилигимиз бар еди. Сәл нәрсеге тарысқан ул-қызларының ҳәр қайсысына бир арапшын болып күйгелекленген анамыз—демниң арасында райынан қайтып, жаймашуўақланар. Әкемиз намаз оқыр, ол ҳәр отырып-турғанда ҳәр қайсысымыз ҳәр жағынан жабыла жармасып, түргелген ўақта арқасына, ийинлерине асылысып, шадлықтан ғәрқәллезий болып, жылқымыз таўға шыққандай. Ол бизлердиң орынсыз қылықларымызға аўырсынбас, балларын бийҳазар ғана

түсирип жиберип, сынын бузбастан намаз оқыўын даўам етер. Аўылда сол жыллары жемис-жийдек, ағарған дегениң ағыл-тегил болған менен шире қәҳәтирек. Бир жола үйде үкелерим менен өзли-өзим қалғанда аўзындағы баўын шеше алмай бир шекийне қантты салмадағы суўға басып жеймиз деп еритип жиберип, кеште апамның алдынан «қақ жоқ. қақ жоқ» лап шыққанымыз емис-емис ядымда. Кишкентай ўақтымызда есигимиздиң алдында шийи менен қурмалған қос болар еди. Қостың алдындағы қыйтақларға қудайдың мыңсан еки түрли дақылы егилер. Гүллеп, найшаға оңырған палаўқабақ, суўқабақлардың кең қулашын жайған пәлеклери дәслеп қосқа өрмелеп, соңынан, тамбасынға шекем минип кетер еди. Әкем бийшара ала бәҳәрден бел-кетпенин алып балаларына ертеден жамбылша-тәрнек жегизиў ушын топырағы урпадай майда шапақларға туқым таслайды. Жамбылшалардың түйineклери муштай-муштай болған мәҳәлде қарықларда жығылып-түргелип жүрип үзип алыўға күшимиз жетпей, биротала тамырынан жулып пәлеги менен сүйретип келетуғын пайытларымыз да болатуғын қусайды. Сонда үйдиң ишиндегилер ҳеш қабақ шытпас, сирәдә ишлей қынжылатуғын шығар-аў, бирақ бизиң көңилимиздиң қабарғанын қәлемес.

Эҳ, меҳрибан ата-анам-әй! Сизлер бетине жел болып тиймеген ул-қызларыңның көңили бузылған уядай талай мәрте ўайран болғанын билермекенсиз? Кеўилшек етип өсирген перзентлериңиздиң басқаларға жақсылық етемен деп өзлери жаманлыққа дуўшакерлесип, басқаларға жол беремен деп өзлери жол шетине шығып қалып талай рет ҳайран бол-

ғанын билермекенсиз? Сизлер сылап-сыйпап, аймалаған пешанамызға тәғдирдиң зәҳәр қатлы суп-суўық еринлери талай рет басылып, сизлер әлпешлеп-әширепилеп, урып-қақпасаңыз да өмир не-не қысыўметлерин көрсетип, ашшы-душшысын таттырғанын, көзлерди тындырып жибererлик талай шаппатларын жегенимизди билермекенсиз?

Ерте бәҳәрден гүз ортасына шекем қарлығашлар емин-еркин кирип-шығып, мақайрасып жасап өтетуғын үйимиз. Бизиң балалығымыз да өмирдиң алтын сымларына тек белгили бир мәўритке ғана қонып өткен екен. Қарлығашлар ҳәр жылы ушып келер, ал балалығымыз өзинин сол әжайып шағларына, сол қурқылтай уясындай жып-жыллы, жипек самаллар, шадлық нурлары аймалаўшы жәннет мәканына қайталмас.

Қарлығашлар қаўыз жарған қызыл шақа палапанлары ушын таң азаннан күн батқанға дейин күни бойы тынымсыз шарқ урып ушар. Ырысқы-несип шөпшеп, оларға аўызлары менен аўқат берер, суў уртлап тасыр. Темир қанат болыўдан көкке қанат қомлатар. Өзи бийик бағана басына қонып алып ушыўды үйренип жүрген палапанларына ҳәўес пенен, мақтаныш пенен қуўана-қуўана қарап отырар.

Бизиң аўылымыз, бизиң үйимиз өз перзентлерин де усы қарлығаш палапанларындай тәрбиялап өсирген. Усы қарлығашлардай ушыўға үйреткен. Туўылып-кәмалға келген жерин умытпай, басқа жайларда көп еглен-бей изге қайтыў кереклигин уқтырған. Мен де усы топырақта пәрўан болып өскен ўатан дарағының бир шақасындағы уяда жетилип,

дəслеп «Халқабад» аспанында, соңыра Қарақалпақстанымның көгилдир көгинде, кейин оннан да узағырақ мəнзиллерге қанат қақтым.

Кеттим-келдим... Келдим-кеттим... Ең болмаса усы қарлығашлардан өрнек алайын дедим. Усы қарлығашлар қурлым болалмасам өзимди-өзим ҳеш кеширмеспен дедим. Келдим, келдим, келдим... Аўылым, үйим, ата-анам, қатар-қурбыларым күтип алса да, балалығым, муҳаббат тымсалындағы сол нəўше қыз күтип алмады. Оны сол жойытқаннан қайтып таппадым. Онық менен сол айырылысқаннан, сол ғайбана хошласыўдан соң қайтып дийдар көриспедим. Кеттим, кеттим, кеттим... Бул сапары жырағырaққа, узағырақ мүддетке...

Аўылымыз бизлерди—өзиниң жыллы уясындағы палапанларын кең өмир аспанына ушырып жиберди. Оннан узақ-узақларға кетсек те ол изимизден ҳəм қəўетерли, ҳəм исенимли, ҳəм үмитли, жасаўраған мийрим толы көзлерин үзбей, əзиз ата-анамыз киби жаны төжбей гүзетип турар. Шарқ урып ушыўларымызға нəзер алмастан ҳəўес пенен, мақтаныш пенен, қуўана-қуўана қарап отырар...

Усы үй, усы көңилим босағасына талай шадлық, талай тəшўиш, талай əрманлар қəдем қойды, бул босағаны талай тəрк етти. Маған бəринен де бетер батқаны, пүп-пүтин шөректей бахтымыздың сан рет бөлингени—баўырман ажапəларымның, еркетай қарындасларымның узатылғаны. Бул босағадан—үйимиздиң сынған алтын пəршелери—соң ҳəр қайсысы бир шаңарақтың гүмис уўықларына айланған қаналас муңлыларымның жат журтлық болып кеткени. Өмир заңлылығы

болса да мениң жүрек-бауырым төрт рет пәршеленди, төрт рет үзилди, үзилди, үзилди... Жан дүньямда төрт мәрте өрт пайда болды. Көңил журтым төрт мәрте қулазып қалды. Ҳеш кимниң нәзерине түскиси келмей, көз жасым таўсылғанша төрт мәрте тойып-тойып жыладым. Тодасынан адасқан Аққуўларымның сыңсыўлары... Төрт, төрт, төрт... төрт рет!

Дүньядағы ең жақын қәдирданым, ең жақын достым—мени бар еткен, маған сезимталлықты, күйгелекликти, аршыллықты-намысшыллықты мийрас етип кеткен Әкем. Бир қурсақта жатысқан, бир емшектен емискен—Үкем... Оларды да усы босағадан қайтып келмейтуғын жаққа жиберип, қыймайтуғын жаққа қыйдық... Тәғдир мени даўыс шығарып турыўға дым-дым ерте мәжбүр етти. Он үшке шықпай атырып өзиме тетелес иним Сапарбайжанның басында, жигирма төртимде ағамның жаназасында қайғы-ҳәсирет ыйығында ийзелдим, усы аўыл, усы босаға да маған қосылып гүйзелди. Бизлердиң сонда жоқлаў айтыўдан, жылаўдан қолымыз босамады. Олардың мерекелерин пүткил аўыл-ел болып, бир атаның балларындай аўызбиршилик пенен тик турып атқарды. Сонда мен ҳәр кимниң де тек те қоңысы-қобалар менен адам екенин, бир-биреўге жүдә-жүдә керек екенин билдим. Марҳумынды тирилтип жиберетуғынын билдим!

Анамның сондағы инимниң табытына бойын таслап бозлаўы, өзин қанша қолға алайын дегени менен әкелик баўыры езилип, көзлеринен тамшылаған жас жүзин жуўып сақалының ушынан сорғалап, дел-сал болып көпшилик пенен ығысқан ағам, ҳәр қайсысы

ҳәр бурпта тек көзлерине күши жетип пырқылдасып жылап отырған әжапаларым, укелерим...

...Жаз күнлериниң биринде палапанларын ушыўға үйретип жүрген қарлығашлардың басына да усындай аўыр мүсийбет түсип еди. Бирақ, мен сонда әжел дегенниң буншелли жексурын, буншелли қорқынышлы екенин, жүрип өткен изин буншелли ўәс-ўәйран етип кетеди деп ойламас едим. Сол қарлығаш палапанына әжел сонда тарғыл пышық болып умтылып, бийшара анасы ескертип үлгермей-ақ қағып алды да кетти. Қарлығаш дегенлердиң сондағы өзлерин қәйерге қоярын билмей, қәйерге урарын билмей шыр-пыры шығып ушыўлары, уў-шуў болып жыласқанлары тап бизиң Сапарбайдан айрылып қалғанымыз бенен жүдә уқсас еди. Мен сонда, ата-анамның перзент ушын өзлерин отқа да, суўға да салыўға бар екенин, жигербентлери олардың баўыр етинен жаралатуғынын, мойын үйкелесип, шоқысып-қытықласып ойын қурған уялас палапанлардың бир-бирине буншелли баўырман болатуғынын билмес едим.

Уясы бузылған ҳәррелер ғаўў-ғаўў етисип неге онша дызылдасатуғынын, ушардан оқ жеген Ата ғаздың қанатлары сынғанда жол баслаўшысыз ғазлар тодасы көзлерине қанлы жас алып ғаңқылдасатуғынын билмедим. Алты асырымнан асқанда сәрьдарсыз қалған кәрўанның жары жолда тоқырап туратуғынын билмедим. Билмедим, билмедим, билмедим!..

«Ҳәй, балларым-әй! Бақыраўық түйениң бары жақсы» дейберетуғын еди ағам. Биз усы «бақыраўық түйемиз» бенен мәңги бирге

жасайтуғындай, уйимиздиң усы шадлы-шаўқымлы базары ҳеш тарқамайтуғындай көретуғынбыз. «Еле бизлерден-әм қутыларсыз, жол таппай тубалаған ўақтыңызда дурыс ақыл-кеңес берип, бағдар силтегендей адам таппай да турарсыз», деп налынар еди, гейде еткен балалық қыйқаңшылығымыз ушын тәмби берип болып.

Ҳәзир сол бақыраўық нарымыз қанша барқыраса да ҳеш, ҳеш кеўлиме алмас едим-аў, соннан берли жиберген қәтеликлерим ушын сол гене отлы шаппатларын жалынып-жалбарынып өзим-ақ сорап алар едим-аў. Расында да ағам оғада дурыс айтқан екен ғой. Бул сөзлер, бул саўдалар мениң менен тек бир, тек еки мәрте ғана жүз көрисип қойған жоқ. Оларға мәгар жүз, мәгар мың мәртебе ушырастым. Мәгар жүз, мәгар мың... Расында да жөнлирек мәсләҳәт бергендей, шағынғандай адам таппай үмитим көзлери жасаўрап ағамның сол әкелик пәндиў-нәсийҳатларын әрман менен, өкиниш пенен яд еткен пайытларым аз болмады. Әҳ, әзиз Әкежанымәй... Егер гәптиң ҳағынан келер болсақ, сүйениш излеп, мәдет тилеп тарыққан гезлеримде я қудай, я пайғамбар емес өзиңди еслеп, өзиңе сыйынып-жалбарынған пайытларым аз болмады. Ер жигитке көз жас төгиў нуқсан шығар? Нуқсан болса болар! Жүз-көзиң бар демейтуғын тәғдир, ырық бермей кететуғын кеўил, ҳеш қандай бөгетти, кенарларын сезинбес туйғылар бундай сыпайылығыңды, бундай салдаманлығыңды пыт-шыт етер екен. Аўа, пыт-шыт...

«...Ата-ананың қәдирин балалы болсаң би-

лерсең, Ағайинниң қәдирин жалалы болсаң билерсең». Аўа, билдик... Бирақ кеш, кеш билдик. Жүдә-жүдә кеш!... Билдик-аў, билдик ғой, билдик...

Балалығымды еске алар екенмен ой-қыялымда дәрҳал, усындай сүўретлер жанланар, өткен күнлер сазасы тал-тал еситилгендей болар. Әтирапымда ҳаллас урып гезип жүрген сол үн-түнсиз елеслерге тил қатарман. Оларға зибан енер. Мен олар менен сөйлесемен. Мен оларға қосылып гүрсинемен, оларға қосылып жылап, оларға қосылып күлемен. Олар мениң сөзлеримди тыңлар, мен олардың кеўил әндийшелерин тыңларман...

«Қыйсық терек жап» пенен «Пирлеш жап» тың ашасындағы қуўыста бизиң ерик бағымыз. Бул бағ май айының орталарынан баслап аўыл балаларының ойын қуратуғын жайына айланады. Тек, ойын балалары емес, естияр адамлардың өзлери де ериктиң алды сарғайғаннан усы дөгеректе айланшықлап қалады. Нағыз ерик писикте сырғыған мийўесин төгип салатуғын бул бағ бир келәта елдиң кеўлин табады. Ағам усындайда нешше жыллар бойы дүйым журттың ырысы болып киятырған бағды көгертип, кәмалға келтирген, әўладларына мийрас етип кеткен әкесин көңили толыўшылық пенен еслеп отырар.

Талай дәўир өтсе де қулпы дөнип турған ерик бағы атамыз Бердимурат ақунның көзиндей еди. Бизиң нәзеримизде бул теберик адам ҳақыйқатлықтың, кишипейилликтиң, сақыйлықтың, қулласы барлық ағла пазыйлетлердиң үлгисине мегзес. Бир өкинишлиси—үй-

диң ишиниң айтыўынша усы ерик бағ пенен тең бинят етилген алма, шабдал бағымыз теперишлердиң «шаш ал десе, бас алып турған заманында» түп-тамырынан қопарылып жиберилген. Бирақ, аўыл-елдеги атқа минерлердиң бәри бирдей қудайдан бийүмит емес, инсаплылары да бар екен. Сол егисликтиң күн батар жағындағы гүзар жолдың бойында атамыздың талабан оқытатуғын мешитиниң күнге қып-қызыл болып күйген дийўаллары бизиң бала күнимизде де көпке шекем оқшаўланып турар еди. Қоңысы-қобалардың хеш қайсысы да есигиниң алдында тис шуқлағандай шөби қалмаса да, бул жердеги тарбыйысып өсип кеткен жыңғыллардың бирде-бир шақасын сындырмас, аўыл балалары жасырынбақ ойнағанда жүрек етип хеш қайсысы бул қәсийетли дәргайға қәдем баспас. Тек қой-жанлықлар, тек маллар ғана бул жерден сескенбес, бул орынның бурын қандай болғанын билмес, қалың түйе-сиңирлерге жарып кирип өз билгенлерин етип кетер.

Кергидеги қасық-тостаған, қорадағы ылақ-қозы, бағдағы мийўа дарақларына шекем бөлинип, «меники ақ, меники сары, меники қара, меники ири» деп хәр нәрсени ийемлениў бала атаўлысына тән әдет шығар? Бағымыздағы хәр түп ерик ағашы усы үйдиң үлкен баласы есабындағы ағамның ең кишкене иниси Убайдулладан баслап бизлердиң ең генжетайымыз Генжеханға дейинги шаңарағымыз мүшелериниң аты менен аталар. Үлкениреклери Убайдулла ағамның ериги, Ықлыйманың, Әзийманың, киширеклери Сапарбайдың, Шүкирбайдың, Хәмийданың, Генжехан-

ның ерики деп жүритгилер, өз ериклерине ғамхорсып: «гүлледи, миЙўалады, сарғайды, писти» десип жүреклери алып-ушар.

Шоқланысып турған бағдан сәл сыртырақта дараланған бир түп—Сапарбайдың ерики еди. Бул ерик ҳәр бәҳәрде сондай бүрилип гүллер, писиўге мейил бергенде шақалары миЙўасын көтере алмай майысып сынып кете жазлап турар. Биз Сапақ, Сапаш, Сапалақ деп атасатуғын усы атжақлыдан келген сары сынлы адырақ көз баланың жолы болғыш-ақ еди... Шақы айланған ақ қошқар соныки, жүни шыйратылған мәлши қозы соныки, ағам менен апамның ортасындағы жып-жыллы төсек орын да соныки. Үйде де, дүзде де ең жақсы мақтаў сөзлер де бәри-бәри соныки...

Басқа үкелерим кишилеў, қунығып китап оқыйтуғынымыз үшеў, Ықлыйма әжапам болса узатылып кеткен. Ағам ҳәр сапары: «бул дүньяда ҳәмме де бир-биреўге қонақ. Енди ғарры қойдың өмириндей жасымыз қалып тур. Аллатаалам аманатын қашан алатуғынын билмеймиз, көзимиздиң тирисинде ең болмаса намазлығыңызды үйретип кетеғойсақ болар еди-аў» деп зинҳарлар. Китабын ашып мусылманшылық ҳаққында қулағымызға қуяр. Қуран аятларынан қирәәтке салып оқыр, бизлер үн қосысып тәкирарлармыз. Сонда «Алты кәлима шаҳәдәт»ти де, «Әлҳәм» менен «Қулҳүўылла» ны да бәримизден бурын Сапарбай ядлап алып еди. Ол ўақытта онша итибар бермес екенбиз, жаңа бесинши классқа атлап жүрген сол әлжууазлаў баланың соншама қатықулақлығына, соншама ядкешлигине елеге шекем ҳайран қала беремен

туўысқан болған соң асырыңқырап айта береди-дә деп кустаны да етерсиз. Бизиң мектептеги сол оқыўшылық дәўиримизде «Бозуғлан», «Ер Зийўар», «Қурбанбек» деген дәстанлар болатуғын, Сапарбайымыз усы «Қурбанбек» ти бастан-ақырына, «Бозуғлан» ды жарымына жетеғаба ядый айта алатуғын еди. Көп аўырып қала беретуғын ол бир сапары емлеўханада жатырғанында сол жердегилер «Мақтумқулы» менен «Гөруғлы» ның түркменшесин оқытады. Бизиң Сапекең ҳеш мүдирместен тап түркменниң өзи болып зуўлата жөнеледи. Сонда «түпәләм-түпәләм...» ин айтты я айтпады бирақ, «қудай зибаныңа берген екен балам!», «түркмен арасынан көшип келмегенсиз бе?»—деген сөзлер болған.

«Ағасы урар болар, иниси жылар болар». Дасқал өскен ханаласлардың онша басы писе бермес. Балалықта не болмайды, не қоймайды, не айтылмайды? Гейде үлкенлигимди етип оған үстем болғым келер. Ол да өзиниң алған бағдарынан қайтпас. Сондағы тарысып-бөлисе алмай атырған ҳеш нәрсемиз жоқ. Қәдимги ада болмас, өзинен от шығаратуғын ойын журтының ҳәр соқпағы, ҳәр бурылмасы, ҳәр қәдеминде бундай кеширмелер ушыраса бериўи итимал. Оның сондай тез пейиллиги,—санаўлы демлер өтпей-ақ мениң ыңғайыма жығылып: «мә, әжаға ала-ғо», «яқшы әжаға сөйте қояйық», деп көңилимди аўлағысы келип мөнтеңлеп изиме ерип жүргени... Туўысқанлық сезими қуйылған кипкишкене жүрегиңнен, елжиреп турған баўырыңнан айланайын, тәбизшил Сапарбайжаным-әй! Тап ҳәзир де, сениң сол мүләйим

түр-түсиң, арық-турақ келбетиң жан сарайымның төринде алтын мүсинге мегзеп нур шашып, көзлериң жаўтаңласып айтқан сол сөзлериң елеге шекем өз қызғыны, тәсиршеңлиги менен бойымды толқытып-тебирендирип турар.

Арадан сонша жыллар өтсе де мен сени талай рет жойыттым, дүмпийип атырған кипкишкене қәбириңниң басында талай рет көз жас төктим. Тәшўиш жүги аўырлық етип талғанымда, наҳақтан жанғанымда, дәрдәсерликте қалғанымда маған талай рет керек болдың, талай рет даўыслап шақырғым келди, талай рет сени излеп кетким де келди...

Ығбалымыз усындай боларын билгенде, арамызда усыншама шексиз айралық барын билгенде, мени өзиңе бунша зар ететуғыныңды билгенде, көңилиңе сирә-сирә тийермедим, соңыра азаплы өкиниш отында күйермедим! Ҳәситтен таптың ба, қәйдем? Әўелден жазмыш жазыўы сол ма, қәйдем? Әйтеўир, усындай болды, қәйдем... Өмир гүзарының басында бирге ушқанымызда жолың болғыш-ақ еди ғой, қанатлары қайырылған қумыры қусым-аў, жолың болғыш-ақ еди ғой!...

* * *

Аўылымызда дабырасы жер жарған тойлар болар. Тойда бақсылар шағлап, жыраўлар толғап, гүрес тутылып, атлар шабылар. Бизлер Нурназар екеўимиз егиз қозыдай ҳеш айырылыспасбыз. Мектепке де, усындай той-мерекелерге де бирге барып, бирге қайтармыз. Сондағы ушқыр қыял, сондағы ҳәўесгөйлик, сондағы балалық сезимлерди қоя бер сирә! Қалың қурды қақ айырып шығатуғын

палўан болсақ дедик. Байшубардай тулпарымыз болса, Гулпаршындай қалыңлығымыз болса, ол. мейли дуньяның қус ушса қанаты талған, шапқан атлардың дойнағын кетилдиргендей жырақ-жырақларында болса да излеп кетсек дедик. Дуйым журтты аўзына қаратып, ишип отырған асын қойып тыңлайтуғын Ғайбулладай бақсы болсақ дедик.

Аязлы қыс күнлериниң биринде қубламыздағы «Анна аўыл» да Бегимбай ағайың уллы болған тойына барғанымыз, сонда аяқларымның ядтан шықпастай болып суўыққа қатқаны есимде. Естиярлаў болсақ та ҳеш гәп, бала нәрсе түн жарпынан баслап өрели таңды айдай далада тикке отырып атырған соң не оңғылық болсын? Шоқалақ қумның етегиндеги кеңнен тасланған қурға қалың етип бийдай сабан, оның үстине кийиз төселген, ҳәр аўылдың жасы үлкенлерине, сыйлы-сыйлы қонақларға болмаса ҳәммеге теңдей көрпеше жеткериў де аңсат емес қусаған. Еле де пүткил «Аққум» бойынша қоңысы-қобалардан жыйналғандағысы. Қурдың еки шетине еки өре көмилип, керип тартылған сымның үш жеринде күни бурын буўылып майға бөктирилген үш шом биресе жалыны ҳәўижге минип, биресе пәсеңлеп жанады. Ортада жүрген шомшы темир кесеўдиң ушына бекитилген сарқумы менен ҳәр шомға ара-тура лампамай қуйып турар. Бақсы менен жыраўға бөлек-бөлек орын ажыратылып тап жангенесинде гүрлеп жанып турған отқа қуман қойып, қара суў қуйып берип аўылдың кәтқуда жигитлери жаўқылдасып пәйик болып жүр. Дәл ортада үлкен томарлар, гөне түбирлер: «бизлер биротала умыт болып кетпеген

екенбиз ғой, еле де дәртке асар екенбиз ғой, мине, бойымызда усындай қызғынымыз бар» дегендей шарт-шурт етип ушқын шашып, әтирапты жақтыртыўда, кеўиллерге жыллылық үлестириўде. Шомлар қурға жақтылық берген менен ғыжлаған шоққа айланып атырған сол қақсап кеўип қалған ағашлардай ҳәўирли емес. Шыдамай кетип ара-тура өзимизди ортаға урып усы отқа абынысамыз—бетиқолымыз ысыған менен бойымызға, етик ишшиндеги аяқларымызға жыллылық дарымас.

Той бергеннен кейин журт айта жүргендей етип берейин деп нийет еткен болыўы керек. Ҳәр қайсысы анаў-мынаў қәтереңе турмайтуғын, аты-дәбдебеси бир қыйлы бар Кәрам жыраў менен Ғайбулла бақсыны қосағына шақырыўы әнейи нәрсе емес. Ортада биреўи шаглап қосық айтып, биреўи ыңыранып толған анна-бексыйық елатының үстинде қалықлаған хош ҳаўаз ийелериниң булайынша булқыўларының рети бар. Тек усы «Халқабад» әтирапында емес, пүткил Қарақалпақ жеринде қолдан-қолға тиймей жүрген Кәрам жыраў да, Ғайбулла бақсы да бизиң усы аўылымыздың түлеп ушқан тарланлары еди, ақыры!

Паҳ, сондағы шарықлаған намалар, ҳәр сөзи дүр киби қосықлар... Бирине-бири нәўбет бергиси келмей алма-гезек ғаңқылдап, алма-гезек сайраған қобыз бенен дуўтар сазлары мениң бала көңилимди де шарықлатып кетти. Сол сапары аяқларым тоңламақ түўе жулынып қалса да қәперимe кирип-әм шықпастай еди. Кәрам аға «Едиге» ни жырлағанда күн гүркиреп, жаўын жаўмаса да мениң көкирегимде ала-сапыранлы сезимлер

даўылы уйытқыды сонда. Жан дүньямды жаўратып сезимлер сели қуйып-қуйып өтти сонда. Ол қурдағы адамларды умытып таслап кеткендей. Тек қобызы менен екеў ғанась Едиге дәрдәсерликке түскен Тохтамыс пенен Сәтемир ханның көшип-қонған елине, қыяқыя шөлине жол тартып баратырғандай. Бирақ мениң қыялымда ағам айта беретуғын басқа батырлардың алп тулғалары елеслер...

Ғайбулла ағаның «Ғәрип ашық» дәстаны... Бул дәстанды жақында ғана көзиме жас алып отырып оқығанман, айырым қосық қатарлары ядымда да қалған. Бирақ, дәстанды бақсының атқарыўында буншелли тәсирли болады деп ойламас едим. Сонда, қандай азапуқыбетлери болса да Ғәриптей аҳыў-зар ашықлықты жан-жан деп қәледим. Өзим билетуғын қызларды бирим-бирим қыялымнан өткердим. Ҳешкимде тоқтай алмадым, ҳешким, ҳешким, ҳешким жоқ... Көзлерим қурда әжапалары, кишелери менен отырған өзим қатарлы қызларды шолыйды. Той өтип атырған анна-бексыйықтан болып, бизиң «Қыйсық терек» тиң арқасындағы қуйып, қазаяқлы, «Жаман аўыл» дан болып, сән-салтанат дүзеп отырған сол пәўше қызлардың бир де-биреўи көцилиме орнықпай-ақ қойды.

Ортадағы томарлар қаланған от әбден ҳәўижге минген пайыт. Бир ўақта көзим жүзлери алабуртқан Айболғанды шала кетти. Ғыжлаған ғозға айланып атырған оттың ҳәўиринен бе, жалынлап жанған шомның қызғылт сәўлесинен бе оның еки бетинен нур тамып турғандай. Қайта-қайта қарайман. Мәгар, ол да қосықларға жүдә мәлҳам болып берилип, мәгар ол да өзин Шаҳсәнемдей сези-

нип, Ғәрип ашықтай жигит табалмай отырғанды. Усы ўақытқа шекем оған дурысырақ нәзер де салмағанман ба? Болмаса оны күнде көрип-ақ жүргеним жоқ па? Қудайдың қутлы күни Нурназар үшеўимиз мектепке бирге барып, бирге қайтамыз. Ҳәтте, бир класста оқыймыз, ҳәтте ол мениң алдымдағы партада отырады ғой.

Және Айболғанға қарайман, ол кем-кем көңилиме жақынырақтай, сезимлериме қандай да бир жыллылық бағышлап атырғандай. Соңғылығында басыма ашықлық саўдасын салатуғын кишкене Шаҳсәнемге уқсап баратырғандай.

Сол күни тойға барғаныма, сол ақшам уйқыдан қалғаныма, аяқларым қатпақ түўе қырқылса да бәри-бәрине қайыл едим. Бирақ, кейин ала ушыға қыйқымындай көрип қәдир тутқан сол майса сезимлерим талай тапланды, талай пушайман етти, талай рет өлди, талай-рет тирилди!..

Бақсы-жыраўға дем берилип, тойдың ендиги қызығы палўанлардың тутысыўына, қошқарлардың гелле тасласыўына нәўбет жетти. Бас байраққа талабан «Қуўаныш Жарма» ның аржағынан «Тақыркөл» деп келген Қошқарбай палўан менен бексыйықлы Қәден палўан ортаға шығыўдан-ақ шырпа-шырп алыса кетти. Бирақ, түрли әмеллерди қолланып қанша айқасса да шарма-шар түсип бирин-бири жығыса алмады. Бул аўылда гүресиўди қумар етпейтуғын баланың өзи жоқ шығар? Усындай той болып, ортаға палўанлар шақырылыўдан жеңсиз шапанларын кийип, белбеўлерин селпи байлаған жигитлерден баслап жас өспиримлерге шекем саўлат төгип

отырған аўыл ғаррыларының алдына жуўы-рып барып саққа жүгинисе қалып қолларын жайып фәтҳә алып, қарсыласы дәў болса да көтерин уратуғындай ғоддасласады.

Таң қулан ийек болып атып, күн шығыўға мейил бергенде барып қур дағыды, бирақ еле той тарқамады. От жаққышлар бақсыға шығарда қолтықлап келген көрпешелерин қаққышлап жыйнап алып, қашшан ағайин бо-лып енисип кеткен қонақларын қоныққ жери-не баслап кетти. Енди түске таман «Төлеген кебир»де шабандозлар бәйгиге ат жиберер, жорғалар сүрилер, арғымақлары тапланған билегинде күши барлар көкпар ойынын қу-рып қумардан шығатуғын күн болар...

Той десе әсиресе баллардың жолының бо-лып қалғаны. Оның қәйтип өтетуғыны жө-нинде алдын-ала болжаўлар, өтип кеткеннен кейин де соның даўрығы көп күнлерге ше-кем даўам етеди. Бир-биримизге сөз бермей кимимиз палўан, кимимиз бақсы, кимимиз шабандозлар ҳаққында санап түўесилмес ўа-қыялар менен сығасып турған әңгиме дүка-нын ашамыз. Өзимизди солардың ең күшли-си, ең хош ҳаўазы, ең епшил-шаққанына мег-зеткимиз келеди. Усы талас-тартыслы қыя-лый пәрўаз етиўлер барысында басқалардың ойында не барын қәйдем, бирақ мениң көңи-лимниң түпкир-түпкирлеринде билинер-би-линбес жалт-жулт етип турған сезим ушқын-лары бар сыяқлы. Ол қандай да ғайры тә-бийий, қандай да бир жағымлы ҳәм мақта-нышлы. Мен оны баллардың ҳеш қайсысына айталмайман. Айтыўға да қорқатуғындайман ба, қалай-қалай? Олардың ишинде өзлерин

басқа нәрселерге де телийтуғынлары бар шығар? Сол сапары қурда Ғайбулла бақсы Гүлшин ашық болып зар-зар әйлеп турғанда менинде й кокиреги алып ушқаны, жетер жердеги аўыллардан жыйналған қызлардың ишинен мен киби Шаҳсәнемин излегени, мен кимин өзин кимге дур телигени болмады ма екен? Бирақ, олардың кеўиллеринде не барын қәйдем? Бәлким, мен қусап ҳәзирше сыр тутқысы келип жүргенлери де бар шығар?

Не гәп-сөз, не жағдай, не сыр болса да Нурназардан қупыя сақлағандай ҳеш нәрсем болыўы мүмкин емес. Мен өзимди қандай билсем Нурназарды да сондай билемен, ол да мени тап сол тақылетте. Тек, үйлеримиздиң бөлекплиги болмаса, тек кеште уйықлап қайтыў ушын тарқасқанымыз болмаса бәрҳә бирге ойнап, бирге сабақ таярлап, атызға да, мал жылыстырыўға да бирге барамыз. Гейде түрли бәнелер менен қайсы биримиздиң үйимиз дус келсе сонда қонып та қала беремиз. Айтпай кеткен ўақтымызда үйдиң ишлери излеп шығып, «сизлердиң киндигиңиз бир шығар» деп кейип-кейип, соң және бирге бола қойсын деп таслап кетеди.

Оның үйи «Қыйсық терек жап» пенен «Пирлеш жап» тың арқасында, «Қос тарнаў» дың сәл ығырағында. Ал бизиң үй усы жаплардың қубла тәрепинде. Еки аралықта тек болганы бизиң «Ерик бағы»мыз, еки жапта еки паяпыл, үйлеримизди тутастырып туратуғын ийрек-ийрек бир соқпақ бар. Жаўын-шашынлы күнлери тайғанақ, көк көклеткен бәҳәрден, шөплердиң жапырағын түсирген гүзге шекем шыққа малынып жүрип өткен адамды белбуўарына дейин малмандай суў ете

туғын бул соқпақта бизлерден көп жүрген ҳешким жоқ шығар? Усы соқпақтың, усы паяпыллардың салыныўына мүмкин Нурназар екеўимиз себепши болған да шығармыз? Аўыл менен аўылды, үй менен үйди тутастырып турыўшы басқа да соқпақлар бар. Бирақ, бизлер усы өзимиздиң соқпағымыздан ҳәр күни жүрип, оны ҳәр күни жалаң аяқларымыздың кишкене излери менен жаңартып туратуғынбыз.

Усындай болғаннан кейин арамызда бир-биримизден қыпсалағандай ҳеш нәрсе болмаўы тийис. Бирде бул сезимлер болмашы бос елеслердей, бири келип, бири кетип атырған паянсыз қыяллардың бириндей. Адамның ойына не келмейди, көкирек деген қайларға алып ушпайды, нелерди әрман етпейди? Мен болсам ҳеш жерде ҳеш нәрсе жоқ «алапаға ат шаўып» көңилиме келе кеткен сөзлерди айта салсам соңында жораларымның арасында дуў-дуў әңгимеге уйытқы боларман. Қулласы, қанша ойланып-толғансам да, жүрегим, ҳешкимге тис жарып, ҳеш нәрсе демеўди уқтырғандай болды. Усы реттеги, ҳәтте, Нурназардан да гизнеп сыр тутыўым өмиримде жүз берип атырған биринши қубылыс еди.

* * *

Оқыўлар қәдимгидей. Мектеп те, муғаллимлер де, класымыздағы парталар да, оқыўшылар да қәдимгидей. Май топырақлы орпаң жоллар да, соқпақлар да, ондағы бири арман, бири берман асығысқан адамлар да қәдимгидей. Ҳәр күни шығып, ҳәр күни бататуғын қуяш та, изли-изинен зымырап өтип баратырған күнлер де қәдимгидей. Аўа, ҳәмме, ҳәмме қәдимгидей. Тек, мен өзимше қә

лимиңдей емеспен. Сыртқы пишимим, түр-түсим, кийген кийимлериме дейин бәри бурынғы. Лекин, көңилим, әсиресе Айболғанға көзқарасым басқашарақтай. Класста жеўге алып барған нанымды жеп болып, оның шүберек киган салғышындағы нанды да сорамай-соқпай алып баллар менен дәс соғып көрмегендей стетуғын, жолда ойнап қалып китапларымды арқалатып жиберетуғын мениң енди ондайға батылым бара бермейди.

Үлкен тәнепис пайтында баллар-қызлар жәнжаққа пытырайды. Хәр қайсысы өзлери қатнайтуғын соқпақларына қарай. Соңынан жерге былш-былш урылған қаўынлардың айырылған сести еситиледи. Бизлер де хәр қашанғыдай «Әлхазар жап» тың бойындағы қалың түйенширли буклердиң арасына жасырып кеткен, басқалар түўе гейде өзлеримиз де зорға табатуғын түйнеклеримизди «Мектеп жер»диң шетиндеги салмаға урып бузып жеп аламыз. Айболғанның қаўын жасыратуғын жери де усыкәра. Тап хәзир оның қай жерде турғанын да билемен. Балларға мақтанғымыз келип пе, шоқлық еткимиз келип пе, өзи қайттыға тойып турсақ та аўыллас қызлардың, соның ишинде оның да қаўынын урлап алып талай рет бийнесип қалдырған гезимиз де болып еди. Ол меннен келип жүрген бәле екенин билмей ме, билсе де енди басқа өйтпес дей ме, қаўын қойып кететуғын орнын сира өзгертпес. Усы сапары Айболғанның қаўынына қол тийдиргим келмеди, қайтама басқа баллар билип қоя ма деп зәррем қалмады.

Көңлимде алағадашылық. Бурын не тапқаным аўзымда, саўдырап жүретуғын болсам

енди минез-қулқымда туйықлық... Қандай да бир қымбат-қәдирли нәрсемди жойтып алғандайман. Бирақ, оның не екенин өзим де билмеймен, ядыма түсиргим келип көкирегимди қайта-қайта тинтинип үйде де, дүзде де ойланаман. Ойлап ой түбине жете алмайман. Қәйтсе де сол жоғалтқан жоғыма жүдә-жүдә жаным ашыйтуғындай, қатты қыйналатуғындайман.

Оның нелигин кейин абайладым, соң аңлап-жеттим. Жойтып жүргеним Айболған менен балалықтан бирге киятырған сыр минезлилик, шын көңиллилик, дослық қарым-қатнасығым екен. Байқап қарасам усы өткен азлы-көпли ўақыт ишинде жолымды оннан шеткерیректен салыўға тырысып, күннен-күнге узақласып баратырғанымды сезиндим. Ақыры, бурынлары оқыған китабымызды айтысып, шығарған есабымызды бир-биримизден көширип, үйлеримизге қыдырып келген қонақларға шекем хабардар болып жүретуғын жүдә үйирсек едик. Енди болса ҳеш жерде ҳеш нәрсе жоқ сол тарысып-керисип, айтысыпшертисип, бириниң аўзындағын бири алып жеп, мектепке де бирге қатнап жүрген қыз бенен баланың татыўлығының пышақ кескендей тыйылыўы?!.. Ол да мениң усындай ерси ис-ҳәрекетлеримнен азмаз да болса сезикленбеди ме екен? Мениң көңилим әндийшелерин билип қоймады ма екен? Егер, билеғойса оған не бетим менен қарайман? «Бирге туўылып-өсип, сонша жақын дос болып жүрип, сеннен күткеним солмеди?»—десе. Усы ўаққа шекем «сен-мен» ге барысып көрмеген Айболғаннан сондай сөз еситкенше илайым гүм болайын. Класста да, жолда да тек бе

рилген сауалларына ғана жууап берген боламан. Арадағы усындай үнсизлик шегарасын бузайын, бурынғы сезимлериме қайтайын, оның менен қарым-қатнасығымды қәдимги қәлпине келтирейин деймен, бирақ оған жақынлап кетсем, оған қол тийгизсем, оның көзлерине көзим түссе өзимди ыңғайсыз сезип, өзимнен-өзим сетем ала беремен. Ең биринши, ең қупыя, ең тәшуишли көңил сырымның, ишки ҳалатымның ҳеш-ҳеш паш етилмеуин, көкирегим кишкене болса да, жүдә терең болмаса да усы жерде көмилип кетиуин қайта-қайта тилек еттим.

* * *

Ҳәр кимде бир уқып. Ҳәр кимде бир өнер. Басқа жумысларға шорқақлау болсақ та қосық ядлауда, айтыуда Нурназар екеуимиздиң алдымызға ҳеш ким түсе алмайды. Бизлердиң бахтымызға мектебимиз онша узақ емес. Бөлимниң кеңсеси, оған сыбайлас дүкан-әм үйимиздиң түбинде. Үкем Шүкирбайға бес сом менен шекийне қалтаны берип жиберсек Жолдас дүканшы шөккишлемесе бузылмайтуғын сатырлаған бес кило қантты арқалатады да жибереди. Жудырықтай бир бөлек қантты салмадағы суўға басып сорып, аузы-басы, шығанағына шекем байқыл-байқыл Шүкирбайымыз: «енди қант жемеймен жабысқақ болып қалдым» деп шекийнени атып урып, далада көзи төрт болып күтип турған ойынына асығады.

Кеңсе деп отырғаным бурын Аллан жүзгиш деген бардамлы бир адамның жайы болған. Бул жайға бөлимниң баслығы шатауатлары менен, медпункти, китапханасы толығы

менен орналасқан. Ада болмайтуғын не жумыс екенин қәйдем, ат шаптырып келип, ат шаптырып кетип, таң атқаннан ярым ақшамға дейин улы-ғауырлы болды да жатады. Кеңсениң тас гербиш төселген кең әйўаны болып, усы жерде ара-тура кино көрсетиледи. Қайда барып, «Тентек жап» тың сағасынан арқадағы әйтеке-шериўшиге шекемги аралықтағы аўыллардың жигити-желеңи, баласы-шағасы тутасы менен жердиң орайына мегзеп кететуғын усы ортаға ығылады. Киноның келиўи де бизлер ушын бир байрам. Әсиресе, Нурназар екеўимиздиң атымыз кинодағы қаҳарманлардан кем тилге алынбайды. Буның себеби бар. Себеби сол, кино қойылмастан бир саат, бир ярым саат бурын тамбасына шығарылып, оған да қәнәәт етпей морының үстине қойылған кишигирим аршаның қарамындай пәтийпонның қутысы әўел айлана-айлана ығыр болған пластинкалардың, соң бизлердиң жарыспаққа жибберген қосықларымызды жер-жәҳәнге таратады.

Кеште еле шай-суўымызды-әм дурыслы ише алмай атыр едик. Кино келипти деген хабар қулағыма шалыныўы мәттал, өз көзим менен көрип анығына жетпегенше көңлим кеншимей, жолдың шаңын суўырып жетип бардым. Әллеқашан усы дөгеректиң баллары жыйналысып қалыпты. Бир-еки пластинка айланғаннан кейин әдеттегише ҳәр ким билген қосықларын айтып, келистире алмағанлары қолын бир силтеп нәўбетти соңғыларға берип кетип атыр. «Соқырдың соңына бақ» деп қосық айтыў биротала өзлеримизге қалатуғыны белгили болған соң тамағымызды қырынып таярланып турмыз. Бир қайтара өзлерин сы-

нап, кеўлин басып алған ўақытта ҳәр жер, ҳәр жерден бизлердиң атымыз шығып, қосық айтыўға усыныс етиле баслады.

Соннан Нурназар менен ийин тиресип, аўзымызды микрофонға тақап турып: «Еркинликте ер жеткизген шадлы мәканым мениң, кеўлимде ышқы, жүректе қан, көзде рәўшаным мениң, бойда жигер, белде дәрман, тәнимде жаным мениң, гүлге бөлен эй гүллейген нурлы бостаным мениң, сүйикли туўған елим, Қарақалпақстаным мениң!» деп басланатуғын қосықтан кейин де «Гүлистан үлкем», «Совет батыры», «Республикам», «Бизге кел», «Сәлем де?» деген бурыннан репертуарымызда бар, мектептеги ҳәўескерлер дөгерегинде де, үйде де-дүзде де ҳаўаз қосып айтып жүрген намаларымызды изли-изинен яндырдық.

Муҳаббат ҳаққында да бираз қосықларды билемиз-дә, ондайын ҳеш ким жоқта, тек өзимизше айтамыз. Себеби, қосықтан да сабақ беретуғын дуўтары бар әдебият пәни муғаллими Төребай аға ондай «намақул» қосықларды айтыўға рухсат етпейди. Устазымыздың айтыўынша «еле алдымызда қәдимги қосықлардан да тәсирлирек күйдим-жандым деп аҳ урып айтатуғын ҳәр қайсымыздың өз қосығымыз болатуғын қусайды».

Киношы Қәдирбай ағаның бул ретте әкелгени «Кашмирдеги муҳаббат» фильми екен. «Индийский кино» деп тап кемпир-ғаррыларға шекем аўызларының суўы қурып айтысып отыратуғын усындай кино қурылар ма, оны көрмей қалып болар ма? Байрамдағыдай кийинисип салтанат дүзеген қыз-келиншеклер, бирин-бири басқыласып даўрығы

сып сөйлескен жигитлер, шетиректе «өзгелерден бир текше болса да бәлентирекпиз»ди уқтырғандай өзлерине пардоз берген оқшаўланған салдамлы топар, биреўлердиң аяғына оратылып сүрнигип атырған баллар, қулласы кино басланаман дегенше усындай абыр-сабыр.

Кино сыртқа, кеңсениң әжжедей аппақ етип ҳәкленген кең дийўалына қойылды. Тамашагөйлердиң көпшилиги қара жерде, биреўлери үлкен бөрене ағашларды думалатып әкелип, биреўлери «Қыйсық терек жап» тың ырашының басында отырып көрди. Ер адамлар онша билдирмей ме, қәйдем, бирақ ҳаял-қызлардың биразы кино барысында талай жеринде көз жасларын сүртип, талай жеринде күлисип отырды. Өзим қатарлы балларға, қызларға «кино қалай екен?» дегендей мағанада қарамасам да ешейин нәрсеге көз жасы тайын туратуғын Айболғанның мөлт-мөлт еткен жас тамшыларын, уңжырғасы түскен Нурназар көйлегиниң жеңи менен бетин қайта-қайта сыпырып отырғанын сезер едим. Мен де көзимдеги жас излерин ҳешкимге көрсетким келмей басымды туқырып, муҳаббат дәртинде дәрдәсерликке түскенлерге жаным сызлап қыйналдым. Үйге қайтып киятырып та өзимнен-өзим ғурыжланып, егер шайыр бола кетсем қалай болмасын усындай ашықлар ҳаққында «Муҳаббат» деген дәстан жазыўым кереклигин жүрегиме қайта-қайта уқтырдым.

Қаяқтағы бир Кашмир деген елде ҳақыйқый болған, бәлким болмаған сол бир ўақыяларға мегзеп кететуғын кеширмелер сонда көп кешикпей бизлердиң де турмысымызда жүз беретуғыны ратқаннан басқа ҳешким-

ге де аян емести. Бул саўда басқа қыз, басқа жигит пенен болса да бир сәри, ол тап қасақана Нурназар, Айболған үшеўимиздиң басымызға дөнгенин қарасеш?! Мәгар, бизлер бирге оқыўға баратырғанымызда муҳаббат қудайының нурлы нәзерине дус келип қалмадық па екен? Ол бизлердиң еле ҳеш дақ түспеген жүрегимизди ашықлықтың алтын оқларына нышана етпедимекен? Ол бизлердиң татыўлығымызды бузғысы келди ме,. дослығымызға қызғанышы оянды ма? Не болса да не болары болды, болды, болды!..

Балалық қыяллардың сонша ушқырлығы, кеўиллердиң бунша еликлегишлиги..· Аўылдың қәдимги ғалма-ғалшылығынан азмаз жырылсаң қолымызға китап түседи. Батырлық дәстанларын оқып отырып халықтың қалқанына айланған мәрт жигит болыўды әрман етемен. Ашықлық қыссаларын оқыр екенмен жүрегимниң түпкир-түпкирлеринде бир ғайбана қыздың нурлы келбети сәўлеленеди. Ол маған жүдә-жүдә унаса, мен де оған әбден унай алсам еди деймен. Дослық, садықлық ҳаққында әңгиме болғанда көз алдыма дәрҳал Нурназар елеслейди. Дүньяда маған оннан өткен жақын жора, оннан өткен шын дос болыўы мүмкин емес. Себеби, уялас қуслардай бирге ушып, бирге қонып, егиз қозылардай ҳеш айырылыспасбыз. Қаяқта болсақ та, не ислесек те таң азаннан қас қарайғанша бирге жүрип, бирге турамыз. Туўды-питти усы тақыллетте жасап, ҳәтте, ойлайтуғын ойымыз да, сөйлейтуғын сөзимиз де мудамы бир жерден шығатуғын бизлердиң көкирегимизде бир-биримизден бүккендей ҳеш қандай сыр болмайды.

Бирақ, сондай болды... Ҳеш ойламаған жерде, ҳеш күтпеген пайытта. Оннан берли де әдеўир ўақыт өтти. Ең биринши рет өзим менен өзим болып өзимниң майыма өзим қуўырылған ўақыт. Көңлимниң бир буршында гизнелген, ҳешкимге, ҳәтте Нурназарға да айтыўға тартынып сыр тутқан усы туңғыш сезимлерим жаўатуғын булттай талай қалыңласып, талай сейилди. Нәўбәҳәр самалларындай толқынланып есги, биймаза туйғылар жан дүньямды тасқын суў киби басты, гейде кесилген ақаба суўдай бурынғы булқыўларынан намыў-нышан қалмағандай.

Бирақ, сондай болды... Нурназардан оның несин сыр тутқанымды билмеймен. Оның жүдә бир қупыялағандай неси бар, әсиресе, оған келип-кетер ҳеш аўырлығы жоқ-ақ ғой? Сонда да, әри айтарман, бери айтарман болып жүргенде усылайынша қалып кете берди. Еле өзим де анық-қанық емес көңил әндийшелеримнен кимниң хабары барды дейсең? Лекин, Нурназардың алдында өзимди айыплыдай ма, дослыққа ылайық ис етпегендей ме бир түрли ыңғайсыз сезе бердим.

Бундай үн-түнсизлик қанша даўам етерин қойдем, егер «Халқабад»қа базарлап қайтқан қызлардың изинен қаланың еки жигитиниң аўылға шекем ерип келгенин еситпегенимде. Басқа қызлар болғанда басымның алды-артына айланбас еди-аў, олардың Несипбай дегени Айболғанның қапталынан кетпей тап өткерип қойғаны бардай ийемленип, бунша батыллық еткени еле ҳешкимнен, ҳеш нәрседен ҳазар көрмеген жүрегимди аўыртып жиберди. Бизлер сөз айтайық, қапталында жүрейик десек жүдә бир көзимиз қапылып қа-

лып па? Мектеп жасында ашықлық ҳаққында тилге басыў оқыўшылар ушын жарамсыз қылық, әдепсизлик саналмай ма? Соннан кейин ғой аўзымыз қақпақланып үндейик десек те үндей алмай көзлеримиздиң бақырайысып жүргени.

Шыдамым шегине жетти. Әдеттегише, бирге отын жарғылап атырғанда оны ғаўзастырып көргим келди.

— Нурназар жора, аўылда қалғандай, бизлер сөз салғандай, қол бергендей қызлар бар ма өзи? деп оның жуўап бериўин күтпей-ақ, сол базар күни болған ўақыяны егжей-тегжейине дейин қалдырмай көңилимдеги гүптикейимди айтып тындым.

Ол да бул жөнинде бурын еситти, я еситпеди, бирақ өзиниң салдаманлығына барып ойлы пишинде жарғы тартыўын даўам етти. Не нәрсе болса да бир-биримизди көзимизден оқып үйренип қалғанымыз бар емес пе? Қалай да сөзлеримниң тәсирсиз болмағанын абайладым. Усы рет қалалы жигитлерге ызаланып отырып көкирегимде не болса бәрин ақтарып салдым.

— Әлле неткен биреўлерге аўылдың ишин шаңғыттырып, ийтлерин үргизип жүргеншелли усы қызларға бизлер де сезимлеримизди билдирип хат жазсақ қәйтеди?

—Аўылда, ондай айта қалғандай ким бар? Қызғанғанымыз бенен де қайсы бирин сыртынан торып ушына шыға аламыз? Бизлерге де бир буйырғаны барды-дә деп пикириме мейилсоқлығын билдирди.

— Айболған не? Мен өзиңе бурыннан айтарман деп жүрип едим. Сулыўлығы, кишипейиллиги, тынықлығы жағынан да қәлеген

қызыңнан қалыспайды. Мәселен, ол класстағы баллардың көбисине унайды, маған да... саған да сондай болыўы?.

Жәқ, жәқ! деп тартып атырған жарғысын қоя берип еки қолын сермеп өзиниң буған келиспейтуғынын аңлатпақшы болды.

Дерлик толығы менен мениң тәрепимде қалған, күш түсип майысып, соң серпилип кеткен жарғының «жыңң-жыңңң...» ете қалған сеси Нурназардың жалма-жан:

Ол жақсы болса жақсы шығар? Бир-биримизди жақыннан билемиз ғой. Бирақ, маған ол онша унамайды, босаландай көрине береди,—деген асығыслық пенен айтылған сөзлерине уласып, оның жүрегинде де жыдылды пайда болғандай сезилди.

— Онда, мен бир нартәўекел бахтымды сынап көрейин, «жақсыны жатқа жибер ме?» деген бар емес пе деп нақыллатып та қойдым.

Мениң усынысым қуп түсти ме, қуп түспеди ме билмеймен бирақ, анаў-мынаўға онша дәрпенбейтуғын Нурназарда қандай да толқыў пайда болғандай. Мен буны, өмиримиз бойы қызғыштай қорып жүрген усы нәзик, усы сыр минез класслас достымызды жат журтқа қыймаўшылық, оған сөз салыўшыларға ашыў, мениң тапқан жолыма қайыл қалыўшылық деп түсиндим.

Бираз есейдик пе, ямаса бир болмағыр сезимлер дизгинимди тартты ма, бурын шайдай айқасып ойнап жүретуғын қызлар менен енди әлипайым бола қалдым. Айболған менен ғо, баз-баяғы. Гейде-гейде сол анна бексыйықтағы Бегимбай ағаның уллы болған тойына барғаныма, Ғайбулла бақсының

«Ғәрип ашығын» тыңлағаныма, басқа қапылып усы Айболғанға көзим түсе кеткенине сондай өкинемен, сондай өкинемен... Бул өкинишлердиң орны толмастай сезиле береди. Сол баяғы жойытыў... Сол баяғы излеў...

Сол баяғы ашық-жарқын, саўдырап төгилип сөйлесиўлерди күсеймен. Көңилиме далда болатуғын, тәселле беретуғын бир нәрсе—еле класымыздағы көп баллар түсинип жетпеген ағла сезимлерди тәбият маған инам еткендей. Шийрин ойларға талдырып, азмаз болса да ләззет бағыш ететуғын усы әжеп туйғылар жүрегиме ада болмас әрманды, көп жыллардан бери қыялымда жүрген муҳаббатты бергендей.

Айболған тәбиятынан сондай ма, оның басқа қызлардай ашылысып шын көңилден күлгенин көрген емеспен. Әсиресе, класстан-класқа атлап, бойымызға бой, ойымызға ой қосылған сайын минези кем-кемнен аўыр тартып баратырғандай еди. Баяғыларда шашынан тартып талай рет «ўай-ўай шашым» дегизсем де оның басқалардай тас-талқаны шығып патас-пысырыңқы сөзлерди тилине басқанын да еситкен емеспен. Бирақ, сәл нәрсеге көзине жас үйирилип, сол көз жасларын ишине жутып үнсиз егитилгенлерин билемен. Ол өзлигинен ҳеш ўақытта ҳешкимге ҳазар берип, ҳешким менен мәлеллескенин көрген емеспен. Оның күлдиргишлери ойыла күлген ҳуснишырайы менен, тымық күнге мегзес кеўил ырайы жүдә үнлес, жүдә қуп түскен. Бурын балалық етип талай рет зейнине де тийген шығарман. Соң-соң аңғарып жүрмен-аў, оның муңлы екенин. Соң-соң үйдиң ишинен де, басқалардан да еситтим, дүньяға келмей аты-

рып усындай аўыр азапқа мийрасхор болып қалғанын.

Көзлерди—журектиң айнасы деп бийкарға айтпайды екен. Оның жан дүньясындағы қайғы-шерин ҳеммеден бурын усы көзлерден оқыдым, усы көзлерден билдим. Усы құралай көзлерден, шарасы талай рет лип-лип жасқа толған усы, усы жаўдырасқан көзлерден!..

Бир сапары мектебимизде үлкен тәнепистиң ўақтында жыйналыс шақырылып онда турмысы аўырырақ әмеңгери жоқ хожалықлардың балларына кийим-кеншек үлестирилгени есимде. Директорымыз Уғылхан апа қолындағы бир бет қағаздан оқыўшылардың дизимин оқып, ортаға шыққан баллардың-қызлардың ҳәр қайсысының басынан сыйпап жақсы тилек билдирип жүдә меҳирбаншылық көрсетип атыр. Сабақ өткенде усылардың биреўлерине бақырып-шақырып, оған қоса «2»ни де тырмышлап арқалатып жиберер еди... Ақыры, ҳәр нәрсе өз рети, өз орны менен-дә! Балалықты қоя бер сирә! Басқаларды қәйдем, сонда мен ҳәм атым аталыўынан дәмедар болып әри-бери мойнымды созып едим. Себеби, класымыздағы төрт-бес оқыўшыға шылт жаңа кийимлер берилди, Нурназар да өзине сәл үлкенирек болса да бир костюм-шалбарлы болды. Айболғанның фамилиясы шақырылғанда ол мойнына жип тағылғандай сәл еглениңкиреп, Турсымурат аға кийгизиў ушын усынған пальтоны ийнине илиўге соншa адамның алдында қысындыма билмеймен, қолына аларда да екилениңкиреп қалды. Бурыннан да уялшаң қыз көзлерин жерден үзбей тек еринлерин оңбағандай етип тислегиш-

лей берди. Сәл нәрсеге жүреги жарылып кетегуғындай қуўанып, сәл нәрсеге ренжип қалатуғын ол усы ретте де өзин бир түрли услап-тутты. Пальтонды кисиниң аманатындай ски қоллап абайлап гене услаған Айболған көпшиликтиң нәзеринен қутылғанша асығып, қур жасап турған оқыўшылардың ең кейнине өткен гезде көзлеринде жас дөңгеленгендей болды. Әлбетте, ондағы бул көринис ҳеш қандай қуўаныш белгисине уқсамас, қайтама пүткиллей кериси еди.

Үйде кешки шай үстинде мектептеги жыйналыс ҳаққында гәп қозғап, бизлерге ҳеш нәрсе тийиспегенин айтайын дей бергеним ағамның суўық көз-қарасынан кейин гүмилжиңкиреп қалдым.

Апам болса тереңнен бир дем алып гүрсинип қойып:

— Эйй, балаларым-әй! Алдыңызда әкешешеңиз тири, я бир аш-жалаңаш емессиз! Ҳеш нәрсениң байыбына бармай көринген нәрсеге ҳәўес бола бермең түўе!—деп ағамның кейиснамасын сөз бенен жеткерди.

Қәдимги балашылық-тә. Болмаса, олардың ата-аналары жоқ екенин билмейди емеспен. Сол бийпул кийимлер кимлерге, не ушын берилип атырғанына тереңирек ой жуўыртып, мәнис-мағанасына да бармағаным ғой!

Нурназар менен Айболғанның тәғдирлери бир-бирине ҳайран қаларлық дәрежеде уқсас. Екеўиниң де ата-анасы баяғыда-ақ қайтыс болған. Нурназар әжапасы Гүлбадан менен анасының анасы Мәнигүл шешемниң қолында, Айболған-әм әжапасы Гүлзийра екеўи әкесиниң анасы Улзийра кемпирдиң қолын-

да қалған. Бизлер гейде сөзден-сөз шығып хожалық мүшелериниң үйде тутатуғын орны, үлкенлердиң мәтибийлиги, кишкентайларының қыңырлығы ҳаққында гәп қозғармыз.

Мен де ағамның қаталлығына нарыйзалығымды, қанша жөнсизлик етсем де апамның жүдә жумсақлығын айтып салып олардың көкиреклериндеги сәл нәрсеге алыса кететуғын дәрт қоламтасын үрлегенимди өзим де сезбей қаламан.

Сонда жүзине муң сая салған Айболған да ата-анасын тилге алады. Оның бундайда марҳум әке-шешесин еслеп, олар тууралы айтпай қалыўы ҳеш мүмкин емес.

«Ағамның атының алдынан түспей жүретуғынымды емис-емис билемен, бирақ, апам... Оның алдында өзимди гүнәкар деп билемен. Бийшара анажаным мени дүньяға келтиремен деп өмир менен бийўақ хош айтысқан. Өзиниң бахтын, өзиниң орнын маған берип кеткен. Ең болмаса оның дийдарын танып қалғанымда, ең болмаса жүрегим төринде сақлап, сағынғанда еслеп турыў несибин-әм өмир бизге көп көрген екен».

— Айман жора, сен тойып секирип жүрсең-аў. Егер де мениң ағам яки апам ҳәзир бар бола қойғанда ма? Бақырып-шақырмақ түўе тап таяқлап урса да бәри-бәрине қайыл болар едим. Даўыс көтерип сөйлеткендей, қол жумсатқандай, ондай жөнсизлик көшесине жантасып та өтпес едим-аў, деп Нурназар да тунжырап қалар. Мен де өзимди «төрт түлиги сай» деп сезинбесем де, олардың уўайым-қайғысыз пәрўайы-пәнсери жүрис-турысыма ишки бир ҳәўес пенен, балалық

қызығыўшылық пемен қарасқанына қолайсызланып, ҳеш қайсысының жүзине қарай алмайман. Туўры қарайын десем, көзлериндеги адамның жүрегин езип жиберетуғын қандай да бир мөминлик, ҳарғынлық, шарасызлық көз-қарасына дус келемен. Олардың ата-анасы жоқ, ал мениң әке-шешем алдымда. Усындай артықмашлығым барлығына, ағаларының-апаларының өмирден дым ерте кетип қалғанына өзимди айыплыдай сезинип, тәғдирлеримиздиң тең емеслигине наразы болған пайытларым да болды.

Гәплериниң рәмәўзине қарағанда Мәнигүл шешем менен Улзийра кемпир бирин-бири онша жақтырта бермес. Аўыл-елдеги тоймерекелерде дәстүрханлас болып қалғанда да бирин-бири илип сөйлеп, гәплерин өре бастырмас. Адамлардың айтыўынша олар усы елатқа келин болып түскели не-не заманлар өткен, бираз шаңарақлар көшип келген, биразлары көшип кеткен. Биразларының излери бул аўылдан емес, ҳәтте өмирден де өшкен көринеди. Усы «Қыйсық терек»тиң жақсы-жаман күнлерин бирге бастан кешкен кемпирлердиң бири ўақтында бир қелэга елди аўзына қаратқан ат минген белсенди болса, бири сулыўлығы, дилўарлығы менен журттың тилине түскен, қызлардың сәрдары болған.

Кемпирлер, кемпир жөнине. Олар биринбири хош көре ме, хош көрмей ме, бирақ, баллары менен келинлерине қам пәтир. Себеби, Нурназар менен Айболғанның ата-анасы жүдә жақын қарым-қатнаста болған. Әкелери қыяметлик дос, аналары сырлас қурдаслар екен. Тәғдирдиң дегенин ким еки

ете қалады. Атанияз аға менен Аташ аға да, Сәўле апа менен Ханымгүл жеңгей де жазмышларына жазылған өлим ҳүкимине дәдимал айталмай, изинде қалған ялғаншы дүньяны, бир өмир муңға гириптар етилген ул-қызларын таслап кейнине қайырлып бақпастан кете берген.

* * *

Мен ең дәслеп қашан қосық қатарларын шатпақлап, қашан қағаз шыжбайлағанымды билмеймен. Китапларда жазылып, тиллерден түспей айтыла беретуғын «Йош» деген алтын қустың көңил туғырыма қашан қонғанын билмеймен. Бирақ, жүрегимди ҳалласлатып, сезимлеримди лепиртип қосық гүл дәстесин бууыуға туңғыш рет қолыма қәлем услатқан Айболғанға деген нәзик туйғылар екенин билемен. «Йош» деген нәрсе де, «дәрт» деген нәрсе де көкирегиме усы туйғылар менен бирге кирип келгенин, бойыма нур киби, зәҳәр киби тарағанын билемен. Усы жипек сезимлер оған арнап мөлдиреген қосықлар жаздырды. Оны тек бизлер—жүрегим, әрманым, үмитим, көзлерим менен өзли-өзимиз ғана оқыймыз. Олардан басқа ҳешким, ҳеш ким, ҳеш нәрсе билмес, ҳеш нәрсе аңбас. Тек, өзли-өзимиз ғана сырласып, муңласып, ойласып-кеңесип, толғанысамыз. Айболғанның жүрис-турысын, сөйлегенлерин, күлгенлерин, сәл нәрсеге көкиреги босасып көзлеринде жас көлегейленип муңлы баққанларын, қулласы ҳәр бир қыймыл-ҳәрекетине шекем бирме-бир ой елегинен өткеремиз.

Қыялымда оның келбети... Класста, тап

меннен алдыңғы партада отырған Айболған. Тәнепис болыўдан үйтилген баллар, секеңлескен қызлар қыр әтирапты шаўқымға көмип жибереди. Көбинесе, әсиресе соңғы ўақытлары класстан онша шыға бермейтуғын оған сөз айтып яки болмаса түртип өткен балаларды дым суқаным сүймейди. «Неге аўзын жулып алғандай етпейди екен, неге жақынласып кетсе қағып жибермейди екен» деп Айболғанды да күстаны етемен. Кириўге қоңырау қағылып, дөгеректе қайтадан суў сепкендей жым-жыртлық ҳүким сүреди. Қайтадан нәўбеттеги сабақлар басланады. Қайтадан мениң алдымдағы партада, тап мениң туўры қатарымда және Айболған пайда болады. Көзлериме шоқтай басылған оның қызыл ғыжым бәшпенти, бәшпентиниң үстинде неге дур басқа қызларға қарағанда кешлеў ержетип атырған ийинлеринен сәл-ақ түсиңкиреген қап-қара бурымлары. Тахтада Аббаз шайырдың «Баҳадыр» дәстанын кәмине келтирип оқып, ҳәр жер-ҳәр жеринде сөзлердиң жупкерлесип әжеп ойын қурыўларына қайыл қалғанлықтан басын шайқап қойып, актёрыңнан да бетер образға кирип қулпереңи шығып әдебият сабағын өтип атырған Төребай ағадан көз үзе алмаспыз. Ер балалардан көре китапқа жақын, оқыўға да, жазыўға да қунтлырақ қыз баллар бундайда сондай елтип тыңлайды. Айболғанның қызғыш дөнип қубылатуғын жүзлерин, ойлы пишимде жаўдырасып бағатуғын көзлерин көрмесем де қандай сыпатта екенлиги маған белгили. Тек мен, ушыўға талапланған аққуўдай алдыңға созылған мойнында тарының қарамындай мениң, сулыўлардың

изине ерген сиңлилери киби бурымларынан өнеге алып таўланып өскен тулымшақларын, қол созымда, ҳәтте алған демимизге шекем ап-анық билинип туратуғын усындай аралықта көрип отыраман. Көзлеримниң, жүрегимниң, қыялларымның силтеген жағына қарай олардың изинен қалмай мөнтеңлеп ерип отыраман.

Усы ийбели, усы әпиўайы, үсти-басы жудынылаў болса да азады гене талдырмаш бойлы Айболған исмли усы қызға анықлаңқырап сер салған сайын ол көңилимде Шахсәнемдек доланып, ойыма кем-кемнен тереңирек орнығa берди. Оның жипек тулымшақлары киби шыйратылған сезимлерим, оның тезирек өсиўге асығысқан бурымларындай өрилип кәмалға келе баслады. Бурынлары байқамадым ба, ямаса бул соң жүз берген қубылыс па, оның жүзлеринде адамды өзине бәнт етип қоятуғын сыйқырлы сәуле пайда болған. Оның көзлеринде оқып уғып болмайтуғын сөзлер, көзлериме тоғысқан гезде жан дүньямды толқытып-тебирентип жиберетуғын өткирлик, ҳеш тәрийплеп, ҳеш түсинип уғып болмайтуғын бир ҳайран қаларлық тәбийғый тәсир етиўши нур пайда болды. Усы алтын сәўле, усы илаҳий нур қайда барсам да, қайда жүрсем де соңғылығында да өмирим бойы мениң менен бирге жасап қалды.

Аўыллық жерде туўылып-өскеннен кейин оның тәртип-интизамына, талапларына да көниўге туўра келеди. Оқыўға барып қайтқаннан соң атыз жумысларына да шәртли түрде бир мезгил қатнасыўымыз керек. Үш

ай жаз бойына сирә де совхоздың бир ортаңқолдай билегине айланып, биресе суўшы, биресе төгинши, биресе пахтакеш болып, қандай ўазыйпа жүкленсе де былай-былай мойын бурмай жуўырып-желип атқара бериўге үйренгенбиз.

Оқыў зериктиргенде дем алыс күнлерди аңсаў, (аты дем алыс демесең қалай жатып-турғаныңды билдирмейтуғын усындайда оқыўды күсеў мектеп жасындағылардың көпшилигине тән шығар? Урда-тут жумыслардан тайсалақлап па, ямаса растан-ақ сағынамыз ба, тезирек гүздиң келиўин, тезирек оқыўдың басланыўын, тезирек бизлерди шақырып алып кетиўин күтемиз. Лекин мектепке қатнаўымыз және узаққа бармас. Сонша ўақытлардан берли ушығаның қыйқымы көрип көңил түйиншиклеримизде түйип жүрген сөзлеримизди еле бир-биримизге айтып таўыса алмай атырғанда терим мапазы басланып, жоқары класс оқыўшыларын пахтаға тарқатып жиберер. «Енди шынтлап турып оқырман, енди сабақларымнан «бес» тен басқаны алмаспан, енди муғаллимлеримниң айтқанын еки етпеспен» деп ықлас пенен келген өспиримлер бийнесип қалар. Солардың бири мен де Айболғанның жамалын күнде көрермен, сөзлерин күнде еситермен, күнде қол алысып сәлемлесермен, мектеп жасындағылар ушын намақул деп табылмақ түўе оннан бетери болса да тап енди оған хат жазып лебиз билдирермен деп ашып жүрген палым бузылып және пәнтқумар қала бердим.

Терим қызғын басланып атыр. Өткен жылғыдай быйыл да бизлер Нурназар, Аллам-

бөрген, Кәрим, Қәлек бесеўимизди қырманға жиберди. Басқаларымыздан тиришелеў Кәрим Тәңирберген ағаның жанында пахта кептирисип, жыйнасып жүреди. Қалғанларымыз тележкаға тасып, әбден басқылаўын берип Әбдимураттың тракторының сүйретиўинде «Халқабад»тағы пунктке тапсырып қайтамыз. Териў машиналары иске түскенде таң ағарғанша аўыл менен еки ортада силкпемиз шығады. Усындайда көзимизге уйқы тирелип манаўсырасып, көпшилик пенен пахтамызды терип жүре бермегенимизге өкинемиз де.

Әсиресе, мени айтсеш? Бир жақта жүрип, уйымда пахта терип атырғанларға елеўреймен де тураман. Пахта тапсырылатуғын қырман жайға алып баратуғын жол бизиң үйдиң қапталы. Қоңысы қурдас қызлары менен бирге Айболған да усы жерден күнигe кем дегенде бир-еки мәрте өтеди. Олардың топарын бузып-жарып барғандай, оған сөз айтқандай жүреклилик бизде қайдан болсын? Тил қата қояйын-ақ, бирақ ол қайырлып-әм қарамаса неше пуллық болғаным? Қандай ой ойласам да, қандай «тон пишсем де», сирә қыйсыны келиспейди, ҳеш нәрсениң утырын таппайман. Ара-тура тәрези басында ушырата қоймасам, усындай жумыс ғажжа-ғаж күнлерде бийталап адамдай атызға барыў, онда да басқалардың емес, Айболғанның жанына... Мениң атқан ҳәр бир қәдемим, көңилимнен кешип атырған қыялларыма шекем бәршеге аян болып қалатуғындай сезиле береди. Сонда да оны сыртынан болса да, узағырақтан болса да көрип турыўдың жолын қарастыраман.

«Қыйсық терек жап»тың бойында өскен нәрўан талларға өрмелеп шықсам дөгерек алақандағыдай ап-анық көринеди де турады. Фартукларын ийинлерине салған қыз-келиншеклердиң арасында киятырған Айболғанға көзим түскенде бойымды толқыўлы-тебиренислер бийлейди. Соңыра, әҳмийетли бир ис питкергендей күни бойы көтериңки кейпиятта өзимнен-өзим толып-тасып жүргеним. Усының өзи әллеқандай, билмеймен, оған сөз айтып, оннан жыллы лебиз еситип ямаса көксине қол сала қойғанымда ғой... шадлық аўырлық етип жүрегим қарса айырлып кететуғын шығар?

Ол мениң өзине деген көз-қарасымның өзгергенин билер я билмес. Бирақ, жақынға шекем бирге отырып, бирге турып жүрген Айболған менен сәлемлесиўдиң өзи күннен-күнге қыйынға айналып баратырғаны ақылыма ҳеш уғрас келмес.

Талай ақ парақларды заялап талай өширип, талай көширип «Айболған» деген исмин қолымнан келгенинше сулыўлап жазыўға ҳәрекет етип шатпақлаған усы туңғыш қосығым көңилханамды биресе нурландырып, биресе гүңгиртлестирип, биресе ысытып, биресе суўытқан сезимлерим берилген, оның қолына, оның нәзерине түсиўге жүрексинбеген усы бир бет хат... Айболғанға усынылғанда аппақ-аппақ болып көринсин, кир шалмасын деп сыртынан қабат-қабат ақ қағазға орадым. Қалтамда әдеўир ўақыт сақланып қалып, сыртындағы ораўын қайта-қайта жаңалаўға, он еки бетлик дәптерди усы бир беттеги он шуўмақ қосықты сол

таза қәддинде тутыў ушын сарплаўға туўра келди.

Өзиме-өзимниң басқан пәзнелерим, берген ўәделерим бийнәтийже кетпеди ме ямаса басқа бир ғайры тәбийий жигер пайда болды ма билмеймен, теримшилер уйымда жүрген «Мектеп жер»ге даўыл ушырғандай бир-ақ барып қалдым. Араласып жүрген аўыл баласы болсаң да бундайда дәрҳал көзге көрине қоясаң. Көзге түскениң—тиллерге тийек болғаның... Ояқларын қашшан-ақ «жети өлшеп—бир кесип» қойғанман. Елеспесиз болыў ушын әўел Кәримниң үйине барып, қаяққа десең де, қандай шатақлық болса да тайынбайтуғын оны ертип шықтым.

Теримши қыз-келиншеклер, шыпырласқан шабақлардай оқыўшы баллар жалпыламай бир тап, еки таптан қуўалап «жалманып» баратыр. Көлемниң ортарағындағы оқ қарықтың ишинде қатара дизилискен жарым-жарты қанарлар, қалталар, кишкене-кишкене таўлар көринисине мегзес, бир-бириниң сыңарындай ҳәр жер-ҳәр жерде үйилип атырған фартук-фартук пахталар...

Усылардың арасында үстине қызыл камзол жайыўлы қанар көзлериме оттай басылды. Бундай тапқырлық, бундай батыллылық қайдан пайда бола қойғанын қәйдем, мени көптен берли әжеп ҳалатларға салып жүрген қойын қалтамдағы хатты алдым да Айболғанның ғыжым камзолының кисесине қалай сүңгитип жибергенимди мурны ҳәңкийип киятырған Кәрим түўе, көзлери пахта ханаларын тинтинип жүрген басқалар түўе ҳәтте өзим де аңбай қалдым.

Тынышсызланыўдың, тәшўишлениўдиң,

аяқлардан да бетер жүректиң тыпыршыўының қандай болатуғынын, олардың не нәрселер екенин бурын онша билиңкиремей еле де сәл бериректен қайтып жүр екенмен. Сол күни күн батпай кетти, сол күни таң атпай кетти. Көз алдымда Айболған... Ол әне жеңсизин кийди, кисесинде тосынан пайда болған қағаз қолына илинди. Басқалардың нәзерине түсип қалмаў ушын және жалма-жан қайта салып қойды. Соннан,—атызда да, кеште тәрези басында да, үйине қайтып киятырып та, кемпир апасының шайын демлеп болып, аўқатқа айланысып жүрип те оны ашып оқыўға сирә ретин таппады, мәгар умытып та кетти, мәгар жүреги даўамады, мәгар барлық ойы-қыялы усы қағазға жәмленди. Әне, ақыры қолына алды, ақыры оқыды... Жаным шүберекке түйилген мен болсам бар дыққатым, бар сезгирлигим, көзлеримниң бар өткирлиги менен оның жүзлеринен қолындағы қағазға, ондағы Айман болып сөйлеп атырған сөзлерге азмаз да болса сүйиспеншилик излеймен. Айболғанның көзлери мениң жүрегимнен көгерип шыққан усы муҳаббат ғумшасы тымсалына айланған усы қосықларды өзиниң заўық бағышлаўшы нурларында абат етсе, қолынан қойғысы келмей қайта-қайта нәзер салса, соң тойларға кийип шығатуғын кийим-кеншеклери сақланатуғын кишкене сандықшасына жасырып қойса...

Бир ойым... бул хат Айболғанның қолына жетип бармаған... Беккемирек болыўы ушын аўзына фартук пенен камзол басылған пахта толы қанар менен бирге домалап жүргенде қырман жайда тәрезиниң нәўбетинде

турғанда түсип қалған. Бәлким, ол ҳәзир мамықтай ақ пахтаңа аппақ-аппақ болып көмилип атырғанды? Бәлким, әлле кимлер таўып алып, Айболғанға арналған муқәддес сезимлерим аяқ асты етилгендей. Мениң сонша айлар-жыллар бойы тири бендеге билдирмей қупыя сақлап келген усы сырымның паш болғаны ма? Енди, бул жөниндеги хабар «Қыйсық терек» аўылы арасында самалдай есер. Бундай да батылсызлық, бундай да намақулшылық болар ма? Жүзбе-жүз сөйлесиў қолыңнан келмейди екен, неге ғана өзине усынбадың?! Усы аз гене ўақыт ишинде өзимди талай рет тирилей жерледим, талай рет муҳаббат тахтына мингизип, жолымды муҳаббат патшалығынан бурып салатуғын да болдым. Усындай соңы жоқ тынымсыз ойлар, усындай елеслер... Көз алдымда маған гийнели баққан ренжиўли Айболған, көзлерин үзбей күлимлеп қарап турған Айболған...

Бизлер киширек ўақтымызда тек үйдиң дөгерегинде, үлкейе келе той-мерекеге яки пунктке пахта тапсырып қайтыў ушын болмаса түнде былай-былай шығып үйренбегенбиз. Мен өмиримде биринши мәрте усы сапары усы тәртип-интизам соқпағынан шығыўға мәжбүр болдым. Апам-ағамның көңилин аўлап мал-ҳалын ертерек жайғастырысып геўгим түсе баслаған мәҳәлде «Қыйсық терек жап»тың етегиндеги жол менен ҳешкимниң көзине түсип қалмаў ушын буқпантайлап Айболғанның үйине қарай сыздым. Сирә де есигин айқара ашып кирип барып кеше жазған хатымның жуўабын сораўға емес, сыртынан болса да көрип, көре алма-

сам ең болмаса жайын бир-еки рет айланып қайтыў ушын баратырман.

«Қорыққанға қос көринер»—дегендей ҳәр адымымды аңлап басып киятырған маған жолдың ғырра шетинде биреў зиңирейип турғандай болды. Қаяққа тайсалыўды билмей, не болса да бир жолаўшы сыпатында жанынан өтип кете берейин деп оған жақынласқанда барып жүўери атыздың шетиндеги диңгек екенин абайладым. Қатты-қатты дүрсилдей баслаған жүрегим бурынғы жайпарахат қәлпине қайтпаса да азмаз ҳәўиринен түсейин деди. Өзимниң аңқаўлығыма күлким келип, өзимниң қоян жүреклигиме кейиндим. Қапталынан талай өтип жүрген ылай диңгектен айбынғаннан кейин, басқа жағын қоя ғой,—деп қызларды жақсы көриў ушын, өзиң де унаўың ушын, түн көрпесин жамылып урланып барыў ушын мәрт жигитлер ылайық болатуғынына өзимди-өзим қайрап, өзимди-өзим жигерлендирдим.

Аўа, бул Айболғанлардың жүўери атызы. Күн батып жаў шымшықлар уясына кирген-нен кейин барып, таң атқаннан баслап күн-ниң қызылы семгенше усы диңгекте сақпан атып, аппақ болып писип шамаласқан жүўериликти айланып жүретуғын Улзийра кемпир де ҳәзир қызы менен шүңкилдесип сөйлесип отырып күни мененги шаршағанын шығарып атырса керек. Ҳәзир олар үйинде тек екеў ғанасы. Өзинен үлкен әжапасы Гүлзийра буннан бир-еки жыл бурын узатылып кетти. Еситиўимизше түскен есиги бурыннан қудамталығы бар жер екен. Олар кемпирге «қолымызға көшип келеғойың, қашанғы екеўиңиз үрпейисип отырасыз», деп айтқан қусайды. Буған

Айболған да, кемпир апасы да онша ыңғай билдире коймапты. «Жабанлы жерде отырғаннан кейин мал-ҳал, азмаз егин-тегин деген бар. Айжанымның оқыўы да шамаласып турыпты. Ел иши ғой бизлерди бөри жемес, оңысығымыз ҳәзирше жаман емес» деп Улзийра кемпир қудасына да, қызына да еле тәндар екенин, усы отырған күнине шүкиршилиги көп екенин билдирипти.

Дурысында да, бөри жемеген менен аўылда бир-бирeўге ҳазар бериў, бир-биреў менен жаға жыртысыў, биреўдиң мүлкине көз алартыў дегендей жарамас әдетлер болмаған менен де, айбынғандай адамы жоқ әмеңгерсиз шаңарақ мүшелери өзлерин қорғанышсыз, әззи сезинер. Бундай болыўының жөни де бар шығар, әлбетте? Буны ҳәр ким өз басынан кеширмегеншелли аңғармас.

Айболған ата-анасын неше рет жоқлап, жаны жалғызлықтан қаншама азап шеккенин қәйдем, бирақ бир сапары пахта терим күнлери үйине боз-боран болып жылап қайтқанын билемен. Басшыларды да, қарапайым журтшылықты да ақлап болмайтуғын сондай ўақытлар, сондай бир ўақыялар жүз береди. Бул адамлардың қашан бир жай-жайўат жүретуғын, асықпаған күни бар? Қәдимги терим шилер де тәрезиге дүбеп басып, «ким бурын өлшеткейли»ге кетип баса-басты қурады да жатады. Бул әсиресе, кешки пахта қабыллаў пайтында әбден ҳәўижге минеди. Сол бир гүз —теримниң бурынғы таўы жаздырылып, қанар қампайғандай пахта қалмағаннан кейин тек бир-еки фартук пенен-ақ қанаатланатуғын күнлер еди...

Басқа қызлар қатарлы Айболған да «бурын

өлшетемен»ниң талабында пахтасын төрезиге сала бергенде табельщик Қалбай ағаның жанында биреўди мақтап, биреўди тәртипке шақырып турған бригадиримиз Орынбай аға шыдамай кетти ме өзин ортаға урды. Басқа қызлар фартуклерин тартып үлгерди, «мениң нәўбетим ғой» деп ақ көкирекшилигине барып ханнан хабарсыз қалған Айболғанның қолынан фартукти жулып алып изге ылақтырып жиберген бригадир ҳаплығыўын басалмай «ҳә, атаңа... сениң-ә!» деп бир емес еки рет тәкирарлады. Сәл нәрсеге қара дүти шығып күйип-писип жүретуғын, жоқарыдан «сөз» еситсе, «ғаз ашыўын тырнадан алар» дегендей ҳақ кеўил, жайма шуўақ Орынбай ағаның зәҳәри усы рет Айболғанға шашылды. Шашылғанда да оның нәп-нәзик көңилине, сәл нәрсени өзине ала беретуғын бурыннан даҒлы кишкене ғана жүрегине шашылды. Өксигин басалмай солқылдап жылаўы менен үйине тартқан Айболғанның сол ақшам қандай ҳалатта болғанын, ақылға жүгинтип ис тутатуғын Улзийра кемпирдиң не сөз бенен жубатқанын билмедим.

Бийшара кемпир, қызы, күйеў баласы жикжапар болып жалынса да «Өз үйим—өлең төсегим» деп кисиге жалтақ болып, кисиниң қолына қарап қалғанша усы отырысын патшалық көрип, қандай қыйыншылық, қандай гәпсөз болса да ишинен егитилип, ишинен күйинип бәри-бәрине төзип киятырғаны шығар.

—

...Усы жүўери атыздың күн батыс тәрепинде тас қудық болып, ол үш ай бәҳәр, үш ай жаз бойы елеспесиз қалады. Салмаларда суў тартылғаннан қудықтың суўы алынып тазала-

нып аўыл-елдиң бала-шағасынан баслап мал-ҳал, қой-жанлығына дейин усы қудықты айланшықлап, кип-кишкене талдырмаш қызларға шекем беллери ийинағашларындай майысып суў тасыўдың ҳәлекшилигине түседи. Мине, усы күнлери де бул қудықтың басында «шырақ» жанып тур. Үлкен ағаш наўа көгис тартқан тып-тынық суўға лип-лип толы. Сәл арманырақтағы сырықта төңкерип қыстырылған шелек көринеди. Аўзы дөңеслеў қудықтың әтирапында жән-жаққа тарап кеткен аяқ соқпақлар. Бул соқпақлар «Қыйсық терек» аўылындағы көпшилик үйлердиң босағасына дейин барып қайтады. Бизиң үйге де ,Нурназардың, Айболғанның үйине де... Тап усы пайытта мен Айболғанның есигине бас урып жығылатуғын соқпақтың дәл ортасында ҳәр адымымды санап басып киятырман. Аңламасқа да болмайды, есбеби оның үйине кешлетип, онда да урланып келиўим өмиримде бириншн рет болып отыр.

...Баяғылары қандай жақсы еди? Бүгингидей, жүрегимди, қәдемлеримди басқаратуғын бунындай сезимлерден намыў-нышан жоқ еди. Ҳәзир бетлей алмай киятырған мына үйге бурын ойқаслап кирип, ойқаслап шығатуғын едим-аў! Мына гөне тамның қапталында өскен ақ таллардың бираз шақалары суўсызлықтан ба ямаса қартайғанлық белгиси ме қуўрайын депти. Ўақтында суў ағып турған кишкене салмалары нәўше талларды нәрўан дарақларға айландырып соңыра батыл болып кеткен. Үйинде басқа баллары жоқ Улзийра кемпир бизлердиң Айболған менен ойнап усы дөгеректе шаўқым көтерип жүргенимизге ҳеш те қабақ шытпас. Қайтама, «аш болып қалма-

дыңыз ба? Шөллеп қалмадыңыз ба?», деп пәрмана болып ҳәр қайсымызға шаппаттай-шаппаттай нанға қап-қалың етип сары май жағып берип кирип-шығып сыртымыздан көз-қулақ болып жүргени. Сондағы ең қуныгып ойнайтуғын ойынымыз әткеншек ушыў. Оны ким қурып бергенин билмеймен, ақ талдың үлкен шақасына, дым бийикке байланған қайыс арқанның төменги ушына бекитилген отырғышына дейин тақтай ағаштан жүдә муқыятлап исленген. Мектепке баратуғын жолымыздың үсти болғаннан кейин баратырып та, қайтырып та усы жерде иркилип, Айболғанның барыў-жоғыў әткеншекте бир-еки рет пәт алып ушып-ушып кетемиз. Сол әткеншек пенен талай мәрте қосылып толқып-тебиренген ақ тал бурынғы орнында турыпты-дә, бирақ бизлерди әл-ҳаўаға шарықлатып уштыратуғын сол әткеншек соңғы ўақытлары көзге түсе бермейди. Оны ким қурғаны белгисиз болса, ким бузып алып таслағаны да бизлерге биймәлим еди.

Мениң бахтыма Айболғанның үйиниң ийти жоқ. Ертеректе күшик сақлап жүретуғындай еди, лекин бул босағаға ийт қутаймай-ақ қойды. Ийти болғанда да күн-ара көрип жүрген мени таныйтуғын шығар-аў, таныганда да «тил табысаман дегенше де» бизиң урлығымызды жети журтқа жаймаған менен қоңсы-қобаларының ийтлериниң де аяқларына ғоз басылатуғыны бар-дә! Оның шағаллар ғыйқылдатып әкетип жүрген таўықларына жаным ашыса да, сырттың ийесиндей әўпилдеген ийтиниң болмағанына усы рет бир адамдай қуўанғанымды жасыра алмайман.

Жүрегим үсти-үстине тепсинип, дүрсилдиси шапшаңласқан сайын қәдем басыўларым кем-кемнен баяўласып Айболғанның жақты шығып турған төрги өжиресиниң әйнегиниң алдына ғаз-ғаз басып бардым. Айнаға жақынлас қан сайын толқыўдан ба, қорқыныштан ба бойымда бир дирил пайда болып өзимди тутайын десем де өрекпиген сезимлерим ырқыма көнежақ емес. Өжиреси кишилеў болғанға ма, мен қараңғыда турғанға ма жап-жақтылы. Кемпир адамның сирә тыным тапқан күни бар ма? Улзийра кемпир гүйбеңлеп көрпе сырыўда, көрпениң бир бурышында түте сабағы, қайшысы, телетин оймағына шекем, есик беттеги аўысып қалған пахта менен еки сабаўына шекем ап-анық көринип атыр. Дәлиз бетте қазанына айланысып жүр ме ямаса китап оқып жатыр ма Айболған көринбейди. Биреўлер әйнектен үңилип турғанымның үстинен шығып қала ма деген алағадашылық бир жағынан қараңғылаў жерге барып дөгеректи шолыйман да және айланып айнаның алдына келемен. Әллен ўақытта аўызғы бөлмеде шырақ жанып Айболғанның апасын аўқатқа шақырған даўысы еситилди. Тап мениң оның даўысын еситпегели не заманлар өтип кеткендей, оны нешше айлар бойы зарығып күткендей сезиндим. Жүрегим оның ҳаўазынан, оның дийдарынан толықсып сала берди. Оның жамалын, оның көзлерин көрмегели, оларды қыялыма елеслетип сағыныш қурсаўында жүргели арадан нешше жыллар кәрўаны көшкендей.

Мен Айболғанға усындай интизарлық пенен, тойып болмас, ишип қанып болмас қумарлық пенен көз тоятым қансын деп нәзер үзбестен

қарадым. Қараған сайын оның нур тамылжыған жүзинен, үлбиреп турған қаймақ еринлеринен, әжеп шуғла шашатуғын көзлеринен бурын байқалмаған сулыўлық, байқалмаған әрман, байқалмаған сырларды тапқандай болдым. Ол қараңғылық қойнында бир жас өспиримниң, өзиниң класслассы, кешеден берли әбден Ғәрип ашығы шығып жүрген Айманның айна сыртында оның ҳәр ҳәрекети, ҳәр қыймылына шекем бақлап отырғанынан пүткиллей бийхабар. Ол, мына бала жигиттиң мына әйнеклерге емес оның нәзик жүрегине үңилгиси келетуғынын, жүрегине енгиси келетуғынын билмейди, ойламайды, сезбейди. Жәқ, жәқ! Бүгин мениң келетуғынымды билетуғындай, арнайы түрде жеңсиз, жағасыз келте көйлегин кийип, өзин көз-көз етип отырғандай. Болмаса, терезесиниң перделерин түсирмегени неси? Үйиниң ишин минтаздай етип, ҳәр исиниң қамырдан қыл суўырғандай бунша мүлтиксиз атқарылыўы неси? Кеште айнадан телмириўге келетуғынымды ким дур ескертип, ол маған унаў ушын ба услап-тутқаны, кемпир апасына еркеленип сөйлегени, күлгени, ақ тамағы бүлкилдей шай ишкени, аўқатланғаны бәри-бәри сондай жарасықлы, мениң дийдимдегидей, мениң жүрегимди елжиретер. Неден дур сетем алды ма ямаса күндеги ўақты, яки жаңа ядына түсти ме айнаға жақын келип сыртқа ҳүрейлениңкиреп жалт-жалт қарады да перделерди түсирди.

Ол мениң хатымды оқыды ма, оқымады ма билмедим-дә, бирақ оның қолында қағаз көринбеди, айнаның алдында да, пештиң, столдың үстинде де ҳеш нәрсе көзге түспеди. Бир жаман ойым: «жазған қосығыңа болайын...»

деп туўрам-туўрам етип самалға ушырғанды деп үйиниң алдын-артын, кул таслайтуғын жерине шекем қарап ағарыңқырап атырған қағаз қыйындысын көрсем: «мениң жыртылған хатым болмағай-дә» деп жан-зәррем қалмас.

Сол күни — Шадлықтың көзлерди, жан-дүньяңды қамастырып жиберетуғын зер шуғлалы екенине биринши мәрте гүўа болыўым еди. Сол күни қайтарсын көкирегим толып-тасып көңил кеширмелеримди ортақласқандай адамды аңсап қалдым. Сол күни «Қоңырат ой»дың ултанына түсип алып «Дәрдиңнен» намасын даўысымның барынша жаздырып жибергим келди, жүрек шеримди усылайтип бир төккйм, төкким, төкким келди... Не болса да сол күни меннен бахытлы адам жоқтай өзимнен-өзим мәсирип қайтып едим. Бул қуўанышларымның узаққа бармай көңил босағамды тәрк ететуғынын, шадлық липасларымды муң тыйыңы сөтетуғынын сол ўақытта ҳеш, ҳеш билмес едим. Сол күни басым дастыққа тийгенше, көзим уйқыға кеткенше Айболған ҳаққындағы ойлар менен бәнт болдым. Айболғанның көзлерин, сөзлерин, жүрис-турысларын ой елегинен өткерип, көз алдымда бирме-бир елеслетип жаттым. Мисли, мени бар ететуғын да, жоқ ететуғын да, келешек тәғдиримди шешетуғын да Айболған, Айболған, Айболған...

Гүзги жыйын-терим тамамлана келди. Оның менен қәдимги күнделикли жумыслар жөнинде сөйлескенимиз болмаса басқа гәп-сөз қозғамадық. Ҳәр сәлемлескенде оның жүзинен жыллылық излеймен, оның тилинен хош хабар күтемен. Байқаўымша мениң бойымды қурысландырып жүрген тартыншақлық оған

да өткен сыяқлы. Сөзлеримиз ебетейсиздей, қарым-қатнасымыз жасалмалыдай. Ашық-айдын пикирлесиўге екеўимиз де жүрек ете алмайтуғындаймыз. Тек, ара-тура көзлеримиз түйисип қалғанда ун-тунсиз сөйлесемиз. Байқаўымша оның көз-қарасы «кет ары» еместей. Мен бийшара соның өзине-ақ дән рийзаман. Бирақ, үйин сыртынан торып, оны қызғыштай қорып түнемлетип «зыяратлаўым» күн-ара болса да даўам етти. Айболғанның өзиме жазатуғын, мәгар жазылып атырған, мәгар мениң көңилимди шад ететуғын бир жапырақ жуўап хатын арзыў-әрман менен, сабыр-тақат пенен күтер едим.

* * *

Оқыў басланып кетти. Быйыл питкериўши класс болғаннан кейин бир-биримиз бенен жақын арада хош айтысып, ҳәр ким ҳәр жайға шашылған дуз-несибин шөпшеп кететуғын болғансоң ба ямаса әдеўир есейип қалдық па қыз лар да, баллар да жүдә сыйласықлы. Мектептеги дийўалы газетаның редколлегия ағзалары сүўретшимиз Саймуҳаммед те, текстлерин жазатуғын мен де бурын класслас па, басқа ма аямай қәлемге алатуғын болсақ енди рабайы менен ис тутатуғын болдық. Ҳеш кимниң зейнине тийгимиз келмейди, ҳәмме менен татыўлыққа талапландық. Айболған менен-ғо баз-баяғы. Нурназар менен болса-болмаса.... Бирақ, оған сол қыстың күни ағаш жарғылап атырғандағыдан кейин ҳеш нәрсе айтпадым, хат жазғанымды ғой, сирә-дә. Деген менен ол бизлердиң арамыздағы узақ даўам ет-

кен түсиниксиз үнсизликти, ғайры тәбийий ҳәрекетлеримизди не деп жорығанын қәйдем?

Нурназар менен бәрҳә жолымыз бир, Айболған менен болса жүдә сийрек. «Халқабад»қа базарлағанда болып, кеште малдың алдына шыққанда болып, оқыўға баратырғанда я киятырғанда сирә бир қатарласып жүриў, сирә бир тил қатысыў несип етпей-ақ қойды. Адам тилекти дурыс тилесе, шын ықлас пенен тилесе орынланатуғынына сол сапары көзим жеткендей болды.

Апам, желинлеп жүрген қызыл сыйырымыздың түстен кейинли берли бул дөгеректе көринбегенин айтып мени излеп қайтыўға жиберди. Жапалақлап жаўып турған қарға араласып аўылдың ишин бир қайтара айланып шығып, ақыры «Райком арна» тәрепке қарай жол алдым. Қыр-әтирап, жер-әм, аспан-әм аппақ-аппақ. Мисли, мен-әм усы қар ушқынларының бирине айланып кеткендеймен. Жаз бойы суў жатқан, гүзге салым малға мол отшөпли жайылым болатуғын «Қоңырат ой»дың ҳәр буйынтығын, ҳәр путасын көзден кеширип жүрсем алды бетимнен биреўдиң ағараңлап киятырған сүлдерин абайладым. Ол да жоқ жойытқан жоқшы болса керек, себеби жөналды қарабарақ бағдары соннан дәрек береди. Мен оннан сескенбесем де, ол мени көриўден абыржып қалғандай азы-кем гидирди де бағдарын сәл қыя алып қапталымнан өтип кетпекши болды. Бир-биримизге жақынласқан гезде барып мен оның қалың оранып-шырманып алған нашар адам екенин, онда да бир қалыс жайда дийдар көристиргей деп тилегинде жүрген Айболған екенин бир-ақ билип қалдым. Ол да мен екенимди жаңа абай-

ласа керек, өзин таныткысы келгендей ме яки басқа бийтаныс биреў ме дегендей еле де исенимсизлеў үркек нәзери менен қайта-қайта қарағышлай берди.

Азанда мектепте сәлемлессем де қолынан аўлағырақ жерде бир услап көриўге ықласым кетти ме, оған жақынлаған гезде қол усынып:

— Ҳаў, Айболған! Мына уйытқып турған қардың ишинде, мына дүбелейде адасып жүргениң жоқ па? Аўылдан әдеўир шығынып кетипсең ғой! — деп өзимниң ишки ҳалатымды жасырыў ушын ҳәм оны сөйлетиў ушын гәпти бирден усылай ҳәзил менен басладым.

Созып турған қолымды ҳаўада асылдырып қалдырмайын деди ме, ол да қол усынды.

— Қой-жанлықлар тап жақын арада ғана қудықтың басында турған қусап еди, үркиппетип усылай шығынып кетпеди ме, деп геўгим түсип кетпей турып дәслеп «Қоңырат ой» ды көзден өткерип жүргеним. Ал, адасып кеткенимди, аўылдан шығынып кеткенимди тәўир көрип жүрген болсаңыз... деп ҳәзилиме ҳәзил менен жуўап бергиси келгендей соң бирден өзин иркти. Бирақ, көмекейинде қандай да бир сөзлер қалып қойғандай сезилди.

Тилимниң ушына келип қалған сөзлерди ойланбай айтып салып, кейнинен көңилине аўыр тиймеди ме екен деп өзимнен-өзим азап шегип жүретуғын басыма және сондай саўда түсе жазлады.

Яғә, өйдемесе? Қайтама сени басқа ҳешким-ҳешкимге қыймай сыртыңнан қорып, үйиңди де торып жүргенимиз ғой, — деп өзимниң қардар екенимди аңғартып атырман.

Ол ҳәзил-дәлкекти жыйыстырғысы келди ме,

я болмаса жайының дөгерегинде кимниң дур сөңғы ўақытлары пайда болып қалғанынан сезикли ме маған жалт қарап, бирден бурынғы салдамлылығына көшти.

Оны кетип қала ма деп, азмаз болса да жанында жүргим келип басқа сөздиң ретин таппай: — Айболған, мени кешир! Тинәў күнги жазған хатыма өкпелемедиң бе?

— Қайсы хат, ол тек қосық емес пе? Оның гийне тутқандай неси бар, ямаса билмей қалып жазыпп'ан демекшисең бе?

— Яғәў, яқ! Тек, мен, зейниңе тийип алмадым ба деп қорқып жүр едим.

— Ҳеш қорқатуғыны жоқ, бирақ мени пери қызларына мегзетип, асыра мақтай бергениң орынсызлаў. Адамды тап мысқыллап атырғандай сезиледи екен. Абайлы болмасаң, көкте жүргенлер жердегилерди онша көзге иле бермейтуғынын умытпағайсаң деп лийкинли түрде күлимсиреп қойды.

— Қосықта жасандылық болмайды, ол шын көңилден ҳәм турмыста ҳақыйқый жүз берген нәрселер ҳаққында жазылады. Мәселен, сени ҳәр ушыратқаным, дийдарыңды сағыныш пенен көргенимниң өзи бир қосық... деп ағытылып баратыр едим.

— Қой, мына барысыңда қәпелимде шайыр болып кетерсең. Сөйтип, аўылдағы биз қусағанларды менсинбей қаланың пасон қызларының изине ерип кетип қаларсаң деп ол да ашылысып сөйлесип, таўып айтқан ҳәзилине өзине-өзиниң көңили толып турғандай.

Айболған да көптен берли мен қусап жабығыңқы болып жүргендей еди, енди екеўимиз де ойламаған жерде ушырасып, әбден сыр

шертисип дебдиўимизди тарқатпаған менен ишки ҳәўиримизди шығарғандай болдық.

Қар мынандай болып уйытқып турғанда әтирапта бизлерден басқа ким барды дейсең, ким қарап турғанды дейсең, ең болмаса қолларынан тутып, жүдә-жүдә жақынырақтан көзлерине бағып оның нурларына көкирегимди толтырып-толтырып алайын, бундай ғәниймет демлер көп бола бермес деп Айболғанның қолларынан услаўға оқталдым.

Оның қоллары, оның жып-жыллы қоллары... Өзимниң далада қалғандай муп-муздай қолларым... Олардың суўықлығынан Айболғанның жүрегине де усындай салқынлық түсетуғындай қысынып кеттим. Айболған да қолларын тезирек босатып алғысы келип, силкиңкиреп тартып неге дур қабағын шытайын деди. Бирақ, аяз бенен қызғыш тартқан жүзлери, аппақ-аппақ қар ушқынларынан уялып қамасқан көзлери, қар қырпақларының түскенин-түскенлей еритип атырған ләблеринде қәтиржәмлик, ығбалына рийзашылық белгилерин байқағандай болдым. Батылым жетип усы рет, дәслепки ҳәм соңғы рет бир-биримизге қол созым жерде турған сол әжеп мәўритлерде оның жанып турған, «меңи сүй» деп тамылжып турған жүзлеринен ең болмаса бир жуп поса алыўға талапланбағаныма өзимди-өзим өмиримше кешире алмай киятырман. Жәжәқ! Оның жанына да, тәнине де дақ түспей, барған жеринде жүзи жарқын болғанына жүдә-жүдә қуўанышлыман...

Мен Айболған менен «Қыйсық терек жап» тың жағасына шекем бирге келдим. Екиге айырылған соқпақтың басында иркилип ту-

рып, хатыма жуўап күтип жүргенимди билдирдим.

Ол азы-кем үнсизликтен кейин, бир шешимге келгендей, айтылатуғын сөзлерине кедерги болып турғандай тереңнен бир дем алды да: кишкене ўақтымыздан дос екенимизди, мектепке де Нурназар үшеўимиздиң он жыл бойы бирге қатнағанымызды, өмиримиздиң ақырына дейин усы дослық пенен жасап қалыўымыз кереклигин айтты да «яқшы, онда мен кеттим, бүгинги жоқ жойтып жүрип қар жаўған күни ушырасқанымыз ҳаққында да бир қосық жазарсаң-дә!» деп уйытқыған қарға араласып ағараңлап-ағараңлап турды да сөң көринбей кетти...

Мен ҳеш нәрсеге түсинбей, Айболғанды тек қыялымда елеслеткендей, тек түсимде көргендей аң-таңым шығып қалабердим. «Қыз деген сондай болады — турысы жумбақ, ол жақсы көрип турса да хош көрмейтуғын адамның қылығын етип, жигит қанша азап шексе сонша рәҳәтленеди» деп китапларда оқығанларым рас болды-аў! Айболған да бизге усы өнерди көрсетип атырғанды да,—деп өзимди-өзим жубатып, тынышсызлана баслаған жүрегимди алдартқан болдым.

Баяғылары ашықлық дәстанларын оқығанымда, муҳаббат туўралы қыял еткенимде.. көз алдымда гүллер, сылдырлап ағып атырған суўлар, сайрап турған серхош булбиллер бостанында өзим унатқан қыз бенен ушырасып, қолға-қол берисип, ләбке-ләб қойысар едим. Аспандағы Ай да, жымыңласқан жулдызлар да, бизлер жасыл жапырақларын жамылысқан гүўлеп гүлге отырып атырған бағлар да ашық-машықлардың тәбизине бағар.

Аўа, мениң ойымша дийдарласыў пайытлары усындай көринисте болыўы керектей еди.

...Қар астындағы муҳаббат... Жаңа ғана ғумша жарып гүл ашыўға мейил берген муҳаббат... Бәҳәрдиң сәл узағырақта екенин билмей қалып қысқы тоқсанның ишинде бир дем гене бой көрсетип, бир дем гене өмир сүрип жуўадай солған муҳаббат... Мен туңғыш муҳаббат ҳаққында ойлар екенмен —көз алдымда уйытқыған қар, үркек нәзер менен баққан бир нәўше қыз, екиге бөлинген соқпақ, жапалақлап жаўған қар жасырып атырған, кем-кемнен көринбей қалып баратырған оның излери...

Сонан берли ҳәрдайым қыс мәўсими келгенде қар жаўыўын сағына күтемен. Ҳәрдайым усы қар ушқынларына араласып, қарды сықырлатып басып шийрин ой-қыялларға елтип ҳеш егленбестен жүре бергим келеди. Қыялым усы думанлы-дүбелейли аппақ-аппақ дүньяның төринен аппақ гене Айболғаным шыға келетуғындай болады да турады...

Аязлы күнлер өтип, бизиң «Қыйсық терек» ке де бәҳәр қәдем қойды. Буйығысып жатырған әтирап ҳәрекетке енди. Аўылымыз адамларының әйне ерте турып, кеш жататуғын усы мәҳәлинде бизлердиң де он жыллықты тамамлап оқыўдан қырман алатуғын ўақтымыз жетти. Питкериў имтиҳанлары — бул өмиримиздеги ең дәслепки имтихан еди. Тап усы имтиханда мисли тәғдиримиз шешилетуғындай. Себеби, муғаллимлеримиз оның әҳмийетлилигин бизге усы дәрежеде уқтырып, ҳәр күнди босқа жибермей имтиҳанға ерте бастан таярлай баслады.

Қолларымыз саўа болды дегеннен таярлық, биресе бизиң, биресе Нурназардың үйинде. Мектепти питкергеннен кейин қандай оқыўға баратуғынымызды айтысып, ҳәзирше тек тил, тек қыяллар жете алатуғын әрманлар қанатында ушып кеткимиз келеди. Усындай күнлердиң биринде Мәнигүл шешем дәстурхан дөгерегине жаңа отырыса бергенимизде гәп баслап қалды.

— Айман, қарағым! Мектебиңизди де питирейин деп шамаластыңыз. Мына жораңа өзиң-әм түсиндирмесең, мен айта-айта уқтыралмай-ақ қойдым. Өзлериңиз бенен бирге оқыйтуғын анаў Улзийра кемпирдиң қызы Айболғанның әке-шешеси менен бунның әке-шешеси қуда болыўға сөз байласып еди. «Өлиниң айтқанын тири қылмас» деген, ол бийшаралар болса марҳум болып кетти...

—Қойса, апа, сондай келиспейтуғын сөзди! Нурназардың даўысы кийлигиңкиреп шықты.

Мен болсам... Өз қулағыма өзим исенбедим. Түс көрип атырған шығарман деўге түске де усамас? Бул не ҳал, бул не аўҳал? Усы ўаққа шекем бул жөнинде бирде-бир мәрте еситпегеним бе? Нурназар, Нурназар, Нурназар-әй! Сонда дос болып жүрип бунның несин меннен сыр тута қойды екен? Ямаса оған-әм кемпир апасы жақында айттымекен? Есейе келе бурынғыдай ағытыла бермейди екен ғой көкирек деген қурғыр! Мен Айболғанды жақсы көретуғынымды, оған хат жазғанымды Нурназарға билдирдим бе? Бәлким, ол да сондай еткенди-дә...

— Келиссин-келиспесин бир аяғы жерде, бир аяғы гөрде турған мен айтпасам саған бул гәпти басқа ким айтады ,балам-аў?! Сениң бир

басынды екеў етип кетиў мениң парызым ғой. Оннан қала берсе ертең о дүньяға атланғанда алдымнан шыққан әке-шешеңе не бетим менен қарайман!

— Айман, шырағым, есиң бар ғой... Мына балаға айтөс! Өзи де тартыншақтың тартыншағы. Буларға кепсерши болып со қызды келин етип әкелип бере қойсаңыз!? Илайым, өнип-өсиң, сизлерди де мениң жасыма жеткерсин, ақ пәтиямды берейин деп қос қолын жүзине тартты.

Мен не деймен. Тула- беденим дууылдап аўзым сөзге жууыспады. Сөйлейин десем еринлерим дирилдеп, ханасын тәрк етип кететуғындай көкирегимди астан-кестен етип, бозборан болып аўнап жылап атырған жүрегим хәўиринен түсежақ емес.

Әллен, әллен ўақытта... Мәнигүл шешем қанша сөйледи... Нурназар тысқа неше рет кирип-шықты... Өзимше усындай болыў керек деп таптым ба ямаса сезимге берилип кетип тереңирек ой жууыртпастан шешим қабыл алатуғыныма бардым ба?

— Нурназар айтқанды етеди ғой, қыз да ата-анасының рухы ушын сирә-дә бас тарта қоймас. Мен өзим әйтеўир қандай хызмет болса да таярман! — деп қәпелимде күни мененги сезимлерден арылып шыға келдим.

Бирақ, бул ўақытша арылыў екен. Расында да, ойланбастан қабыл алынған шешим екен. Ең болмаса үндемей қала қойғанымда не қылар еди, сол рет! «Үндемеген үйдей бәледен қутылар» — деген сөз бийкар айтылмаған екен ғой! Яғәў, яқ! Ол мүмкин емес, ондай беккемлик бизде қайдан болсын? Ўақыт өткен сайын, санама орныққан сайын бунның хазары

жаныма кем-кем бата берди. Кем-кем Нурназар да, Айболған да анығырақ көрине баслады. Нурназар менен жарғы тартып турғанымызда Айболған ҳаққында гәп болғанда оның жүзинде неге өзгерис болды десем... Сонда қәтелеспеген екенмен. Нағыз дос екен, ол сонда неге анығынан келмеди екен? Көкирегимдеги сол сүйрик сезимлерди тамырласып кетпей турып бийҳазар-ақ жулып таслаўға болатуғын еди ғой сонда? Өзи де еки ойлы болды ма екен? Сонда оны хош көрмейтуғынын аңлатып еди, бәлким тил ушы, тек көзабаға ма?... Мәгар, кемпирлер кемпирлигин етип зәўлим салып атырған шығар? Олардың арасында мектепте я атызда жүргенде болып ҳеш нәрсе абайламадым ғой! Қыстың күнги сол бир демлик ушырасыўда Айболғанның өзинен гүдер үзип сөйлегени... «Дос болып келдик, ендиги жағында да усындай дос болып қала берейик...» деп Нурназар үшеўимиздиң татыўлығымыздың бузылмаўын қәлеп, оны неге сөзге араластырды десем?... Булардың үйиниң ишлеринде усындай келисим болса, мениң суғылысып жүргеним әнтек ис болған екен!..

Әўелги пайытта бәри ўақытша нәрселердей, соң-соң бәри де орынлы-орнына түсип жөнлесип кететуғындай еди. Берген сөзимниң үстинен шықпаў —опасызлықтай болып сезилетуғын маған қанша аўыр тийсе де жүрек-баўыры елжиреген Мәнигүл шешемниң сол тилегиниң орынланыўын жүдә бир қәлемесем де Нурназар менен ашық-айдын пикирлесиўди ақылға муўапық билдим. Бирақ, Айболғанға хат жазғанымды, бир рет болса да тиллескенимди айтпадым. Мен еки ортаға билмей-

нетпей кийликкен екенмен, ол да бул ҳаққында аўмаз хабардар бола қойса пүткиллей ўаз кешетуғынын билемен, ақыры!

Ийим бос па, ямаса көз жас төгиўге турарлық па? Қула дүзге бас алып кетип, көкирегимди босатып жылап-жылап алғым келеди. Қол созым жердеги Айболғанға енди қолымды-әм соза алмайман. Жүрегиме бир ләззет бағыш нур дарытатуғын көзлерине де енди тойып-тойып қарай алмайман. Ол ҳаққындағы әрманларымның қанаты кесилди, мен енди уша алмайман, оны ойлай алмайман, ондай етпек кеширилмес гүнә дур, досқа қылаплық дур... Ендигиден былай дизгинимди тартып бойымды оннан аўлағырақ салып жүриўди, еткен қәтешиликлеримди дүзетпек ушын Нурназардың дегенин еки етпеў ҳаққында жүрегимниң үстинен ҳүким шығардым. «Қоңырат ой»дың ултанында өзимнен-өзим ағыл-тегил боламан, мына кем-кемнен қалыңып баратырған қайғы қурсаўынан шығайын деймен, кем-кемнен шырмап атырған тәшўиш торын сөтейин деймен, лекин айланып келип усы ақ табан болған соқпаққа түсе беремен, бир түйыққа тиреле беремен. Өмиримде, —иним Сапарбайдан, бийшара әкемнен айырылғанда усындай шарасызлық ҳалға дуўшакер болып едим, өкиниш пәнжеси көкирегимди шеңгеллеп усындай, усындай, усындай егилип жылап едим...

Буннан кейин де Мәнигүл шешем бурынғы гәпти бир-еки рет жаңартты, бирақ Нурназар менен Айболғанның арасында кепсерши болыў мениң қолымнан келмеди. Өзлери не қылып, не қойғанынан да хабарым болмады. Байқаўымша, еле тым-тырыс қусаған. Мени-

гүл шешем ықласлы болған менен буны бурыннан хош көрмейтуғын Улзийра кемпир ошағының басында ол ҳаққында сирә-дә тәўир сөз айтпайтуғыны белгили. Бул сөзлер сол шаңарақтың бир мүшеси Айболғанға да тәсир етпей қалмайтуғыны аттан анық. Тек, гейде-гейде Нурназарға «аняқ пенен сөйлеспедиңиз бе?» деп елеспесизлеў саўал таслап, оның «эй, яққ!» деп ийнин бир қағып қойып қайтарған усындай қысқа жуўабын еситемен. «Ал, Айман жора, бурын әке-шешемиз бири қызын берермен, бири баласына алар ман болып айтысса айтысқан да шығар? Мениң ығбал жулдызым басқа бир қыз бенен жарасатуғын қусаған. Өзиң айтқандай «жақсы жатқа кетпесин» деп қыймайтуғын болсаң мениң «өкпе-гийнем жоқ, талапланып көр!» деген сөзлерин күтип, Нурназардың аўзын бағып, көзлеримди сағып жүргеним. Бирақ, ондай болмады...

Усы күнлери Улзийра кемпир қатты жығылып, былай-былай табжылмастан апасының басында болып жүрген Айболған да онша көринбейтуғын болып кетти. Көңилин сорап барып-келип турған үйдиң ишиниң «кемпир бийшараның бу жатыста көшетуғын түри бар» дегенине, аўылдан көшип кететуғын шығар деп зәррем-ушып жүрсем, оның өмирден көшетуғынын айтысып отырғаны екен. Кемпир адам өз жолы менен кете берер-аў, жалғыз сүйениши кемпир апасы да оны тәрк етсе Айболғанның ҳалы не кешеди? Аўылда қала ма? Қаяқта, кимниң үйинде? Жез[illegible]есиникине кетеме? Ояқта да не бир оңысық болар дейсең? Маған кемпирдиң қазасы емес, Айболған-

ның зар-гирян болып жылап қалатуғыны бир адамға батқандай-ақ батты.

Кемпир бийшараның еле де тататуғын дузы таўсылмаған екен, етеги көз жастан толып жүрген қызының тилегин жаратқан қабыл етип «яқшы, ҳәзирше шаңарағыңыз шайпалмасын» деп оны бир ретке таслап кеткендей бети берман қарайын деди.

Бирақ, көп узамай олардың көшип кететуғыны ҳаққында хабар шығып әжапасы Гүлзийраның үйи көширип әкетиўдиң ҳәрекетине түсти. Улзийра кемпир: «бүйтип көшкенше, келин болып еңкейип түскен, өмирлик қостарым Палымбет, жалғызым Аташ, келиним Ханымгүлдиң табыты шыққан мына босағадан мениң де табытым шығар деп едим. Олар жатырған «Шыблыйа-Шайх» әўлийесине келин болып узатылып келген жол менен, жақсы-жаман күнлеримди бирге өткерген, аўыр-жеңилимди бирге қолласқан усы аўыл-елдиң адамларының қол ушында аўылдан да, өмирден де изге айланбайтуғын болып көшермен деп едим. Бендениң қайсы бир дегени болып атыр, бүгин бе, ертең бе, түбинде басымызда бир өлим бары ҳақ. Тек, Айболжанымды қутлы жайына қондырсам... көп қамығып, жабығып өскен усы қызымның ертеңи толғандырып жүрегиме ас батпайды. Өлип-нетип кетер болсам аўылға да хабар берилер, Нөкисте де руза тутып намаз оқығандай адам қалып жарығанды дейсең бе, сонда қалып қоймай бара гөриң...» деп зинҳарлап барған адамлар менен ырзаласып жыласып хошласып жатқан.

Биротала көшиў тек Айболғанның соңғы имтиханларына қарап тур екен. Көшетуғын адамлар дуйым-журтқа жар салып, той берип

көшсин бе, бир күни кешке таман көшип кеткенин бир-ақ билип қалдық. Кеткен адамларға да онша женил соқпайтуғыны анық ғой, қалған адамларға да әдеўир аўыр тийер екен. Хеш айырылмайтуғындай, мәңги бирге жасайтуғындай адамларыңды енди хәтте, айында-жылында, мәгар өмириңше көрмейтуғын болсаң, көзлериң қуўанып, аяқларың қатнап үйренисип қалған үй аңсақ-саңсағы шығып диййўалларына шекем шөп шығып жатырса қаяқтан аңсат?

Сөйтип оның үйи аўылымыздан көшип кетти. Мисли, сонша адамлар жасап атырған, сонша кең аўылға сыйыспағандай үн-түнсиз кетти де қалды. Басқаларды қәйдем, бәринен де бетер еле бундай жоғалтыў, бундай айралық аўырманшылығын тартып көрмеген маған аңсат болмады. Қаяқтан аңсат болсын, ақыры ол үйде Айболған бар еди. Мениң көкирегимде бинят болған мухаббат бостанының тиришилик өзеги — Қуяшым бар еди... Туўылып-өскен жеринен, қурдасларынан бөлинип, тодасынан адасқан аққуўдай сыңсып кеткен оған да аңсат болмағанды. Әрманлы жүрегине муң уялап, жаўдырасқан көзлериниң шарасы лип-лип жасқа толғанды... Қәйтсе де, топ-толы аўылымыз босады қалды, шадлы шаўқым-сүреңлер тынды қалды, мениң бай көңилим жарлы түсип, олардың көшкен журтындай, таслап кеткен үйиндей хүўледи қалды...

Бир күни оң жақтағы қоңысымыз, жорам Алламбергенге Нөкистен хат келип, сол хаттың ишинен және бир хат шығыпты. Ол маған... Айболғаннан... Жүрегим сезген екен,

сезимим алдамаған екен... Ол да бәрин-бәрин қашшаннан биледи екен, ол да талай ойланып-толғанған екен. Ол да ишинен уныратылып талай азап шеккен екен. Тек те, арадағы дослыққа бола, жүрегиндеги булқыған сезимлерин тыншықтырып, тилин тислеў менен үнтүнсиз жүрген екен, ақырында усындай жол тутыўды мақул көрген екен...

Оның хат арқалы билдирген жыллы лебизи жүрегиме шексиз қуўаныш алып келди, дәрт алып келди, бойыма күш-жигер, өмирге деген сүйиспеншилик алып келди. Бирақ, дийдар көрисиў итималының жоқлығына ренжигеним менен, оған қанат байлап ушқым келгени менен бәри-бир ҳеш илажым жоқ еди, оған жуўап хат жазалмас едим, оған баратуғын жол жоқ еди. Жан дүньямда — бир арпалыс, өзим менен өзим алысып, жүрегимди өз ҳүкимиме бойсындырыўдай мүшкилли бир ис...

Аўа, мен оған жуўап хат жаза алмадым. Оған айтатуғын сөз таба алмадым. Оған жазатуғын, оған айтатуғын сөзлеримди жүрегимнен басқа жазатуғын жер таппадым, жүрегимнен басқа тыңлайтуғын жүрек таппадым. Өзимниң кебземде өзим айландым, өзим менен өзим сөйлестим, тек өзим менен өзим, тек өзим менен өзим...

Балалығым, жаслығым, муҳаббатым... Сизлер менен хош айтыспай-ақ усылайынша үнтүнсиз хошластым. Күнлерим, айларым, жылларым — Сизлер мениң өмирим, сизлер мениң қағыныш, өкиниш көз жаслары тийип пе бираз ләм, бираз сарғыш тартайын деген көңил дәптеримдеги сөзлер, сизлер мениң тур-

мысымның түп мәнис-мағанасы, мениң жүрип өткен излеримсиз!

Әлўидаӷ жаслығым, әлўидаӷ! Мен сениң соңыңнан телмирип қалып, сен де изиңе жаўтаң-жаўтаң қарай-қарай кеттиңбекен? Бизлер, қыймас дослар екенбиз ғой, бизлер бир-бирине қолы жетпей кеткен шын ашықлар екенбиз ғой. Енди нур шуғлалы бәҳәр өтип кетти, енди жайнаған жаз өтип кетти. Енди гүз, енди ҳижран, ҳижран, ҳижран... Енди екеўмиздиң де жанымыз жаралы, енди екеўмиздиң де көзимизде жас, енди бизлер екеўмиз де муңлы... Аўа, муңлы, муңлы, муңлы...

Енди бизлер көзге көз түсип, қолға қол берисип, тил қатысып хош айтыспай-ақ кетер болдық, аҳ урып өтер болдық, ҳәр қайсысымыз ығбал самаллары айдаған жайларға биротала көшер болдық. Енди, тәғдир ылайық көрген өмир жағысларында жүрип бир-биримизди тек сағыныш пенен еслермиз, әрман менен еслермиз, көзимизге жас алып өкиниш пенен еслермиз. Қуўанғанда да қыйналғанда да еслермиз, еслермиз, еслермиз...

Хош, хош... Хош қал, жаслығым! Әлўидаӷ, муҳаббат... Әлўидаӷ, Айболған! Гүмис сәўлесин мениң жан дүньяма төгип, төгип, төгип кеткен, ай киби, әрманлы Айболғаным, әлўидаӷ, әлўидаӷ, әлўидаӷ!...

* * *

Әзиз бирәдар! Сөзимди сындырмай, еткен мирәтимди қабыл алғаныңыз ушын, бизге жолдас болып балалығым, жаслығым өткен «Халқабад»қа ондағы «Қыйсық терек» аўылына бирге барғаныңыз ушын жүдә миннетдар еке-

нимди билдиремен. Қәдирдан достым! Биз бенен сәўбетлес болғаныңыз ушын, тәшўишке, дәртке, әрманға толы көңил дәптеримди бирге парақлап, бирге отырып оқығаның ушын өзиңе риийзаман. Әдиўли заманласым! Сизиң нәзериңизге усынылған бул жүрек толғаныслары көңилим журтының ҳәр жер, ҳәр жеринде шашылып қалған, умыт қалған өткен күнлеримниң сынған, бузылған жарқыншақларынан биримлеп жыйнап алынды. Аўа, сол бир әжеп мәўритлер өмиримниң жипек сабағынан сөтилип кеткен гәўҳар моншақлар еди. Шашылып кеткен, жойтылып кеткен бул моншақларды енди қанша излесем де табылмайтуғынына көзим жеткен. Мисли, ертеклер киби сол әжайып-шағлар— ығбал дарағымның бир жасыл, бир нурлы, әрман гүллерине бурилип турған алтын шақасы еди. Бул шақа қуўрап қалмаған менен, сынып кетпеген менен оның жасыл дөнип туратуғын теңге жапырақлары сағыныштың сарғыш реңине боялған.

Аўа, қолыңыздағы китап, көз алдыңызда сап дүзеген сөзлер — мениң балалығымның, жаслығымның, муҳаббатымның көриниси, өткен өмиримниң сынған бир алтын пәршеси дур!

*18-ноябрь, 1992-жыл.*
*31-январь, 1993-жыл.*
**Нөкис — Халқабад.**



# ОЛАР МҰХАББАТ ЖАСЫНДА

## СИЗ, МУХАББАТТЫ КҮТЕТУҒЫН ШЫҒАРСЫЗ?

Сиз, биреўди күтетуғын болыўыңыз керек? Сиз, биреўди жүдә-жүдә жақсы көретуғын, айрықша унататуғын болыўыңыз керек. Жүрегиңиз кимди дур аңсайтуғын болыў керек? Ким екен, ол сизди өзине бунша бәнт етип қойған? Узақ-узақлардағы сол қәдирдан адамыңның сенлик сезимлери, саған айтатуғын сөзлери, саған телмирип жасап атырған көзлери — жан дүньяңа нур шашып, жыллылық берип туратуғын сыяқлы. Сизиң кеўилиңиз кимге дур, ҳеш-ҳеш үзилмейтуғын жипек сезимлериңиз бенен байланған, онда кимге дур арналған, қәстерлеп сақланған мөлдир муҳаббат... Биреўди жақсы көрмеген, биреўдиң муҳаббатына ылайық болмаған адам сиз шелли сезимтал, сиз шелли, бунша күйип-жанып сөйлемес, өкинишли бас шайқап, қалың ойлар қурсаўында өз-өзинен қорықпас, шийрин арзыў-үмитлер қушағында жасап, өмирди сиз шелли сүйе билмес еди!

Сиз, мүмкин усы ўаққа шекем ҳеш кимди шын кеўилден, өзиңиздиң еркиңизден тыс жақсы көрип билмегенсиз. Унатып ҳәм унап билмегенсиз. Мүмкин, сизге ҳешким усы пайытларға шекем ышқы гүл дәстесин инәм етпеген? Мүмкин, «муҳаббат» дегенниң не нәр-

се екенинен де пүткиллей бийхабар шығарсыз?

Сиз, өмир ҳаққында көп нәрселер еситкенсиз, көп ойлағансыз, оның бираз қыйыншылықларына да дус келгенсиз. Өз бахтыңыз ушын тәғдириңиз бенен шайқасқа да түскенсиз, бираз шыныққансыз. Жаслық ҳәм муҳаббат қыссаларын көп оқығансыз. Қайсы бир ўақытлардан бери көкирегиңизде бир әрман... Бир жигитти жан-тәниңиз бенен сүйгиңиз келген, қыялыңызда жасап келген сол ярдың ақыл-ҳуўышы, сәўгилиси, шадлығы ҳәм дәрти, бахты болғыңыз келген. Оған, кеўилиңизде не нәрсе болса ҳеш екиленбестен, бәринбәрин бағыш етип жибергиңиз келген. Әлбетте, ол да сиз киби сүйетуғын шығар? Гүлдей шырайыңды тек бир гене рет көрсем деп сағынышта жасап атырған шығар? Гейде өзиң киби аҳ урып, көзине жас алып көкиреги егитилетуғын да шығар? Егер, бундай болмасаше? Қанша аҳыў-зар болып сүйгениң менен, пәрьяд еткениң менен пайдасы не? Өзиндиөзиң умытып сүйсең... Лекин, сүйилмесең... Онда бул дүньяда сирә де, буннан асқан қайғы, буннан асқан дәрт болмаса керек?

Сизиң, гәде өртенип, гәде салқын тартып, пасыллары тез-тезден алмасып туратуғын жүрегиңизде усындай ағла сезимлер, усындай гөззал ҳәм ала-сапыранлы дәўирлер болды ма екен? Көкирегиңизде муҳаббат таңы атып, муҳаббат қуяшы кеўил аспаныңызда жарқырап жанды ма екен? Ямаса, бәри де сондай болса еди, деген тек қуры гене бос қыял, тек ғана қанатлары талған әрман ба?

Гейде-гейде өзиңизге-өзиңиз ишлей наразы болып қаласыз. Өзиңизден-өзиңиз пүткиллей

түңилесиз, өзиңизден-өзиңиз жайнап-жаснай отырасыз. Жан дүньяңызда не нәрселер, қандай ҳәдийселер болып атыр өзи? «Неге бундай, неге өзиме-өзим түсинбей қалдым?...» деп жүрегиңизден қайта-қайта сорарсыз, ойланарсыз, ой түбине жете алмассыз. Усындайда сырласатуғын, муңласатуғын, кеўлиңде не барынды төгип салатуғын, нәзик сезимлериңди уққандай биреў болса еди, деп кимди дур аңсап, кимди дур излей басларсыз. Сондайда, қәйдем, еңсеңиздеги басып баратырған аўыр салмақ түсип, жеңил тартар ма едиңиз? Кеўилиңиздеги думан сейилип, жайма-шуўақ күнлерине қайтар ма еди, өзиниң?...

Қәйтсе де, сизиң жүрегиңиз үлкен. Қәйтсе де, сизиң кеўлиңиз таза. Қәйтсе де сизиң сөзлериңиз дәртли, көзлериңиз дәртли, көкирегиңиздиң терең-тереңинен шығарған демлериңиз дәртли. Әтирапыңыздағы, нәзериңиз түскен барлық-барлық нәрселер: дәртли, дәртли, дәртли...

Бундай болмағанда кеўиллерди тез түсинетуғын, биреўлердиң қайғысына қабырғасы қайысатуғын сезимтал, ҳақыйқатсызлықты, биреўлердиң намәртлигин көрип шыдап тура алмайтуғын жаў жүрек, қайсар ҳәм туўры сөзли ҳәм нәзик жанлы болмас едиңиз. Басқалар онша елестирмей-ақ жүрген нәрселерге де жаныңыз төжбейди. Базы биреўлердиң жәдигөйшилигин, нәкаслығын, топаслығын, олардың ойсызлығын, иши тарлығын, тақат етип турыўға болмайтуғын нәрселерге де бийпәрўалығын көрип, шыдамай, парт болып жанып кетейин дейсиз. Оларды аяйсыз, оларды жек көресиз, оларды туўры сөйлеўге үйреткиңиз, оларға жақсылық еткиңиз келеди.

Сизиң үйиңизден балаларыңыздың шадлы шаўқымлары еситилип атыр. Қишипейил, түсимпаз қостарыңыз болса қасы-қабағыңызды бағып, бәрҳама этирапыңызда пәрмана. Ҳешкимнен кем жасап атырған жоқсыз, турмысыңызда ҳеш нәрсеге мүтәжлигиңиз жоқ. Сиз, жүдә бахытлы болыўыңыз керек. Жәқ, жәқ! Кеўилиңизде қандай да бир бослық бар. Ҳеш орны толмайтуғын бослық. Қалай, не менен толтырыў мүмкин, оны? Кеўилиңизде бир нәрсе жетиспейтуғындай, ол не, өзиңиз де билмессиз.... Гейде толып-тасып отырып, «бир адамдай бахытлыман» деп сезинесиз. Усы туйғыларға өзиңизди исендирмекши де боласыз. Ақыры, «төрт түлиги сай» емес пе? Сонда да, бир дем өтпей-ақ, жүрегиңиздиң түпкир-түпкиринде бурқыраған ашшы өкиниш түтини көкирегиңизге думандай жайылады. Нәзериңизде жаңа ғана қулпы дөнип турған әлем босап қалғандай, дүньяның, өмирдиң, жасаўдың ҳеш, ҳеш мәниси қалмағандай...

Сизиң өзиңизге жетерли машқалаңыз бар. Қолыңыздың саўа ўақытлары жүдә гене аз. Сонда да, зеригетуғын пайытларыңыз жүдә гене көп. Тап, пүткил өмириңиз зеригиўде өтип атырғандай. Өмириңиз бойы нени дур күтип, әрман етип, үмит пенен жасап атырғандайсыз... Кеўилиңизде болса, сол орны толмастай мәңги бослық. Ол, қашан, қәйткенде, не менен толады, белгисиз?.. ,

Сиз, сирә-дә, кимди дур сүйген шығарсыз? Еле де сүйетуғын шығарсыз? Оны, муҳаббатыңызды өмириңиз бойы күтетуғын шығарсыз?! Сиз...

## КӨЗЛЕР...

Мен, тәбиятта бәҳәр ҳәм жаз пасылларын, гүз ҳәм қыс мәўсимлерин орнататуғын қуяш киби илаҳийда көзлерди ушыраттым... Дүньяда қандай гөззаллық болса бәри-бәри усы көзлерге жыйып берилген шығар деп ойлап қалдым. Бул көзлердиң нурлары —көктен түскен жасын киби. Бул көзлердиң нурлары— нағыслы сазлар, жилўалы қосықлар киби. Оның, сөз бенен айтып жеткизиў мүмкиншилиги жоқ, әжайыплықларға толы нәзери мисли күтилмегенде жарқ етип шаққан шақмаққа мегзес. Лекин, шақмақлар бир жалт етер де сөнер болар. Ал, бул көзлердиң көкиреклерде шаққан шақмақлары тегинликте өше қояр ма екен? Жүреклерге от үлестириўши, дәрт үлестириўши усы көзлердиң жасыны мәгар кимлердиң дур көкирегине түсип бийтақат еткенди? Ышқы отларын тутандырып әртеп-жандырып жибергенди? Кимлердиң дур кеўилинде гүллер көгертип, гөззал сезимлерди өрнеклегенди?

Мен енди усы көзлерди еслеген сайын қандай да бир қорқыныштан ба, толқыўлы ойлардан ба титиркенип, тебиренип кете беремен. Ямаса бул, сол көзлердиң мениң жан дүньяма түсирген жасынының көрсетип атырған қудирети ме екен?

Ләблери мисли жаңа гүл аша баслаған ғумшаға мегзейди. Көзлери мисли жанып турған сыйқырлы қос щам-шырақ. Бул шырақлар қандай тас-түнек кеўиллерди де жақтыртатуғын шығар? Бул шырақлар мениң қыялым-ша қараңғылықта адасқанларға жол таўып беретуғындай. Турмыстан түңилген

дәртли жанларды қайтадан өмирди сүйип жасаўға куштарлығын арттырып, бахытқа, әрманларға қарай шақыратуғындай.

Мен тәбияттағы басқа анаў-мынаў кәраматларға исенбесем де сол көзлердиң айрықша артықмаш күшке ийе екенин тән аламан. Бул көзлер қәстелерди де өз нурлары менен емлеў қәбилетлигине ийе шығар? Егер де, мениң жүрегим дәртке шалынса усы көзлердиң нурларынан даўа болмаса басқа ҳеш жерден, ҳеш нәрседен де шыпа болмайтуғын шығар?

Нәзеримде дүнья мисли усындай жаўдыраған көзлерден туратуғындай. Буларсыз—өмирди, сулыўлықты, өз-өзиңди сезиниў мүмкин бе? Әй, билмедим?... Оларсыз — меҳир-муҳаббат, әрман, бахыт, сезимталлық деген нәрселердиң болыўы да ҳеш-ҳеш мүмкин еместей. Қаяққа қарамайын, қандай ойларға берилмейин, әтирапымда әлўан реңдеги, әлўан muқамда сөзлейтуғын шийрин тилли усы көзлерди ушыратаман. Аўа, дүнья ҳақыйқатында да жаўдырасқан көзлерден турады.

Бул көзлердиң өткир нурлары түскен жерлерде өрт шығады. Сезимлерге тийген усы өртти соң өширип алыўдың илажы табылар ма екен? Көзлер... Олар тек, сыртқы келбетиңди емес, ишки жан дүньяңды, онда көшип-қонып жүрген ой-сезимлериңди, жүрегиңниң қалай дүрсилдеп атырғанына шекем ап-анық көрип турғандай. Бул көзлер расында да туўры биреўлерди азғырып жолдан шығарады. Ал, бираз жөнсизлерди дурыс жолға салып, бахытлы етеди.

Көзлер... Гөззаллық тымсалы болған бәҳәр, жаз пасыллары да олардан сулыў, олардан шырайлы емес. Кеўиллерге олардың жыллы-

лығындай жыллылықты басқа ҳеш нәрсе де бере алмас. Кеўиллер ҳәттеки, қатпар-қатпар мәңгилик музларды ерите алатуғын қуяш нурларынан да буншелли тәсирленбес, жан дүньяңды өмир-өмириңше күйдирип-жандырып туратуғын усындай қызғынлылық алалмас. Эҳ, айнанайын ғана көзлер!... Сизлердиң жүреклерге илаҳийда бир нур менен жаққан шийрин-шийрин сөзлериңиз қандай шырайлы, қандай жумсақ-жағымлы, қандай сулыў?...

Мен, бул жазыўлардың жүрегимде ҳеш өшпестен сақланыўын қәлеймен. Бәрҳама жазыла бериўин, ойып жазылыўын, онда ҳеш-ҳеш орын қалмағанша жазыла бериўин қәлеймен. Усы көзлердиң нурлы аспаны астында өзимди-өзим сезинип, өзимди-өзим көрип жасаўды қәлеймен.

## ЛӘБЛЕРИҢ БИР НӘРСЕ ДЕМЕКШИДЕЙ МЕ?...

Ләблериң бир нәрсе демекшидей ме? Көзлериң бир нәрсе демекшидей ме? Олар не айтпақшы? Олар мениң алағадаға түскен тынышсыз жүрегиме қандай хабар алып келиўи мүмкин? Яқ, мениң ол сөзлерди еситиўге шыдамым жетпейди. Ол сөзлер қандай екен? Олар қандай болса да, жүрегимниң терең қатламларында қайнаўытлап атырған, туншығып атырған сезимлердиң атлығып шығыўына тәсир жасайды. Олар қандай болса да, кеўил дүньямда қатты силкиниў пайда етеди. Не болса да ол сөзлер қыялымда жарылғыш нәрселерге уқсайды. Олар маған келип жетиўден, мениң сезимлериме келип урылыўдан жарылып, мени де жарып жиберетуғындай сезине беремен.

Лəблериң ҳеш нəрсе демей-ақ қойсын.
Көзлериң ҳеш нəрсе демей-ақ қойсын.

Мен оларды онысыз да түсингендеймен. Олар, не айтажағын үнсиз-ақ уқтыра алатуғын тəбийғый күшке ийе. Эҳ, лəблериң... Қандай шийрин-шийрин сөзлерди айтады дейсең олар! Олардың ҳаўазсыз лебизин еситип атырман, тыңлап атырман. Көзлериң... Олардың сондай сулыў сөзлери жүреклерге нур менен жазылады. Кеўиллерге сəўле шашатуғын сондай əжайып нағыслар менен кестеленеди: Лəблериң де, көзлериң де ҳеш нəрсе демей-ақ қойсын. Олар басқаларға да сыр берип қоя ма, деп зəррем қалмайды...

Бəҳəр саған жүдə уқсайды. Сен бəҳəрге жүдə-жүдə уқсар екенсең. Бəҳəрлер бəрҳама жайнап турсын. Бəҳəрдиң əл-қызыл гүллериндей, тек сүйиў ушын жаратылғандай ғумша лəблерди абайла? Дақ түспеген қырмызы жүзлериңди, тек, ҳинжи-моншақлар жарасатуғын аққуў мойынды, тек яр қоллары гене сылайтуғын ақ сийнеңди, түндей қара шашларыңды сақла! Сол нəзик қолларың өзиңе ылайық емес нəрселерди услай бермесин? Қандай ийбели, қанда, жилўалысаң, сени көрсем бир гүмис қоңыраўлар сыңғырлап-жыңғырлап кият ырғандай, сени ойласам сол гүмис қоңыраўлар ҳаўазын еситкендей боламан. Кеўил дүньяң да сондай гөззал шығар? Сен, Ана тəбият тек те өзиңе рəўа көрген бул гөззаллықларыңды сақла, сақла, сақла!..

* * *

Лəблериң бир нəрсе демекшидей ме?
Көзлериң бир нəрсе демекшидей ме?
Яқ, яқ! Олар маған жақсы-жаман болсын

өз лебизлерин билдирмей-ақ қойсын! Олар сыр сақлауға үйренсин. Болмаса бираз кеўиллерге өз сөзлерин жазып, бираз кеўиллерди алағадалыққа салып қояды. Олар мени де зары-гирянлыққа гириптар еткенин умытпағайсаң?!

## БОТАКӨЗ

Әниўар шашларың, бота көзлериң бизден қосық тоқып бериўди қыйылып сорап турғандай. Сендек дилбардың пәкизе-пәкизе қәдемлерине қосықтан паяндоз төселсе арзыйды, әлбетте. Бирақ, сен ҳаққында ҳеш нәрсе жаза алмай атырман. Сени жайнаған гүллердей қосықлар менен орап-шырмасам, сениң кеўилинди нағышлы сөзлерим менен жарасықлы етип безесем деп едим. Лекин, ондай бахытқа жете алмайтуғын қусайман. Саған қосық гүл дәстесин инам ете алмадым. Мисли, жипек қуртындай — сениң әтирапыңда шыр гүбелек айланып жипек қосықлар тоқып, онының ишинде сени қалдырсам... Соңында өзим де сениң менен бирге шырматылып шыға алмай қалсам деп едим.

Мен, мениң майса сезимлерим сениң алдыңда бираз нәзик, бираз төменшик, өткирлиги бираз топырласқан. Сениң хоширей ҳүсниң алдында шайыр да, қосықшы да басқа да емеспен. Себеби, жүрегимниң илҳам көзлери, сениң шадлық парлаған рәўшан көзлериңнен бираз нурсыз. Ҳәр қандай шуғласы кем жақтылықтың өткир нур бар жерде көринбей, билинбей де қалатуғыны аян. Сен оғада нурлысаң, өзиңе йош излеген илҳам көзлерин қамастырып жибересең.

Сен өзиңниң сондай заўықлы, сондай бир әжайып қосық екениңди билесең бе? Бул қосықтан шырайлырақ, бул қосықтан тәсирлирек, бул қосықтан ағла қосық жазыўдың сирә-сирә мүмкиншилиги жоқтай. Сонда да, өзиңе арнап қосық кестелерин өрнеклеп көрейин. Қәлемим усы қосық нағысларында сениң келисикли келбетиңди сыза алар ма екен? Сениң көзлериңниң нурларын аппақ қағазлар жүзинде сәўлелендириўге нар тәўекел етип көрейин. Саған, сениң саўлатыңа қандай сөзлер, қандай теңеўлер жарасар екен? Сениң күлим қаққан көзлериңди—шуғлалы жулдызларға уқсатайын. Сайлап басқан қәдемлериңди—ақ маралдың кербаз жүрислерине, қасларыңды—керилген кәманға, кирпиклериңди—қан төкпей жан алатуғын жай оқларына теңейин. Ал, ләблериңди — жаңа ғумша жарған үлбиреген әл-қызыл гүллерге мегзетейин.

Жә-жәқ!.. Мен, ҳеш-ҳеш бундай етпеспен. Булардың бәри де әлимсақтан киятырған ески теңеўлер. Ал, мениң жүрегим, саған ҳешким, ҳеш қашан айтпаған, ҳеш бир тилден ҳешкимге айтылмаған ушыға қыйқымындай сөзлерди, жилўалы қосықларды айтқысы келеди. Мен сен ҳаққында пүткиллей басқаша жазаман. Сениң қәдди-қәўметиңе уғрас теңеўлер излеймен.

Эҳ, назлы жанан!.. Сениң әнўар шашларың, сениң бота көзлериң, сениң ғумша ләблериң өзлерине қосық арнаўды, өзиниң сулыўлығын шайыр тилинде жырланыўын өтиниш етиўде, талап етиўде. Онысыз да, сен ҳаққында қосық жазбаў ҳеш-ҳеш мүмкин емес. Саған әлбетте, қосықтан гүмис сәўкеле кийдиремен, аққуў төсиндей аппақ мойныңа қосықтан гәўҳар мон-

шақлар тағаман, қосықтан алтын тахт жасап, оған сени отырғызып қояман!

## СЕНИ ҚУШЫРЛАНА СҮЙГИСИ КЕЛЕР...

Сен өзиңди ҳешким-ҳешкимге көрсеткиң келмейтуғын шығар? Бирақ, сен көринип қалдың. Талдырмаш бойыңдағы жасырын «дүньяларың», келисикли қадди-қәуметиң ҳешкимсениң көзине түспей-ақ қойса еди деп нәзерлерден сонша қашыңқырап-ақ жүр едиң. Бирақ, олар сени көрсетип қойды.

Сениң жүрип баратырғаның билинбейди. Сен айдын көлде жүзип жүрген, сен сулыў қанатлары сып-сыплап ушып баратырған аққуўға мегзейсең. Әтирапыңда пәрўана самаллар толықсып киятырған сени қушырлана бир сүйгиси келип кетти. Самаллар сениң шашларыңды сылағысы; жүзиңди, көзлериңди аймалағысы келип кетти. (Сениң ләблериңнен өбип, ақ сийнеңе бас қойыўды ким әрман етпейди, ким қәлемейди дейсең). Яқ, ол ҳәддинен аса баслады. Яқ, ол өз сезимлерин тежей алмай қалған сыяқлы. Еле еркек заты қол тийгизип көрмек түўе, ҳәтте жел ашпаған көйлегиңниң етеклерине жармасты.

Усы делбе самаллардан қәўетерленип, ҳәр дем сайын етегиңди төмен тартқышлап-ақ жүретуғын едиң-аў. Әне, ойламаған жерде ҳешкимниң нәзери түспеген, еле ҳеш бийқарар көзлер рәҳәтлене тамаша етпеген топ-толық, суп-сулыў аяқларың ап-анық көринип қалды. Басқалар түўе, көпшилик адамлардың қупыя сырларына ортақ Қуяштың, Айдың да нәзерине түспеген, өзиңниң де қараўға батылың бара бермейтуғын ақ балықтай тәниң

жарқ етип көринип кетти. Қойыў қараңғы түнде жарқылдап шаққан шақмақ та көзлерге, сезимлерге буншелли дәрежеде тәсир етпес, буншелли толқытпас...

Сениң нәзерлерге түскиң келмейди-ақ. Өне-бойыңдағы сулыўлықларды ҳеш ким, ҳешким көрмей-ақ қойса дейсең. Күнлердиң күнинде сонша жасырып келген дүньяларыңды кимге дур бағышлайтуғыныңды билесең, ақ балықтай денеңди кимниң дур көретуғынын билесең, кимди дур өртейтуғынын билесең. Соған шекем ҳеш ким көрмесе сени, ҳешким билмесе сени, ҳешким сүймесе сени?..

Жүзлериң кем-кемнен қызғыш дөнип баратыр. Бул қызыл борлат нурлар, дүбир салып көкирегиңе сыймай атырған сезимлер, кеўилиң толқыўлары. Сен; «жүрек сырларымды, оннан нелер кешип атырғанын ҳешким билмейди, ҳешким сезбейди...» деп ойлайтуғын шығарсаң. Әне, кербазлана, майыса көтерилген зер кирпиклер гүзетиндеги нурлы жанарларың кеўил сарайында не болса бәрин-бәрин анық-рәўшан көрсетти де қойды.

Бәҳәрдиң ақ жаңбыры нөсерлетип өтти. Тал-тал есилген әнўар шашларың бойлап мөлдир тамшылар сырғанап түсиўде. Сениң кеўилиң мөлдирлигиндей, сениң көзлериңниң мөлдирлигиндей мөлдир тамшылар шашларың ушынан сызатланып атыр. Сен бурын мынандай пишимде ҳешкимниң көзине түспегенсең. Бундай болып, ап-анық көринип қалarman-аў, деп ойлап та көрмегенсең. Бул жаңбыр деген уятсыз оны көрсетип қойды ғой! Көйлегиң суўға малып алынғандай денеңе жабыса түсип, оранып-шырманған лыпасларың

ишинде жасырын бүр жарып, жасырын жетилип киятырған көксиңдеги бәҳәр нышанлары «мен мындалап» оқшаўланып қалған. Олардың өзиңде бар екенин билдиргиң келмей, оларды қаяққа қойыўды билмей, қолларыңды айқастыра қаўсырып паналаған боласаң. Классик шайырлар сүўретлеп өткен «беллери жиңишке, бир қысым нәзик» гөззаллар да сен нен ағла емес, сеннен сулыў емес шығар? Қанша шебер болса да, қанша изленсе де ҳеш бир мүсинши сениң мына сымбатлы келбетиңдей мүсинди ҳеш-ҳеш соға алмайтуғын шығар? Сендей сулыўды дүньяға келтирген, гүлдей етип өсирген, усындай әжайып етип бой жеттирген ҳаялдың алдында, усындай сулыўлықты дөреткен, шеберлердиң шебери Ана тәбияттың алдында бас ийемен!

Сен өзиңди ҳешким-ҳешкимге көрсеткиң келмеген. Өзиңдеги, кеўлиңдеги «қупыя» деп сақлап жүрген нәрселериңди ҳешким көрмей-ақ қойса, билмей-ақ қойса, сезбей-ақ қойса... Яқ, яқ!.. Қанша жасырғаның менен ҳеш-ҳеш болмады. Делбе самаллар, жүрегиңниң айнасы көзлериң, уят-ийбени умытқан бәҳәр жаңғыры бәри-бир сени көрсетип қойды...

## БАХЫТ ҚУСЫ

Эй, қус! Көзлери мөлдирескен, суп-сулыў гене бахыт қусы! Неге меннен сескенип, неге мени таслап ушып баратырсаң, неге, неге, неге? Саған мениң ҳешқандай, ҳеш-ҳеш ҳазарым жоқ еди ғой! Мениң кип-кишкене ғана қусым-аў!

Сен өзиңниң бахыт қусы екениңди билесең бе? Ал, мен жүдә жақсы билемен. Бирақ, жүдә-

жүдә кеш билдим, жүдә-жүдә кеш... Онда да сен ушып кеткеннен кейин, кеўилим дүздей қулазып қалғаннан соң... Соң билдим, соң!

Мениң кишкене ғана бахыт қусым! Сен қайларда жүр екенсең, ҳәзир! Қай шәменлерге жарасық болып, қайсы бир инсанның басына қондың екен? Қайсы бир бақ жулдызы жанған адамның?...

Мәйли, сен ушып кете бер. Қонған туғырың мәңгилик болсын! Бирақ, мен тәшўиштемен, тынышсызланыўдаман. Сен жүдә сезимталсаң, сен жүдә нәзиксең. Оғада тәсиршең сезимлериңди, кишкене ғана жүрегиңди ҳешким аңбай. ҳешким түсинбей қалып, сәл жерде ҳәмме-ҳәммеден жүз үгирип ушып кетсең?...

Көзлери мөлдиреген, суп-сулыў гене, нәзик гене қус! Сен бәлент несийбели бир инсанның басына барып қондың.

Ол сениң бахыт қусы екениңди билер ме екен?

## «ДҮНЬЯ...»

«Дүнья» маған өзин көрсетти. «Дүнья» маған урын-урын бақты да кетти. Мен дүньяны анық көрдим бүгин. Әҳ, қандай гөззал еди, бул «дүнья!». Көзлерди қандай қуўандырады... Кеўиллерди сондай жайнатып жибереди дейсең... Мен оны көргели, өмирди жаңа-жаңа түсине баслағандайман.

«Дүнья!» мен сени таныдым. Көзлерим таныды сени. Жүрегим сени таныды. Олар бурын сени билмеген. Олар бурын сени көрмеген. Сонда қалай дейсең бе? Оның ҳеш те таңырқанатуғын жери жоқ. Жүрегимде қашшанлардан берли жасап атырған, жүрегимниң қаш-

шанлардан берги әрманы, «кеўил сезимлери жипектей, көзлери жулдыздай, жүзлери айдай, ләблери гүл жарған ғумшадай шығар-аў» деп қашшанлардан бери мен күтип жүрген гөззаллық дүньясы сен екенсең. Сениң нурлы дийдарыңның сәўлеси қай ўақларда дур кеўил сарайыма бир жалт етип түсип өткен яңлы. Сен, мениң қыялымда жасап келген сол «дүнья» емессең бе? Мен сени таныдым. Көзлерим, жүрегим таныды сени, «дүнья!».

Ҳәр бир адам өзинше бир тарийх. Ҳәр бир адам — биреўлериниң шешими аңсат, биреўлери шешилмейтуғын сырлы жумбаққа меггзес. Ҳәр бир адам — бири-бирине уқсамайтуғын өзинше өзгешеликлерге ийе дүнья. Ҳәр бир инсан кеўили сол дүньялардың нешшенешше пасыллары бар әжайып тәбияты. Сен усы дүньялардың ишиндеги ең ағласы, ең хоширейисең. Сен — аспаны ашық, аспаны қуяшлы, аспаны жақтылы жулдызларға толы, шадлы «дүньясаң». Сен,— кимге дур дәрт, кимге дур әрман, кимге дур бахыт шығарсаң? Ал, мениң көзлеримниң қуўанышы, сезимтал жүрегимниң илҳамшысы, еле талай мәрте айтатуғын ҳәм йошлы, ҳәм ҳәсиретли қосығысаң.

«Дүнья» деп атадым сени. Бул сирә де асыра силтеў емес .Сен «дүнья» деп аталыўға ҳақыйқатында да миясарсаң. Гөззаллық, муҳаббат, ҳадаллық дүньясысаң. Сен кеўиллерди өзине ашығыў-бийқарар ететуғын, бәрше-бәршениң ақыл-ойын бәнт етип қоятуғын, мына уллы, мына үлкен дүньяның ең ҳасыл бөлеги —екинши кишкене «дүньясаң». Нурлы көзлериң—дүньяңның шуғлалы қуяшлары. Бул дүньяда ҳеш ўақ түн болмас, бул дүньяда ҳеш

ўақ аязлы қыс, қыраўлы гүз болмасын! Сениң дүньяңда бәрҳама гүллер болсын, бәрҳама бәҳәр болсын, бәрҳама тынық аспан болсын!

Мениң ойымнан, мениң көз алдымнан кетпейсең енди. Сен, ҳәммениң де ядында қалатуғын шығарсаң? Енди сениң көгилдир кеўил гүмбезиң астында жасасам деймен. Бундай әжеп жайларда кимниң жасағысы келмейди дейсең? «Дүнья» мен сени дым-дым гене унатаман... Сени унатпайтуғын адамның өзи болмаса керек. Мен сени түсиниўге ҳәрекет етемен, мен сени түсинемен. Бирақ, саған ҳәмме де түсине бермейди-аў, «дүнья!».

Сен барлық тағыншақларын тағынып жасанған, сен доланып баратырған «Дүнья». Сен барлық қыялларды жаўлап алып, көзлерди—ойларға, көзлерди—муңларға, көзлерди—нурларға толтырып, жүреклерге ушқын үлестирип жалынлап жанып баратырған «дүнья».

Мен шийрин сезимлерге берилип өзиң ҳаққында азы-кем сөз еттим. Көкирегиме жақты нур қуйған, кеўлиме сулыў туйғылар бағышлаған гөззаллығың ушын саған миннетдаршылығымды қалай билдириўдиң есабын таппай қалдым. Еле талай рет жүрегимниң ақ парақларына хат болып жазыларсаң. Ондағы хатларды өзиңе көширип жиберип турарман. Ондағы сөзлерге көз жуўыртып шыққайсаң? Ондағы сөзлерди жуп-жумсақ сүйриктей бармақларың сыйпап өтсе... ондағы сөзлерди алтын пуўындай жыллы демиң, жүрегиңниң ҳәўирли леби шарпыса... Олар сөзлер емес, олардың орнында өзимди бар деп сезинермен.

Эй, қыз!... Мен сени «дүнья» деп атайман. Сен ҳақыйқатында да, муҳаббат, жаслық, гөззаллық дүньясысаң. Бир жигитке не нәр-

се керек болса, бәри-бәри де табылатуғын бир әжайып, нурлы «Дүньясаң!».

## МУҲАББАТ—ПӘКИЗЕ ТУЙҒЫЛАР ЖҮРЕГИ

Муҳаббат ҳаққында ҳәмме де сөз еткиси келеди. Ол ҳаққында шийрин ой-қыялларға талғысы келеди. Әлбетте, ол ҳаққында сизиң де еситкиңиз келетуғын шығар?

Мен ҳәм усындай... Гүллер ҳаққында, жаслық, мөлдир муҳаббат ҳаққында сөз етип, әжайып сезимлерге бөленип, олар ҳаққындағы ҳәм ески, ҳәм бәрҳа жаңаланып баратуғын муҳаббат қосықларын, ышқый шежирелерди тыңлаўды айрықша унатаман.

Ақыры ол — өмир. Ал өмирди жан-тәниң менен берилип сүймеўдиң өзи сирә мүмкин бе? Сонлықтан, мениң де, муҳаббат ҳаққында, муҳаббат паслына мәкан жаслық, жаслық шәменлерине жарасық рәң-бәрең гүллер ҳаққында, усындай сулыўлықты ҳәм мәнис-мағананы өзине жәмлеген өмир ҳаққында айтқым келеди.

Мен, анық билемен. Ҳәм туўры деп ойлайман. Усы сырлы муҳаббат ҳаққында ҳәмме де тыянақлы билимге ийе болыўды қәлейди. Ол ҳаққында айтқысы, еситкиси, сағындырған дос киби дийдарласқысы келеди. Ол — кекселер көкирегинде өмири бойы әл-ҳасыл гәўҳар киби сақланады, жасларға болса сағымланған бир әрман киби, кемелерди асықтырған жағыслар киби, жердиң тартыў күши киби.

Ҳәмме де муҳаббатты улығлағысы, оған сырлас-муңлас, оған мудамы опадар болып

жасағысы келеди. Дурыс, оның рәҳәт бағыш ләззетинен ҳәмме де азмаз болса да татып көргиси келеди. Бул дүньяда усындай шийрин демлер, усындай илҳам бағыш ләззеттиң онша көп емес екени, онша көп болмайтуғыны, онша узақ даўам етпейтуғыны бәршеге бирдей аян емес.

Ҳақыйқатында да муҳаббатсыз өмир—мәзи бир, бос өтип кеткен мағанасыз өмир емес пе? Олсыз жасамақ жүдә қыйын, жүдә аянышлы... Айып ҳәм аўыр гүна шығар деп те ойлайман. Оны тек ғана шадлықтан, тек сағынышлардан ҳәм поса алысыўлардан ғана ибарат деп те ойлаўға болмас. Оның, қабырғанды қайыстырып жиберетуғын қыйыншылықларында, жүрекке ғулғула салыўшы тәшўишлерине, азаплы айралығына да көниўге ҳәм мәрдана турыўға туўра келер.

Муҳаббат — кеўиллерди әбден нурландырып, әжеп сезимлерге гөззал бостан етеди. Напәкликлерден қалас етеди. Әлбетте аҳыўзар болып сүйип, сәўгили яр болып сүйилиў үлкен бахыт ҳәм бәлент мәртебедей, әрман таўларына шыққандай... Мүмкин, сиз де, басқалар да усы нурлы-шуғлалы, усы әжайып муҳаббатты күтетуғын шығарсыз? Оны әдиўлеп-ардақларсыз. Сүйилгиси, сүйилгиңиз, сүйгиңиз келер, бәлким?...

Муҳаббат — пәкизе туйғылар жүреги...

## СЕНИҢ АЯҚЛАРЫҢНЫҢ ҲАЎАЗЫ

Тық, тық, тық, тық, тық, тық, тық...» Әтирап тым-тырыс, тым-тырыс... Тек ғана бир ырғақта тасланған қәдемлердиң даўысы. Едендеги мәрмер таслар назлы басылған нәзик қә-

демлерден толқып атырғандай, қытығы келип күлип атырғандай.

Жүрегим бирден қуўанып кетти. Усы бир муқамдағы сеслерден басқа ҳәмме нәрсени умытты. Усы даўыслар онда бир неше есе бөлент ҳаўазда жаңғыра баслады. Ол сениң сулыў аяқларыңның шалып киятырған намалары еди. Ол сениң көзлериңниң, ол сениң жүрегиңниң ҳаўазы шығар деп ойлай басладым.

Сениң аяқларыңның, сениң қәдемлериңниң даўысы қандай жағымлы. Сениң көзлериңдей, сениң сөзлериңдей, сениң қолларыңдай, сениң ләблериңдей жағымлы. Усы келисиңде көзлериң қандай екен? Усы келисиңде жүрегиң, ондағы сезимлер қандай екен?

Ҳәзир сениң аяқларың сайлап-сайлап мәрмер таслар үстинде ойнап киятыр. Жоқ, жоқ... Сирә да ондай емес. Олар мениң, жолларыңа паяндоз болып төселген жаны-тәнимниң, олар мениң жәбириў-жапалы сезимлеримниң үстинен пәрўайы-пәлек өтип баратыр. Сениң аяқларың жүрегимде өз жүрисин даўам етиўде.

«...Тық, тық, тық, тық, тық, тық, тық...» Әтирап тым-тырыс, тым-тырыс. Гүллән дөгерек, пүткил әлем усы бир муқамдағы қәдемлер сестине елтип қалғандай.

Биз өкшелер маған, мениң жанымға сайрам-сайрам из салып өтип баратыр!..

## АЙНА АЛДЫНДАҒЫ АРЫЎ

Айнадан саған көзлери қарамықтай бир перийзат узақ-узақ тигилип қарайды. Оның ашық-жарқын көзлеринде қандай да заўықлы ойынлар. Қаймақтай жуп-жуқа қызғыш ләб-

лердиң сағымы ма, күлдиргишлери ойыла түскен жүзлериниң алмалары әбден қызғыш түске дөнди, сондай тартыншақлық пенен, сондай бахтыярлық пенен күлимсиреп қойды. Айнадағы сулыў қыз ким? Кеўлинде қандай намалар? Ол, ким болса да бир дүнья. Гөззаллық тымсалы, гөззаллық дүньясы... Әй, қыз! Ол сениң айнаға түсип турған сүўретин!

Көзлерде тынышсызлық. Көзлерде қандай да сыйқырлы нурлар, қупыя сырлар. Көзлерде күйип-жанып таўланған сөзлер...

Айна алдындағы қыз! Сен айна алдынан өзиңди алып кете алмайсаң. Усы хоширей ҳүсниңниң ҳеш, ҳеш жойтылмаўын, жойтылыўынан қорқып оның сүўретлерин жүрегиңе көширип сақлап қалмақшымысаң? Яки өзиңнен нуқсан таўып, еле де шырайлырақ болыўды ҳәўес етиўдесең бе? Яқ, сен жүдә сулыўсаң Бундай сулыўлық көп ушыраса бермес. Усы гөззаллығың менен-ақ қаншадан-қанша кеўиллерди жаўлап, нешше кеўиллерди бәнт ете аласаң.

Мына ерке нәзериң қыялында кимге қаратылған екен? Сен айнаға емес, ондағы сүўретиңе емес, кимге дур қыйыла бағыўдасаң. Кимди дур көзлериң отында жағыўдасаң. Ҳәм буннан өзиңе-өзиң кеўлиң толып, өзиңнен-өзиң рәҳәт алып атырғандайсаң. Бирақ, ол мына ат көтермес жилўа-назыңнан уныратылып кетпесе .Ол, мына көзлердиң тийген жерин күйдирип жибererлик өткир нур толқынларына шыдам бере алар ма екен? Бул нурларда еле изертленбеген, еле қупыя болып қала беретуғын қандай да сыр бар. Егер, мына нур толқынларының күши самалларға берилгенде ме, дарақларды тамыры менен

суўырып, теңиздеги кемелерди өзи қәлеген тәрепке айдап кетер еди.

Айна алдындағы сулыў! Сен өз ҳүснине ашық болып қалғаннан аманбысаң, әйтеўир? Мына гүл-гүл дөнген жамалыңа кимниң дур ашығыў-бийқарар болып қалыўын жүдә-жүдә аңсаўдасаң ба? Кеўилинде сезим деген нәрсениң азмаз да болса ушқынлары бар инсан, сениң ләблериңниң, сениң кирпиклериңниң, өрт тийе жазлап турған сезимлериңниң не деп атырғанын, қандай ҳалатта екенин, аңғармаўы мүмкин емес.

Сениң көзлериңниң заўықлы ҳаўазы кишкене бөлмеңди толтырып, жаңғырығып атыр. Жүрегиңниң әйне усы пайытларында, әйне усы мәўсиминде онда рәң-бәрең гүллер жаўдырасып көгерип, серхош бүлбиллер ең йошлы намаларға сайрап атырғанына гүманланып болмайды.

Айна алдындағы арыў. Сениң гөззаллығың ҳаққында ҳеш нәрсе айта алмайман. Бирақ, сениң нәзериң түскен ғумшалар бирден гүл ашып жибереди. Гүллер мыйық тартып күлгенин, сениң жилўа-назың елтип ойынға түсип кеткенин өзлери де сезбей қалатуғын шығар.

## ОЛАР МУХАББАТ ЖАСЫНДА

Оларды елестирмең! Олардың шырышын бузбаң? Ямаса етип жүрген ҳәрекетлери сондай-ақ орынсыз ба? Адамгершиликке қайшы келетуғын бийбастақлықларды ислеп жүргенди, бәлким? Жәқ, тек сизиң көзиңизге усындай оғаш көринип, кеўлиңизге надурыс туйылып атырған болыўы итимал? Оларға бун-

дай турпайы нәзер менен, алакөзленип, гүнәлап қараман. Керисинше, бул ҳәрекетлериңиз сизге сирә-сирә жараспайды, сизиң жасыңызға, сизиң атыңызға бираз намүнәсип. Кеўлиңизге келсе де айтыўға мәжбүрмен, бул мәдениятсызлық, бул барып турған көргенсизлик. Сизлер олардың ҳәр қәдемине шекем санап, изине түсип қазбарлап, түртип тимискилениўден өзиңизди тыйың. Оларға ақыл-нәсият уқтыраман, тәртипке шақыраман деп ойлаймаң? Олардың тасқын сезим селлеринде ығып жүргенин, олардың муҳаббат жасында екенин ҳәргиз умытпағайсыз!

Аўа, ҳәзир олардың көкирегинде ҳеш бир тосқынлықты сезинбейтуғын қандай да бир руўхый күш, мисли бәлент сарқырамалардай шаўқымшыл сезимлер дәўири, бул илаҳийда сезимлерге ҳеш бир кедерги, ҳеш бир бөгет жоқ. Дүньяда ең тәсирли, ең қүдиретли деп тән алынатуғын сөзлердиң де олардың бағдарын өзгертиўге батылы бара бермейтуғынынан бийхабар шығарсыз? Хабардар бола тура.. Оны қалай да өзгертемен деген қыялға берилген болсаңыз пүткиллей қәтелесесиз. Бул, күйип-жанған отлы сезимлердиң ҳәўири қәйтсе де бир шарпып өтеди. Бағдарсыз ағыслы сезимлер өз аңғарын ақыры бир таўып кетеди.

Оларды, неге биймезгил жүреди дейсиз бе? Неге, адамлардан ийбенбейди, неге өзлерин дурыс тутып жүре алмайды, неге, неге, неге, дейсиз бе? Эҳ... Усыны және тәкирарлап отырыўдың зәрүрлиги бар ма еди? Сиз, жигит болып көргенсиз бе? Сиз қыз болып көргенбисиз өзи? Сиз олардың муҳаббат жасында екенин растан-ақ билмейсиз бе? Соны сирә аңғармағаныңыз ба? Ал, муҳаббаттың ўақыт

таңламайтуғыны, мәўсимсиз екени белгили емес пе? Оған бәҳәри-жазы не, гүзи-қысы не? Күндизи не, кеши не? Олар өз жүреклериниң лүпилинен басқа ҳеш бир даўысты еситпейди, ҳәзир. Олар, бир-бирине ашығыў-бийқарар болып телмирискен шуғлалары бирин-бири балқытып-толқытып атырған өз көзлеринен басқа ҳеш нәрсени көрмейди. Олар шийрин посаларға көмилип, бир-бирине шырмаўық пәшек гүллер киби шырматылып өзлериниң бираз еглениңкиреп қалғанын да сезбейди ғой!

Сизиң оларға ҳәўесиңиз келеме? Мүмкин көкирегиңизде қызғаныш сезимлерин пайда еткенди. Жаслық пайытларыңыз қалай өткенин ойлап та көрмеген шығарсыз? Яки, енди-енди еске алып өкинип отырсыз ба? Жәқ, жәқ! Гөззал муҳаббат бир гезлери сизиң жүрегиңизге де ҳүкимдарлық еткен. Жан сарайыңызды мәкан еткен, баҳасын өмири бойы жойытпас үлкен бахыт алып келген болыўы да итимал. Егер, ол сизге бир мәрте де ушырасып дийдар көрсетпеген болса, ерте ме, кеш пе, күнлердиң күнинде ҳеш мирәтсиз, ҳеш рухсатсыз-ақ, жан дүньяңызға кирип барыўы тәәжип емес. «Көкирегимде усы пайтқа шекем болмаған, усы мәҳәлге шекем келмеген муҳаббатты енди күтпеймен»... дейсиз бе? Онда жаслық күнлериңиз ўақыт самалында бийҳуўда суўырылған, онда өмириңиз мәнис-мағанасыз, онда өмириңиз бийкар өткен екен. Бундай жүреклер—ийеси көшип кеткен, ҳүўилдеп бос қалған, қараң қалған үйге жүдә-жүдә уқсайды... Бундай үйде әлбетте, қуўаныш жоқ, тәшўиш жоқ, бундай үйде әлбетте, тиришилик жоқ, өзин-өзи сезиниў жоқ.

Қызлардың-жигитлердиң бир-бирине ашық-машықлығы қандай жарасықлы, олардың ҳеш те оғашлығы жоқ. Жудә бир ерси көринип турған жери көринбейди. Оларды ҳүрмет етиўимиз, муҳаббатларын улығлаўымыз керек. Усындй муҳаббатты басынан кеширген ҳәр бир адам, ҳәр бир жүрек ийеси, досларына, туўылған жерине,өмирге, пүткил адамзатқа ашық болып, солардың қуўанышы, солардың қайғысы менен жасағай. Ал бундай муҳаббатты көрмеген, билмеген, сезбеген, басынан кеширмеген жүреклердиң басқа нәрселерге муҳаббаты бар дегенге де ҳеш-ҳеш исенип болмайды. Ондай жүреклердиң, ондай тиллердиң сөзлегени жалған, еткен барлық ҳүрмет-иззәтлери де жүзеки.

Сиз, өмириңизде не болған, не қойған, алдыңызға, изиңизге сер салып байқастырып көргенсиз бе? Өмир деген ниң, жаслық дегенниң инсанға тек бир мәртебе ғана берилетуғыны аян емес пе?

...Бирақ енди оларды онша көп елестире бермең? Ҳәзир олардың өмиринде бәҳәрден де ағла әжайып пасыллар бар. Бул пасылда илаҳийда қуяш, бул пасыл хоширей гүллери менен, серхош бүлбиллери менен гөззаллық дүньясында жасап атыр.

Олар, ҳәзир, муҳаббат жасында!..

## АҚҚУЎ

Сен ҳаққында айтыўым керек, Аққуў! Өзиң ҳаққындағы жүрек сезимлеримди ақ - қағазларға, сөзлерге бермесем жалғыз өзиме аўырлық ететуғын болып тур. Сен ҳаққында ойланыўым керек, әрман етиўим керек. Мәгар,

бундай етиўге ҳақым жоқ та шығар? Бул тек, меннен шешилетуғын нәрсе емес ғой, ақыры. Айтпайын десем де айтыў керектей, ойламайын, әрман етпейин десем де, ойламаў, әрман етпеў, тоқ етери усындай гөззаллықты жан-тәниң менен берилип сүймеўдиң өзи мүмкин еместей. Сен ҳаққында айтыўым керек. Сениң әжайып сулыў ҳүсниңди улығлаўым керек, Аққуў!

Сени қуслар патшасы деп бийкар атамаған екен, Аққуў! Тәбият сулыўлық үлестиргенде саған жүдә ийип кетипти. Аўа, сен жүдә-жүдә бахытлы болыўың керек. Мынандай сулыўлық саҳибжамалы бола тура бахытсыз болыў... Қой, қой жаным! Оның аты тилге басылмасын, оның жолы армаған! Сулыўлық бахытын берерде қолы ашықлық еткен тәбият ығбал бахтыңды да ойлағанды? Аппақ гене Аққуўым! Ҳәмме көзлер саған дилгир, кеўиллерде бир аппақ, бир сулыў сезим, бир шийрин қыял болып жасайсаң. Олар сени көргенде ғой желпинисип қалады, сол күн, сол мәўритлерди көпке шекем умыта алмай еске алып жүреди. Аппақ гене аққуў, усы сениң расыңда да әрманың бар ма?

Әрманларым көп дейсең бе? Қаншелли сулыў болсаң, әрманларың да соншелли дәрежеде ме? Онда, сеннен әрманлы жан болмаўы керек ғой, бул әлемде? Жәқ, жәқ! Әрманның гөззаллыққа, ямаса шырайсызлыққа ҳеш те қатнасы жоқ. Тек, бир нәрсеге, әрман—өмирди түсинип, сүйип жасаўға талпындыратуғынын, әрмансызлық тоқтап қалыў, жоқ бола баслаў екенине исенимим кәмил. Сонда сендеги қандай әрманлар болды екен?

Расында да бурын аңғармаған екенмен.

Сениң көзлеринде тек шадлы күлки, сезимлерге тез тәсир еткиш әжайып нурлар ғана болады деп ойлаппан. Аўа, мен қәтелескен сыяқлыман. Сениң өмиринҗе де ғам саясы түсип үлгергени ме? Кишкене ғана жүрегиң дәртли ме еди, сен муңлымедиң, аппақ гене Аққуўым-аў?!

Сулыўлардың қардары көп. Сулыўлықты ҳүрмет етиўшилер, қызық етиўшилер көп, сулыўлықтың душпаны да көп. Көзлердиң, жүреклердиң, кеўиллердиң қуўанышы болып, ушқан аспаныңның, жүзген көллериңниң жарасығы болып жүре берсең еди? Сен өзиңниң қандай көрикли екенинди онша билмейсеңаў, — деймен. Оны, мен билемен. Оны, әтирапында пәрўана болыўшылар жақсы таныйды. Сен айнадай тынық мөлдир суўға бир қыя бағып, өзинди өзиң көрип-танығаның мақул болар еди, Аққуў!

Аққуўым! Қайталанбайтуғын бул әжайып пасыллар — сениң сондай бахытлы күнлериң болыў керек? Сениң ҳеш шаршамастан-талмастан сулыў қанатларың көкти қушып, шарқ урып ушатуғын шағларың. Өзи де, кеўли де әл-ҳаўалап жүрген Аққуў! Сен ҳаққындағы сезимлер ийримине түсип ғарқ болып кетпей турып өзиме де, сөзиме де тыйым салайын енди. Болмаса, қәпелимде өзиңе ашық болып қаларман, Аққуў!?

## КӨЗЛЕРИҢ—КЕЎИЛИҢНИҢ ТЕРЕЗЕЛЕРИ

Сениң көзлериң... Мисли, мисли... Оларды неге теңеўди билмеймен. Қайсы бир нәрселерге уқсатпақшы болып талай мәрте оқталдым, лекин...

Олар — сениң жан сарайыңның айнасы, кеўилиңниң тып-тынық мөлдир аспаны. Кеўилиңниң — не ойлап, не айтқанын жазып баратуғын хаткерлери. Көкирегиңниң—түсиндирме сөзлик китабы, дәптери ҳәм қәлеми.

Көзлердиң—илҳамлы, қанатлы сөзлерин, саз етип, қосық айтқанын, наз ҳәм жилўаларын үнсиз ғана тыңлаўдың соншама рәҳәтлилигин-әй... Бирақ, оларды шийрин тилли, бүлбил ҳаўазлы, гүл шырайлы дегенге ким исене қояр дейсең? Мен және тәкирар етемен; бундай серхош зибан — ҳеш бир гүлде, ҳеш бир сайрағыш бүлбилде де, ҳеш бир дилўаршешенде де, ҳеш бир сулыўлықта да жоқ екенине басқаларды да исендирмек ушын өзиңнен баслап ҳәмме-ҳәмме сөзлерге, ушқыр ойларға мүрәжәт етип, олардан жәрдем сорайман, мәдет күтемен. Ақыры, олар аўқамласа қойса сондай қудиретли күшке ийе емес пе?

Сениң көзлериң — жүрегиңниң жарқыраған қос терезеси. Усы илаҳийда шуғла шашатуғын терезелердиң жарық сәўлеси түскен сезимлерим бурынғыдан да бетер аппақ-аппақ болып, көкирек арнасында бурынғыдан да лепирип тасып, бурынғыдан да бетер лапылдап жанып атырғандай.

Мәйли, не болса болсын. Бирақ, мен, жүрегиңниң, кеўилиңниң усы суп-сулыў, усы сырлы терезелери алдында көзлеримди сатып телмириўим менен қалып баратырман...

## ТЕК, ҚОЛЛАРЫМЫЗ ҚУШАҚЛАСЫП КӨРИСКЕН...

Мен сеннен кеширим сорамақшыман. Саған рухсатсыз қосықлар арнап, көзлериңе ти-

гилип қарағаным ушын, сени өзиңнен рухсатсыз ойлап, өзимди өзиңе жақын тутқаным ушын....

Мени әпиў етиўиңди өтиниш етемен. Себеби, жүрегиме атың жазылып қалған. Сен өз исмиңниң қай жер болса сол жерде жазылып, ким болса соның тилине, ким болса соның көзине түсе бергенин қәлемессең, бәлким?

Лекин, сенлик сезимлер жақтыға талпынысқан көзсиз гүбелеклердей мени таслап кете алмай әтирапымда айланшықлайды. Қайта-қайта зибаныма, қайта-қайта ойыма ораласаң. Соның ушын да, өзимди гүнәкар сезинип, өзимнен-өзим қысылып-қымтырылып атырғаным...

Бәлким, усы бир болмағыр сөзлерим ушын да айыпқа буйырарсаң?.. Бундай демекке қалай батылы жетти, алағадасыз кеўилиме неге ғулғула салды деп те жазғырарсаң? Сен мениң ой-қыялларым дәргайына келгели оның аспаны астындасаң, оның ушқыр қанатларындасаң. Сен онда бир пурсатқа да қалғың келмес, бирақ мен сени түсирип жибере алмайман. Сени оннан түсириў қыйын, менин ушын буннан асқан азап болмайды, ызаланыў-хорланыў болмайды. Сен оннан түспей-ақ қойғанда, оннан кетпей-ақ қойғанда не қылады, енди?...

Мени кешир! Тап ҳәзир уяттан нарттай қызарып кеткен шығарман? Қыялларымда сениң менен не қылмадым, не әйши-әшрәтлер сүрмедим, кеўилим не-не дәртлерге шалығып, не-не қуўанышларға кенелмеди дейсең? Жамалыңа мийрим қанғанша тойып-тойып қарап, ләблериңнен көзлериңнен, жүзлериңнен терип-терип шийрин-шийрин поса алғанман.

Аш белиңнен қушырлана қушып, күйип-жанғанмаған. Ҳақыйқатында да усындай болған деп, ойларыма тоқылып қалған алдамшы қыялларыма гейде өзим де исенип қалатуғыным бар.

Жәқ-жәқ! Булардың бәри-бәри де ҳеш-ҳеш болмаған, тек кеўилимнен кешкен алдамшы елеслер. Мен сени сүйе алмадым. Ол, ол ғой; саған ҳәтте бир аўыз да сөз қата алмадым. Сениң мубәрек қолларың менен қушақласып көрисиў бахтына миясар болған, сениң қолларың тийген қолларымды ғана сүйип отырман.





# ЕГЕР, ЕСЛЕЙ АЛСАҢ МЕНИ ЕСЛЕП ЖҮР!?

## *Жаслығым, сен мени таслап барасаң...*

**Нурназар Қәллибеков намасы**

Муҳаббат ҳаққында бираз жырларым,
Жыр емес, ол мениң жүрек сырларым,
Алынар ўақ келди гүллер қырманын,
Жаслығым, сен мени таслап барасаң!

Сени ойлай берип кеўлим езилди,
Саған айталдым ба, айтар сөзимди,
Шадлыққа паянсыз дилгир көзимди,—
Жангенем, сен бүгин жаслап барасаң.

Бул жолда көп екен өткел, дығырық
Оннан жүрип емес, өттим жүгирип,
Қыл қыймас жан достым жүзиң үгирип,
Мәгар, ең соңғы рет лаплап барасаң.

Хош қалыңлар, арзыў-шәменлер ели,
Бүгин айнымалы тәғдирдиң жели,
Ығызып барар мен минген кемени,
Жаслығым, сен мени таслап барасаң!

## *Дым, сулыў-аў.. сениң күлгениң...*

**Зийўатдин Лепесов намасы**

Тәбияттың бәҳәри-жазы,
Өмиримиздиң қосығы, сазы,

Гөззаллардың жилўасы-назы,
Бәринен де сулыў күлгениң.

Өңиринде еки тумарың,
Қарай берсем, кетип қумарым...
Әпиў еткил бизди нигарым,
Дым сулыў-аў, сениң күлгениң.

Алмадайсаң уўылжып пискен,
Салтанатлы назлы жүрислер,
Төгилгендей алтын-гүмислер,
Бир әжайып сениң күлгениң.

Бар әтирап нурға малынар,
Бар кеўиллер жаўлап алынар,
Көзлер саған үнсиз жалынар,
Қандай жақсы сениң күлгениң!

## *Сени излеп келермен еле...*

**Шарапатдин Пахратдинов намасы**

Бүгин сениң көзиңе бағып,
Кетер болдым жанымды жағып,
Кеўилиңниң есигин қағып,
Аңсап, излеп келермен еле...

Муҳаббаттың—әрман бағы бар,
Шадлық, соңыра гүңгирт жағы бар,
Жүреклерден кетпес дағы бар,
Талай азап шегермен еле.

Тили сүжик, беллери талма,
Сен ойыңа алмасаң, алма...
Жалбарынып, қол созған ҳалда
Түслериңе енермен еле.

Ҳәр дем ядқа аларман мәгар,
Жолына из саларман мәгар,
Жан дүньяңда қаларман мәгар,
Гүл боларман көгерген еле!

## *Суўға барған қыз*

**Марат Қурбанбаев намасы**

Шекеринде суўың шайпалмас,
Басқан қәдемлериң байқалмас,
Кесип түсер нәзериң алмас,
Ғыжлап турған шоқтай ләблериң.

Көкиреклер қушақ жайысып,
Сезимлерге қалар байысып,
Қыпша белиң кем-кем майысып
Талып-талып келер қолларың.

Бүлкил қаға̄р аппақ тамағың,
Тойып, тоймай саған қарадым,
Ҳәр басылған сайын аяғың,
Сүйип-сүйип қалар жолларың.

Гүл-гүл дөнип барар жүзлериң,
Қыйын болды-аў нәзер үзбегим...
Сезимлерим саған паяндоз,
Жүрегимде қалар излериң!

## *Қызыл қум*

**Нәжимаддин Муҳаммеддинов намасы**

Бабалар ат сүрип өткен жер,
Журт талай тәрк әйлеп кеткен жер,
Соң ығбал-бахытқа жеткен жер,
Дәўирлер тәрийпи Қызыл қум.

Уллы қум, нурлы қум бизиң қум,
Жоллары, қоллары узын қум,
Мудам гүл жайнасын жүзиң қум
Қызыл қум, Қызыл қум, Қызыл қум!

Халқымның кеўлиндей кеңлигиң,
Пейлиндей—ойың ҳәм дөңлигиң,
Бәршеге бар әжеп теңлигиң,
Күн меҳри қыздырған Қызыл қум.

Ардақлы Ана қум, нурлы қум,
Жүреги шерли қум, жырлы қум,
Сен Шопан ата, сен сырлы қум,
Қызыл қум, Қызыл қум, Қызыл қум!

## *Көзлериңди унаттым сениң...*

**Қурбанбай Зәретдинов намасы**

Сен гүлмедиң жаңа ашылған,
Жупар леби нурдай шашылған,
Кетким келмей қалды қасыңнан,
Көзлериңди унаттым сениң.

Жан дүньяңды мәгар, аңладым
Арыўлықта сени таңладым,
Қыялымда саздай жаңладың,
Сөзлериңди унаттым сениң.

Тымсалысаң бәҳәрдиң, жаздың
Таңы нағыз бүлбил ҳаўазын,
Қәлем қаслым, жилўалы-назлым,
Ай жүзиңди унаттым сениң.

Өмиримде сен нурлы шырақ,
Кеўил жақын, арамыз жырақ,

Аңсап, излеп өтермен, бирақ,
Жүрегимди жылаттың мениң!..

## *Он сегиз жас*

**Қәдирбай Ҳилалов намасы**

Жулдыз гөзлер, минер пырақ,
Қыял елтип кетер жырақ,
Жүрегинде жанар шырақ,
Қус пәрўазлы он сегиз жас.

Қыз патшадур, жигит ўәзир,
Бири мәртлик, бириси ҳүр,
Жолларына төселмиш нур,
Жүзи гүл-гүл он сегиз жас.

Жаслық бағындағы әрман,
Қулпы дөнип ғумша жарған,
Аҳыў-зары сәўер ярдан,
Лебиз күткен он сегиз жас.

Сөзи, көзинде мәргия,
Тек бир мәўрит бағар қыя...
Ушар кетер, қалар уя,
Егленбейди-аў, он сегиз жас!

Ҳижран... Дийдар... Шийрин поса,
Жүрек-баўыры қызыл жоса
Ышқы толы алтын кеса,
Қуралай көз он сегиз жас.

Муҳаббат,—дер пәк гүли бар,
Сайрағыш серхош тили бар,
Көксинде йош бүлбили бар,
Бағы-бостан он сегиз жас!

## *Бәҳәр ҳәм сен*

Мақсет Дошбаев намасы

Бәҳәр—сениң сулыў жанарың,
Жүрегимди турар қыздырып.
Наз ҳәйкелин тақтың жананым,
Тек, сыртыңнан бақтым шулғынып.

Ҳүрден ағла қәдди-қәўметиң,
Бәҳәр киби жайнап киятсаң.
Инам етер едим ҳәммесин,
Бул дүньяда нени унатсаң.

Толқынласар назлы күлкиңнен,
Бәҳәр тоқып қурған шымылдық.
Ақ тамағың тур-аў бүлкилдеп,
Алмадайсаң пискен уўылжып.

Отырыппан жулдыз жамылып,
Әҳ, арыў қыз! Көзде қуңқарым...
Таңларымыз атар тамылжып,
Бәҳәр, бахытым, келгил инкәрым!

## *Егер, еслей алсаң мени еслеп жүр?!*

Қәдирбай Ҳилалов намасы

Жүрегимде көптен бир түрли ҳалат,
Ойларым шырпынсып қағысар қанат,
Сен бир көзи жаслы дәртли муҳаббат,
Егер, еслей алсаң мени еслеп жүр?!

Бәлким умытқансаң, бәлким ядыңда,
Биз еле тентене ышқың дағында,

Жасап қалғым келер кеўил бағында,
Егер, еслей алсаң мени еслеп жүр?!

Ойларсаң, гүл паслы бәҳәр келгенде,
Қыяллар шаршатып, тәшўиш жеңгенде,
Жаным, сени излер—тәним өлгенде ,
Егер, еслей алсаң мени еслеп жүр?!

Бул тағдир ислери не деген жөнсиз,
Ышқым—жалаң аяқ, жол жоқ тикенсиз.
Жасармыз, —сен менсиз, мен енди сенсиз....
Егер, еслей алсаң мени еслеп жүр?!

## *Сен маған кереексең!..*

**Турсынбай Жолдасов намасы**

Ақ қағазлар зәрүр қәлемге,
Ай менен Күн зәрүр әлемге,
Ғәрип ашық зар Шаҳсәнемге,
Жүрегиме—сен яр, керексең!

Гөззаллықты таныўым ушын,
Қосық пенен қалыўым ушын,
Өшип қалмай жаныўым ушын,
Муҳаббат, сен маған керексең!

Жан дүньямның қуяшы—көзиң,
Исмиң болды тек айтар сөзим,
Жойытпаў ушын өзимди-өзим,
Сәўгили яр маған керексең!

Мен өзимди таныўым ушын,
Қосық пенен қалыўым ушын,
Пәк ышқында жаныўым ушын,
Жүрегиме—сен яр, керексең!

## *Туўылған күн*

**Орынбай Мәмешов намасы**

Қутлы болсын айтаман жаным,
Бүгин сениң туўылған күниң.
Бул қосығым өзиңе деген,—
Бирақ, жетип бармаған гүлим...

Бәлким, көптен күйип-жанбаған,
Жүрегиңди қайтадан өртер.
Бул гүл—ышқы, бәҳәрден белги,
Жан дүньяңда гүллер көгертер.

Дийдарыңды сағындым жаным,
Жолларыңа қарайман бүгин.
Бул қосығым өзиңе деген,—
Бирақ, жетип бармаған гүлим.

Жетсе усы қосығым саған,
Кеўлим сырын әйлегей баян!
Бүгин сениң туўылған күниң,
Жаным, қутлы болсын айтаман!

## *Сени ойламаған гезим жоқ...*

**Зийўатдин Лепесов намасы**

Ғам қусына көксим уя болып тур,
Жолың бизден бираз қыя болып тур,
Ышқың—қосығыма сыя болып тур,
Бирақ, бул сезимней ағла сезим жоқ.

Гүнәкар шығарман, мәйли, тиллегил
Тиллегил, ҳалыма лекин күлмегил,

Қеўилиң есигин иштен илмегил,
Ҳазарың болса да, ҳеш ўақ безиў жоқ.

Пешем емес еди кеўилге тийиў,
Жүрегим дәртидур—аҳ урыў, сүйиў,
Саған жайнаў, маған жазылмыш күйиў...
Мениң сени ойламаған гезим жоқ.

Ай жүзинде гирбиң бултын көширме,
Кеўилиңниң жақсылық нурын өширме,
Алдыңда дад еттим кешир, кешир ме...
Гүнәм сүйгенимдур... басқа сөзим жоқ!

## *Қызларға*

**Нурназар Қәллибеков намасы**

Қандай әрман ойыңызда,
Мин болмасын бойыңызда,
Қар жаўмағай тойыңызда,
Қуп жарассын барғаныңыз.

Ярың, ғошшақ-сулыў болсын,
Ой-қыялы дүзиў болсын,
Жаныңызға жылыў болсын,
Жаңлап жүрек тарларыңыз.

Гүл бар жерден кетиў қыйын,
Бир қарамай өтиў қыйын,
Кеўлиңизге жетиў қыйын,
Тартар жилўа-назларыңыз.

Көз-көз етип көркиңизди,
Алып болып еркимизди,
Еситпессиз дәртимизди,
Сизлер баслы әрманымыз.

Мәйли, бираз бийик болың,
Аңшысы көп кийик болың,
Көргенлерге күйик болың,
Болың бәҳәр-жазларымыз.

Көллер қамыс-қопасыз ба,
Көп жигитлер опасыз ба,
Қызларжан-аў қапасыз ба?
Болсын садық ярларыңыз!

## *Қарақалпақстан*

**Әбдирейим Султанов намасы**

Кимлигиң, кимлигиң, кимлигиң яд ет...
Әрманлы бабалар руўхын шад ет,
Басқаға арыз етпе, өзиңе дад ет,
Қарақалпақстан, турғыл орныңнан!?

Бул аспан сеники, бул Жер сеники,
Бул қара шаңарақ, бул төр сеники,
Ел деп еңиреген бул Ер сеники,
Өз еркиңди өзиң берме қолыңнан?!

Қашанғы кисиниң қолына қарап,
Өзиңниң мүлкиңди өзгеден сорап,
Тек, көз жас төгиўге жүрмиз бе жарап...
Ел-журтың тайғанап өтсе жолыңнан?!

Мойның сынып кетер... Басыңды көтер,
Аўыр болса да өз тасыңды көтер,
Сонша қол қаўсырып турғаның жетер...
Қарақалпақстан, қозғал, орныңнан?!..

## *Сен бəҳəрге, гүлге мегзерсең...*

**Ғаныйбай Аманиязов намасы**

Гүл көгерер излериңе,
Қөзлер саған қарайды.
Сыйпап есер жипек самал,
Шашыңды нур тарайды.

Сулыў сезим нағысларын,
Назың менен сөзлерсең.
Я гүл сеннен үлги алған,
Я сен гүлге мегзерсең.

Саған айна керек пе екен,
Қумар көзлер айнадур.
Өз көркиңди көргиң келер,
Басқалар да шəйдадур.

Жүзиң нурлы таңға мегзер,
Жүрген жериң шəҳəрге.
Бəҳəр саған жүдə уқсар,
Сен гүл ашқан бəҳəрге.

## *Қарындасларыма*

**Қəдирбай Ҳилалов намасы**

Жигиттиң қызғыштай қорыған ары,
Қеўлиниң—тапланған сезим тулпары,
Туўысқанлық көзлериниң қуңқары,
Жанымызға енген нур екенсиз ғой.

Саўашта парқ қылар ҳаслы жарақтың,
Қəдирин билерсиз шырақ-қарақтың,

Туўысқанлық деген нәўше дарақтың,
Ушына питкен бир гүл екенсиз ғой.

Шашыңды қос қоллап тарақладың-аў,
Өтмиш дәптерин көп парақладың-аў,
Биз қәйдем билейик қарақларым-аў,
Турысыңыз бенен муң екенсиз ғой.

Қеўлимиз сол шағды тез-тез излеткен,
Шадлық-шаўқыў тойдай, дәртти гизнеткен,
Балалық аталмыш-алтын дизбектен,
Биримлеп сытылған дүр екенсиз ғой!

## Бийтаныс қыз

Зийўатдин Лепесов намасы

Жамалы ай, исми-жисмиңиз кимдур,
Қара шашың түндур, көзлериң күндур
Тилиңиз бүлбилдур, қолларың гүлдур,
Жүрер жолларыңыз қайсы жағыс қыз?

Сүйрик бармақларың қыймылы нәзик,
Отыр ма әрманға жүрегиң сазып...
Көптен хошсыз еди кеўлим қулазып,
Кестесинен бетер өзи нағыс қыз.

Жипек сезимлерди жибиңе қосып,
Жаслық қосықларын отырсаң тоқып,
Қарағым, кестеңди көрейин оқып,
Мәгар, кеўил сөзиң бизге таныс қыз.

Әрманың тоқылып болсын ерин бе,
Биз күтип жүрсек те мәйли, көрин бе,
Сен мениң қосығым кестелеринде,
Толқыған, жилўалы-назлы ағыс қыз!

## *Мухаббат толғанысы*

**Қурбанбай Заретдинов намасы**

Нэзеримнен излеп жубаныш,
Көзлериме телмир ме мудам.
Кеўилимде мухаббат-нағыш
Ашығыңман, етпегил гуман.

Етип гуман, етпе гуман, бизден гуман?!

Дийдарыма қанар ма мийриң,—
Бэҳэр паслы, бир мийўалы бағ.
Сен ҳаққында қыяллар шийрин,—
Кеўилиңе түйме етип тақ.

Кеўилиңе, кеўилиңе, көксиңе тақ!

Неге керек соншелли налыш,
Неге керек соншелли гуман,
Нэзеримнен излеп жубаныш,
Көзлериме телмир ме мудам!

Жанып мудам, бағып мудам, бизден гуман!?

## *Мэңги шырақ*

**Шарапатдин Пахратдинов намасы**

Тынбай лаўлайды от,
тынбай лаўлайды.....
Бир муңлы, бир муңлы, шуўылдар таллар.
Тилкимленер түнлер, дэртли кеўиллер,
Бунда, гүзетиўде атады таңлар.

Жүреклер өртенер, еле төгилер,—
Әзиз Аналардың ғамлы көз жасы.

Жолларға қарайлар сарғайған жүзлер,
Өлим дастығына тийгенше басы...

Оларды көп күтти туўылған ели,
Үзилди, үзилди, үзилди үмитлер...
Киндик қаны тамған жерине қайтпады,
Шыйыршық атқан, не бир өримдей жигитлер!

Олар, халқы ушын қорған болғанлар,
Олар, ели ушын жанын бергенлер.
Олар, қазан урып гүлдей солғанлар,
Олар, бизиң жүрегимизге жерленген!...

## *Қайларда едиң, муҳаббат?..*

**Қәдирбай Ҳилалов намасы**

Гүл паслында ушырастық,
Ышқы бағында адастық,
Мени тәрк етерде жаслық,
Сен неге келдиң, муҳаббат?..

Тартарман ышқың зардабын,
Бунша көп екен қардарың.
Жүректиң нәзик тарларын,
Үздиң де кеттиң муҳаббат!

Бурын ҳеш кеўил бөлмедиң,
Сонша күткенде келмедиң.
Еглендиң, неге еглендиң...
Қайларда едиң, муҳаббат?..

Гәде намақул сөз айтып,
Сезимлериңди ылайтып,
Қойған жоқпан ба муңайтып,
Мени әпиў ет, муҳббат?!

## *Наз ҳәйкелин таққан жанан көринди*

**Ғаныйбай Аманиязов намасы**

Сен хоширей гүлсең жупар ийисли,
Қәдирдан дос, яр боларсаң сүйикли,
Мәгар, мен өтермен енди күйикли,
Наз ҳәйкелин таққан жанан көринди.

Бармаққа түспеген гәўҳар жүзиксең,
Қаслары қыйылған, көзи сүзиксең,
Ашықлардың жүрек-баўырын үзипсең,
Кирпигиң оқ, қасың кәман көринди.

Көркиңди айнаға салған шығарсаң,
Шексиз қыялларға талған шығарсаң,
Сен-мен күткен бахыт, әрман шығарсаң,
Бийҳуўыш етер ҳүсни-жамал көринди.

Қәдемиңди сайлап басып жүрерсең,
Кеўилге ерке сезим болып кирерсең,
Қай ғош жигит пенен дәўраң сүрерсең,
Шадлы, салтанатлы заман көринди.

## *Сүйдирмесең, сүйдир ме...*

*(Халық қосығы тийкарында)*

**Орынбай Мәмешов намасы**

Үй алдында салма бар,
Жағасында алмалар...
Суў алмаға келерсең,
Қыпша бели талма яр.

Ағармады-аў кесем яр,
Нең кетер «яр» десең яр...
Қыя-қыя бақпайсаң,
Кеўлиң басқа мекен яр?!

*Нақыраты:*

Жап бойында таллар бар,
Жапырағында паллар бар,
Сүйдирмесең сүйдир ме,
Сүйдиретуғын ярлар бар!

Ғаз ҳәм қуўға айдын бар,
Мен жүзерге қайғым бар,
Бахыт-ығбал жолында,
Талай талай тайдым яр.

Назлы, назлы, назлым-әй,
Кеўли тиллә сазлым-әй...
Муҳаббатым дәрбәдәр,
Тәғдирге не жаздым-әй!?

*Нақыраты:*

Ышқы журты тар енди,
Мен сени деп зар енди,
Жалаң-аяқ, зер-зебил
Әрманларым бар енди...

Туттырмассаң кийик яр,
Не қылар-ем сүйип яр,
Ақылымда ҳайранлық...
Көзлериме күйик яр!

*Нақыраты:*

## *Қәдирдан устаз*

**Раман Султанов намасы**

Жүзинен нур тамған жыллы шырайы,
Жаздай жайма-шуўақ кеўил ырайы,
Шәкирт, оқыў десе жаны пидайы,
Устаз деген сиздей болады екен.

Кеўил бағыңыздың алтын есигин,
Қуяш күтип алар ашсадағы ким.
Әдиўли әкемдей таныйман бүгин,
Өмириңиз сулыў намалы екен.

Гүлсиз, адамларға шашқан жупарын,
Қанша шәкиртиң бар—қанша шәҳәриң,
Бәҳәр болып өнер, берген бәҳәриң,
Кеўлиңизде илҳам самалы екен.

Мийўасы сырғыған нурлы бағ болып,
Суўсынды қандырар бир булақ болып,
Бәрҳә жайнап-жаснап жасаң ҳақ болып
Заман ҳақыйқатлық заманы екен!

## *Хошласыў*

(романс)

**Қалбай Төлегенов намасы**

Кешир, соңғы рет қарайын саған,
Биз хош айтысармыз, ол күнлер жақын.
Гүнам болмаса да әпиў ет мени,
Сени сүймекликке жоқпеди ҳақым?..

Жүрегим өзиңди жоқлайды еле,
Жырақларсаң, ҳәтте жете алмайды хат.

Сол күнлер белгиси қосықларымның,
Айтылыўы ушын еткил рухсат!

Еглен бе, қасымнан өтип кетебер,
Тек және бир мәрте саған бағайын.
Жүрегимде қалсын көзлериң оты,
Сениң ҳижранында жанды жағайын.

Жүрек сени талай жоқлайды еле,
Жырақларсаң, ҳәтте жете алмайды хат.
Сол күнлер белгиси, тек қосығымның
Айтылыўы ушын еткил рухсат!

## *Мениң дәртли Әмиўдәрьямсаң...*

**Зийўатдин Лепесов намасы**

Заманым келди деп ағыўда един,
Бахыт шырақларын жағыўда един,
Бизге Ана болып бағыўда един,
Уллылығы менен исми жәриясаң.

Бойында сүрилип не бир дәўранлар,
Үстиңнен өткенди жыллар-кәрўанлар,
Сеннен саға алған қанша әрманлар,
Бүгин мәдет излеп, өзиң ҳайрансаң.

Баяғы ағыслы суўларың қайда,
Мойны бир гез аппақ қуўларың қайда,
Бизлерди Ана боп туўғаның қайда?..
Меҳирбаным, дәртли Әмиўдәрьямсаң.

Сен болмасаң, бүлбил болмас бағларда,
Қус түўе толы журт қалар дағларда,
Жүр қайтайық сол илҳамлы шағларға,
Қашан толқып-тасып, жаснап-жайнарсаң?!

## *Сен маған сүйемен деп единң...*

**Қалбай Төлегенов намасы**

Қанаты кесилип әрманлар,
Өзлерин отларға салған яр,
Кеўлимде дәрт болып қалған яр,
Сен маған сүйемен деп единң.

Өтермен айралық дағында,
Бул күнлер айланар сағымға,
Сол ақшам алма бағында,
Сен маған сүйемен деп единң.

Сен мени күтиўде бол жаным,
Жолыңа уласар жолларым,
Изиңнен созылған қолларым,
Сен маған сүйемен деп единң.

Мөлдиреп қуралай көзлериң,
Посадан туншыққан гезлериң...
Бунша не баўрымды езгениң,
Сен маған сүйемен деп единң!?

## *Гүлара*

**Кәдирбай Ҳилалов намасы**

Жүрегиң саз-сәўбет пенен көңиллес,
Ойнақы ҳаўазың шадлыққа үнлес,
Йош ели өзиңдек пәрийди билмес,
Қосықлар ишинде қосық Гүлара.

Мүбәрек жамалың айдек мүнауўар,
Көзиң жан дүньяңнан елтеди хабар,

Бир өзи қырқ сулыў қызға барабар,
Жананлар ишинде жанан Гүлара.

Ашықлар кеўлинде таң болып аттың,
Мен де сен деп жанды келеди сатқым...
Дәртли жүреклерди үнсиз жылаттың,
Әрманлар ишинде әрман Гүлара.

Мегзеп Әмиўдиң ақ қуба ғазына,
Алдыр ма сайядлар салған базына,
Жаным сүйинши болғай жалғыз назыңа,
Сулыўлар ишинде сулыў Гүлара!

## *Сен жақсы қызсаң*

**Шарапатдин Пахратдинов намасы**

Ҳаўазың кеўилге жағымлы тийер,
Мәгар, ашығың көп ышқыңда күйер,
Сүйип билмеслер де билместен сүйер,
Бундай да жилўалы жүрис болар ма?

Күлкиң мөлдир булақ сыңғырлысындай,
Журтты сағынтарсаң бәҳәр қусындай,
Қыз дегенниң бәри болса усындай,
Дүньяда әрманлы жигит болар ма?

Бунша көп болмаса, дос ҳәм танысың,
Буншама шырайлы кеўил нағысың,
Бир әжеп намадур нәзик даўысың,
Усындай гүллер де бир күн солар ма?

Гөззал ҳүсниң жаслығыңның бахтыдур,
Жанарыңда жаз таңындай жақты нур,
Ләблериң посаға инкәр ўақтыдур,
Көзлериң буншама, сулыў болар ма?

## *Саған, қарыйдар-ем...*

**Сағыйдулла Сайтов намасы**

Хоширейлим, гүлдей шырайлым,
Бир пурсатқа изге қайтқайсаң!
Қәлбим шөллеп күткен сөзлерди,
Қумар көзлер менен айтқайсаң?..

Қыялларым ғам қәпесинен,
Қалай шығар, қашан босанар.
Оты шығып турған лэбиңнен,
Эҳ, алсам бир шийрин посалар.

Қарыйдарман сендей перигe,
Яр бизди шад етсең не болды!
Ақ сийнеңе қойсам дейип бас,
Енди сабыр кесасы толды.

Сорамағыл, изиңде енди,
Тек телмирген көзлерим қалар.
Дэл басалмай кеўил перденди,
Жанып-жанып сөзлерим қалар!..

## *Жүрегимде көремен сени..*

**Орынбай Мэмешов намасы**

Бурын дэртсизлердиң бири едим,
Енди жанып жасар жүрегим,
Оны кимлер түсинеди, ким?..
Жүрегимде көремен сени.

Дослар опасызлығы жаман,
Сезимлерди езгилер тамам.

Усындайда керексең маған,
Жүрегимде көремен сени.

Сулыўлар ақылым алғанда,
Әрман қанатлары талғанда,
Өзим менен өзим қалғанда,
Жүрегимде көремен сени.

Сен бахыт бол мәйли өзгеге,
Қапа болғанымды сезбе де,..
Бул дүньядан кетер гезде де,
Жүрегимде көрермен сени!..

## *Бегжап - 1924...*

**Қалбай Төлегенов намасы**

Оларда бар еди қанша әрманлар,
Жүреклерде кетти қанша-қанша гәп.
Жаўлары қолында мылтық ҳәм қылыш,
Олардың қолында тек ғана китап.

Көзине қан толып жанталасқан жаў,
Азатлық сынды деп ойлады бийкар.
Миллионлар екенин билмес олардың,
Бири кетсе оны, жүзлегени бар.

Бир тутас денеге айланды олар,
Көзлерден от шашып жалынлады кек.
Сондай ғәзеп пенен тислер шықырлар,
Олар душпанларға көшпей қалған оқ.

Оларға мәнзиллер жеткизбей қойды,
Өмирлери күйди жоллары өрт-өрт...
Оқларға нышана ескексиз кеме,
Бегжап... Бир мың тоғыз жүз жигирма төрт!

Ўатанның өмирин узайтыў ушын,
Узақ болыў ушын азатлық өмир,
Олар жаслығын берди гүлдей жайнаған,
Ҳәзир сонлықтан да жолларымыз нур!

## *Ашық болғмаан ким бар?...*

**Зийўатдин Лепесов намасы**

Гүллерди сақлаўдан аўыр нәрсе жоқ,
Нәкасты жақлаўдан аўыр нәрсе жоқ,
Қызларды мақтаўдан тәўир нәрсе жоқ,
Сулыўлыққа бенде болмаған ким бар?

Жаслық көшелери қызыллы-жасыл,
Үмит жипеклери ҳасылдан, ҳасыл.
Муҳаббат паслындай жоқ шығар пасыл,
Бул бостанда сайран етпеген ким бар?

Өмир-ҳеш тарқамас бир қызық базар,
Хаткер тәғдир қыйлы намалар жазар,
Ышқы-муҳаббаттан шегермен ҳазар,
Кеўли ғамгүн болып өтпеген ким бар?

Зибан дер, үзилер ышқы өрмеги,
Ығбал тереземниң көзи пердели,
Яранлар, биз ҳәм бир кеўли зердели,
Ашық-машықларды қоллаған ким бар?..

## *Ҳәмме оны жақсы деседи*

**Қалбай Төлегенов намасы**

Усы қыздың қолы шыпалы,
Кеўлиндеги дәртти ысады,

Жан дуньясы бәҳәр мысалы,
Онан жипек самал еседи.

Көшетуғын әжел оқларын,
Көтерилген тәғдир тоқпағын,
Қайтарады,
ығбал соқпағын,
Шыпа бағыш нурға төседи.

Гул шырайлы, тартымлы сөзли,
Илгир зейин, көреген көзли,
Ашық-жарқын, сулыў минезли,
Излеринде гүллер өседи.

Сөзди шашып, гәде тақлайман,
Көп ҳақ сөйлер, дурысты жақлайман,
Усы қызды мен де мақтайман,
Ҳәмме оны жақсы деседи.

## *Наўрыз самалы*

**Шарапатдин Пахратдинов намасы**

Көгис сыйдам таллар бүртик жарыўда,
Тәбият кеўлинде бир хош сезим бар.
Гүз паслы әкеткен қуслар кәрўанын,
Бизиң жаққа ертип киятыр бәҳәр.

Қутлы мерекеге айтып көз айдын,
Сәлемим, тилегим, жүрек намам бар.
Наўрыз сейилине гүлдей жарасып,
Көркин көз-көз етер жигитлер-қызлар.

Кел сен бәҳәрия, кел сен доланып,
Жайнасын дуньяның жаслық жамалы.

Шадлық, мириўбетлик қосығын айтып,
Йошың толқынласқан бәҳәр самалы.

Қутлы мерекеге айтып көз айдын,
Сәлемим, тилегим, жүрек намам бар.
Наўрыз сейилинде гүлдей жарасық,
Көркин көз-көз етер жигитлер-қызлар.

## *Сени қайдан излеп, қайдан табарман?!*

**Кәдирбай Ҳилалов намасы**

Жолыңа көз саттым, жоқ болып турсаң,
Жүрегимде жанған шоқ болып турсаң,
Қайларғадур көшкен оқ болып турсаң,
Сени қайдан излеп, қайдан табарман?!

Курдас қызларыңнан сорарман, билмес...
Мәгар, енди ышқым жадырап-күлмес.
Тақатым тақ, кеўлим неге бүлинбес,
Сени қайдан излеп, қайдан табарман?!

Отлы сезимлерди кеўлиме дағлап,
Жаным аңсай берер сени сорағлап,
Қай шәменде жүрсең сайранлап-шағлап,
Сени қайдан излеп, қайдан табарман?!

Көзиң ушқынлары жанды жаныпған,
Кеўлим, кеўилиңди сезип-таныған.
Тәғдир, жүрегимди шад ет налыған,
Сени қайдан излеп, қайдан табарман?!

## *Қосығыма*

**Құралбай Бердақов намасы**

Жүреклерде буйығып жатқан,
Сезимлерге ушқын болып тий.
Қуяштай бол шуғласын шашқан,
Сулыўлықтың бар липасын кий.

Ырғалысар теңдей қос нәрўан,
Шақаларын суўларға малып.
Кең далада урады жәўлан,
Қарлығашлар қанаты талып.

Сылдырласып ағар булақлар,
Ойын қурар қулан-кийиклер.
Сағымланып бағар шырақлар,
Көз алдымда қанша бийиклер.

Сыңғырлаған гүмис күлкидей,
Ләззет әйле қосығым жанға.
Тыңлағанға болғыл сен сырлас,
Гүлдей жайна ашылған таңда.

Наҳақлыққа тўрма сен шыдап,
Салқын тартпаң, жаның-күйинип.
Жигит-қызға ҳәмдам бол мудам,
Бирин-бири сүйсин, сүйилип.

## *Муҳаббат ..*

**Марат Қурбанбаев намасы**

Сүйдим, сағындым, ойладым,
Кеўлиме терең бойладың,

Өмирге, саған тоймадым,
Сен маған бахыт, муҳаббат!

Мен емес онша төзимли,
Тежей алмаспан сезимди,
Бир көриў ушын көзиңди,
Сени изледим, муҳаббат!

Суңқар қанатын байлаттың,
Гүлдей қулпыртып-жайнаттың,
Бүлбилдей йошлы сайраттың,
Қосығым болдың, муҳаббат!

Жыр болдың жүрек сөзимде,
Нур болдың қарар көзимде,
Ойларға талған гезимде,—
Барар жерим сен, муҳаббат!

## *Замираш!...*

**Қәдирбай Ҳилалов намасы**

Зибаның сан муқам сазда сайрады,
Кеўлиң жипек киби, жаның жайдары,
Гүнайың не? Тәғдир тисин қайрады...
Өмириң липасын сөттиң, Замираш!

Таң сәҳәр... Жулдыздек болыпсаң ғайып,
Әрманың аҳ шегер шашларын жайып,
Ығбал айдынларың қалды ылайып,
Ҳижран азабын көп шектиң, Замираш!

Қыял атың талай үркип шегинди,
Ғам-дәрт арбасына мәгар, жегилди.
Гүллеген шағында гүлиң төгилди...
Ҳайран-ҳәсиретте өттиң Замираш!

Бүлбил жүрегиңе атып садағын,
Әжел тәрк әйлетти өмириң бағын.
Сынды, әрман толы алтын қадағың,
Көзлериң жаўтаңлап кеттиң, Замираш!

## *Әрман*

*(романс)*

**Қалбай Төлегенов намасы**

Сағынышыма шыпа әйлегил,
Көкирегим ғамнан жуўылсын.
Аш сүйиклим әрман әйнегин,
Нәўбәҳәрдиң таңы қубылсын.

Хошрейлим уйып тыңлайын,
Ышқы қосықларын айтып бер!
Тек тилеймен кеўлиң сынбаўын,
Бийқарарман, сен яр қайтып кел?

Бас ийгенмен қүдиретиңе,
Төздим сезим азапларына
Мен жетермен пәк нийетиме,
Миндим әрман қанатларына.

## *Келмейсең бе, сен?!*

**Қәдирбай Ҳилалов намасы**

Енди қайтып келмейсең бе, сен?!»
Қыйылдың кеп, дей алмадың «қал!»
Жүрегиңнен, нурлы көзиңнен,
Ләблериңнен берилди саўал.

Кеўлиң сазы, ышқы жуўабы,
Мени шийрин ойларға салды.

Сениң усы бир аўыз сөзиң,
Көкирегимде жаңғырып қалды.

Басқаларға мен бир жолаўшы,
Сениң ушын келгенмен арнап.
Рухсат еткил өтип турайын,
Есигиңниң алдынан ҳәр ўақ.

Пурсат өтпей қайтарман бунда,
Басқа жайда тақатым жоқ сәл.
Көзлеримнен недур излериң.
Ләблериңде бар еди саўал.

Сенлик ойлар қыйнайды мени,
Тақат таппас кеўил қарарым.
Әтирапымда бағысар маған,
Мың-мыңлаған нурлы жанарың!



# МАЗМУНЫ

## НАСРЫЙ ПОЭМА

**Әлўидаға муҳаббат, Әлўидағ!** 4

## НАСРЫЙ ҚОСЫҚЛАР

**Олар муҳаббат жасында** 88

Сиз муҳаббатты күтетуғын шығарсыз . . 89
Көзлер . . . . . 93
Ләблериң бир нәрсе демекшидей ме . . 95
Ботакөз . . . . . 97
Сени қушырлана сүйгиси келер . . . 99
Бахыт қусы . . . . . 101
«Дүнья...» . . . . . 102
Муҳаббат—пәкизе туйғылар жүреги . . 105
Сениң аяқларыңның ҳаўазы . . . 106
Айна алдындағы арыў . . . . 107
Олар муҳаббат жасында . . . . 109
Аққуў . . . . . . . 112
Көзлериң—жүрегиңниң терезелери . . 114
Тек, қолларымыз қушақласып көрискен . . 115

## НАМАЛЫ ҚОСЫҚЛАР

**Егер, еслей алсаң мени еслеп жүр!?** . . 118
Жаслығым, сен мени таслап барасаң . . 119
Дым, сулыў-аў... сениң күлгениң . . . 119
Сени излеп келермен еле . . . . 120
Суўға барған қыз . . . . . . 121
Қызыл қум . . . . . . 121
Көзлеринди унаттым сениң . . . . 122
Он сегиз жас . . . . . . 123
Бәҳәр ҳәм сен . . . . . . 124

Егер, еслей алсаң мени еслеп жүр 124
Сен маған керексең 125
Туўылған күн 126
Сени ойламаған гезим жоқ 126
Қызларға 127
Қарақалпақстан 128
Сен бәҳәрге, гүлге мегзерсең 129
Қарындасларыма 129
Бийтаныс қыз 130
Муҳаббат толғанысы 131
Мәңги шырақ 131
Қайларда един, муҳаббат 132
Наз ҳәйкелин таққан жанан көринди 133
Сүйдирмесең, сүйдир ме 133
Қәдирдаң устаз 135
Хошласыў 135
Мениң дәртли Әмиўдәрьямсаң 136
Сен маған сүйемен деп единң 137
Гүлара 137
Сен жақсы қызсаң 138
Саған қарыйдар-ем 139
Жүрегимде көремен сени 139
Бегжап—1924 140
Ашық болмаған ким бар 141
Ҳәмме оны жақсы деседи 141
Наўрыз самалы 142
Сени қайдан излеп, қайдап табарман 143
Қосығыма 144
Муҳаббат 144
Замираш 145
Әрман 146
Келмейсең бе, сен 146

**ХАЛИЛА ДАУЛЕТНАЗАРОВ**

*Прощай любовь, прощай...*

**(Прозаический поэма, прозаический стихи, песни)**

На каракалпакском языке

журнал «Арал»

Нукус—1993

Редакторы **Муратбай Нызанов**
Художниги **Исмайыл Қыдыров**
Тех. редакторы **Аманбай Кутыбаев**
Корректоры **Шыңғыс Дәўлетназаров**

Териўге берилген ўақты 15. 10. 1993-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақты 12. 11. 1993-жыл. Қағаз форматы 70x90$^{1}/_{32}$. Газеталық қағаз. Әдебий гарнитура. Кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 4,75 баспа табақ 5,56 шәртли баспа табақ 5,58 есап баспа табақ. Буйыртпа 393. Нусқасы 10000. Баҳасы шәртнама бойынша.

«Арал» журналы, 742000. Нөкис қаласы. Қарақалпақстан көшеси, 9.

ҚР баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң «Правда» газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы. Қарақалпақстан көшеси, 9.